

Antologi Cerkak Bengkel Sastra Jawa 2007

KIDUNG

MEGATRUH

Editor:

Y. Adhi Satiyoko

V. Risti Ratnawati

KIDUNG MEGATRUH

Antologi Cerkak Bengkel Sastra Jawa 2007

Editor:

Y. Adhi Satiyoko

V. Risti Ratnawati



Departemen Pendidikan Nasional
Pusat Bahasa
Balai Bahasa Yogyakarta

KIDUNG MEGATRUH

Antologi Cerkak Bengkel Sastra Jawa 2007

Editor:

Y. Adhi Satiyoko
V. Risti Ratnawati

Pracetak:

Tri Sumardi
Sri Handayani
Ninik Sri Handayani

Penerbit:

Departemen Pendidikan Nasional
Balai Bahasa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34 Yogyakarta 55224
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667

ISBN : 978-979-8477-23-2

Cetakan pertama

Tahun 2007

PURWAKA

Balai Bahasa Yogyakarta gadhah visi lan misi nggiyaken kridhaning basa lan sastra Jawi. Salah satunggalipun inggih menika ngadani Bengkel Sastra Jawa 2007 kangge siswa SLTA sakukuban kutha Yogyakarta kanthi kridha nyipta cerkak.

Sastra Jawi, dumugi samenika dereng saged ngrembaka gesangipun kados sastra Indonesia. Menawi mboten estu dipunsengkuyung mboten mokal sastra Jawi badhe kasilep dening pangaribawaning era globalisasi. Ewa semanten, panyengkuyungipun Balai Bahasa Yogyakarta menika ugi kedah laras kaliyan menapa ingkang dipuntindakaken dening sekolah-sekolah ing tlatah Ngayogyakarta. Kados mokal menawi namung Balai Bahasa kemawon ingkang ngawontenaken gladhen nglestantunaken sastra Jawi.

Bengkel Sastra Jawa 2007 menika dados ekstrakurikuler kangge kridhaning siswa sajawining sekolah. Sacara formal, ing sekolahan, para siswa temtu nggadhaui kuwajiban nyinau basa lan sastra Jawi. Sacara formal, Bengkel Sastra Jawa dados sarana lan papan ngasah wawasan lan kreatifitas siswa ingkang temen-temen ngudi dados 'sastrawan' Jawi. Mila mboten gampil kados malik epek-epeking tangan, nanging pengalaman siswa sesrawungan kaliyan para penggiyat lan pandhemen sastra Jawi ing Bengkel Sastra Jawa, kaangkah saged nyangoni para siswa langkung titis nyipta cerkak.

Antologi Kidung Megatruh, estunipun saged terbit amargi reka dayaning para siswa ingkang sampun dipungegulang ing 'kawah candradimuka' dening para tutor ingkang mumpuni babagan nyipta cerkak ing Bengkel Sastra Jawa 2007. Kula optimis, sastrawan ingkang pilih tandhing samangke kangge njagi lan nglestantunaken sastra Jawi ing babagan nyipta cerkak. Ayo, padha maju. Uriping Sastra Jawa ana ing tanganmu. Salam sastra.

Kepala Balai Bahasa Yogyakarta

Drs. Tirta Suwondo, M. Hum.

CECALA

Sastra Jawi menika gegayutan kaliyan “donyaning ukara”. Ateges samukawis ingkang gegayutan kaliyan seratan sastra kedah dipun cipta mawi rantamaning ukara endah. Bengkel Sastra Jawi 2007 ingkang dipun adani dening Balai Bahasa Yogyakarta dados salah satunggaling upaya nyengkuyung lestantunipun sastra Jawi kanthi nggegulang para mudha (siswa SLTA) minangka winih-winih semi ingkang unggul supados wasis nyipta cerkak.

Kridhaning pasinaon nyipta cerkak ingkang lumampah gangsal pepanggihan menika dereng saged dados pathokan kasil utawi gagalipun para siswa. Ewa semanten, pengalaman nyipta cerkak temtu badhe dados sangu nglajengaken lan mupuk bakating para siswa nyipta cerkak. Kanthi sabar lan tanpa kendhat, tutor ingkang mandhegani Bengkel Sastra Jawa menika nggegulang lan maringi seserepan nyipta cerkak ingkang sae. Asilipun, para siswa Bengkel saged ndamel cerkak kanthi gayanipun piyambak-piyambak. Antologi *Kidung Megatruh* kasil macak cerkak-cerkak pasarta Bengkel ingkang sampun dipunseleksi. Pengalaman nyerat, wawasan bab sastra mrabawani sanget seratanipun para siswa Bengkel. Tema-temanipun kathah ingkang gegayutan kaliyan donyaning para mudha, kadosta babagan katresnan, gegayuhaning lare sekolah, lan masalah kluwarga. Sinaosa antologi *Kidung Megatruh* menika dereng saged nggambaraken sawijining asil ingkang sampurna, nanging sampun nggambaraken asiling kridhaning para siswa. Terbitipun antologi *Kidung Megatruh* menika dede pungkasaning kridha para siswa dados “sastrawan”, nanging dados purwakaning lampah anggenipun para siswa nggladhi pengalamanipun supados langkung “luwes” lelumban ing donyaning sastra Jawi.

Wusana, kula aturaken panuwun ingkang ageng dhumateng kanca-kanca panitia, Mbak Risti Ratnawati, Mbak Ninik Sri Handayani, Mbak Sri Handayani, Pak Sugiharto, Pak Tri Sumadi, Pak Muslim, Pak Pargiyono, lan langkung-langkung tutor ingkang sampun “njungkir-walik” ngetog “kadigdayanipun” nggladhi pasarta Bengkel, Mas Dhanu Priyo Prabowo lan Mas Iman Budi Santoso. Sedaya menika saged lumampah sae awit panyengkuyung kanca-kanca. Amiiiiin. *Mokala ana cipta tanpa kridha, ana kridha tanpa karsa. Sulihana nama sira ing sastra Jawa.*

Salam sastra,
Yohanes Adhi Satiyoko

DAFTAR ISI

PURWAKA	3
CECALA	4
DAFTAR ISI	5
MITRAKU	6
SEWUNGKUS ROTI CILIK	12
KERAMPOKAN	20
TUMINDAK KANG BECIK	27
WOH DHONDHONG PINDHANE	31
PITULAS TAHUN	36
TRESNAKU NENG ENDI	42
LELUMBAN ING SAMUDRANING ATI	48
TEMEN TINEMU	53
OALAH BIYUNG-BIYUNG	60
BY	64
KORBAN	71
ORA SAENDAH PENGANGEN-ANGEN	74
PINTER MINTERI	78
DINA-DINA DINA	83
KENAPA AKU KUDU MELU KOWE	87
RAGAD	93
KORUPSI	100
SAIYEK SAEKA PRAYA	109
KIDUNG MEGATRUH	114
MBANGUN WAWASAN NULIS CERKAK	117
NULIS CERKAK KUWI KEPRIYE	119

MITRAKU

Fajar Kurniawan

"O alah iki to stasiun Tugu lagi pisan iki aku ngambah stasiun sing jarene Ibuku aneh," Swarane Andi neng sisihku. Mripate ndelengake papan neng ngarepe sinambi mesam-mesem.

"Ana apa ta kok mesammesem?" Pitakonku. "Kae lho, ana tulisan sing lucu banget neng blabak, yen ana penumpang sing ora nggawa karcis neng ndhuwur sepur bakal didenda tiket loro".

"Wah bener kowe yen ngono stasiun Tugu pancen aneh, ya," wangsulanku. Ora let suwe swara azan magrib wis keprungu. Aku lan Andi banjur sholat ana ing Mesjid stasiun. Sawise rampung sholat aku banjur nerusake laku.

"Ron, awake dhewe langsung njujug omahe Dedi opo arep ngisi weteng ndisik. Yen aku langsung wae amarga wis surup, aku wedi yen ora ana angkutan maneh." Panjalukku. "Awake dhewe numpak becak wae, ya?" wangsulane Andi karo mesem.

Kuwi tegese dheweke sarujuk. Sumilir angin ngeterke lakuku lan Andi numpak becak. Ora let suwe, becak sing dak tumpaki mandheg nang ngarep omah gedhe sing latare amba banget. Aku banjur nggugah Andi sing wiwit mau turu ing becak. Mripate kriyap-kriyip sajake isih ngatuk. Durung nganti aku uluk salam, saka njero omah ana wong lanang metu nyedaki Aku.

"Ayo kene padha mlebu, Aku bapake Dedi. Dedi wis ngenteni kawit mau, kono mlebu wae rasah isin-isin." mangkono Bapake Dedi mbagekake. Aku karo Andi banjur mlebu.

"Ee, Ron, ayo lungguh, wis tak enteni kawit mau," ujug-ujug Dedi metu mbagekake. "Ded iki kancaku sing arep ngangsu kawruh neng Yogya kene, jenenge Andi," aku ngenalke Andi marang Dedi.

Sajake sing nduwe omah wis nglegewa yen aku kesel banget. Aku lan Andi banjur dikon istirahat. Esuke aku pamit marang Dedi, arep golek kos-kosan.

"Ron, mandheg ndhisik, ya. Aku kesel." Andi ngejak aku mandheg neng ngarep cakruk RW 05, sebelahe warung mangan. Tiba kabeneran,

guluku rasane wis garing. Banjur aku pesen wedang jahe kanggo nelesi guluku.

“Pak, daerah mriki wonten kos-kosan mboten nggih?” pitakonku marang bakul angkriangan. “O, kebeneran, le. Bapak nduwe kos-kosan ora adoh seka kene.”

Ora let suwe, dina iku uga Aku lan Andi niliki kos-kosane Pak Budi. Kebeneran papane kepenak lan regane murah. Andi sarujuk banget. Lakune wektu rasane cepet banget, ora krasa wis sesasi aku manggon neng kos-kosane Pak Budi. Saya suwe aku lan Andi saya akrab pasedulurane. Kanca-kancaku saya akeh amarga neng sekolahan aku aktif melu organisasi.

Kaya adat saben, budalan sekolah dalam ngarep kos rame banget, montor padha wira-wiri ngetan-ngulon. Setu iki, budal sekolah aku langsung bali nanging ora kaya adate Andi ora bali bareng aku. Dheweke pamit yen arep *nge-ben* karo kancane. Tekan kos swasanane sepi banget kaya kuburan. Aku ngisis neng ngarep kos sinambi nylonjorake sikil lan mepetake sirah ning tembok.

Ora kaya biyasane Andi anggone *nge-ben* suwe banget ora luwih seka rong jam. Nanging wis limang jam Andi ora bali-bali. Aku kuwatir Andi kena alangan neng ndalan. Ora nlegewa ana mobil mandheg neng ngarep kos. Aku seneng sawise weruh Andi mlebu neng kamar. Aku mung nyawang seka kamar, amarga dheweke langsung nutup lawang kamare. Awakku penasaran banget pengin ngerti Andi seka ngendi wae kok suwe banget, trus sing ngeterake bali sapa, agek pisan iki aku ndeleng kancane Andi sing neng njero mobil. Tak enteni nganti mbulane njedul, Andi ora metu-metu seka kamar.

Aku nyoba takon marang Andi, “Ndi, wingi seka ngendi wae kok jam enem lagi bali.” Andi mung mesem. Sawise tekan sekolah aku lan Andi mlebu kelase dhewe-dhewe. Neng njero kelas ketoke kanca sak bangkuku wis ngenteni tekaku, ora sabar ngenteni aku mlaku Doni banjur ngundang aku.

“Ron kene aku nduwe crita marang kowe,” Doni crita yen wingi awan dheweke ora sengaja weruh Andi karo kanca-kancane nongkrong sinambi udud neng ngarep omah suwung cedhak omahe. Aku kaget banget ngrungokake warta kuwi, amarga aku ora nyana yen Andi bakal kaya ngono. Aku coba mbela Andi,

“Kowe ora salah ndeleng pa, Don?”

“Yakin Ron, aku nduwe fotone.” Sawise ndeleng foto mau, aku ora iso

ngomong maneh sawise ngematake fotone Andi neng *HP*- ne Doni. Aku rumangsa salah ora iso ngawasi pasrawungane Andi.

Sawise Andi kenal karo bocah-bocah *band*, dheweke kerep lunga, pamite arep nggrap tugas. Ora nyana yen satemene Andi mung nongkrong karo kanca-kancane. Atiku penasaran karo lungane dheweke. Banjur aku ngetutake Andi. Beja dheweke ora krasa yen tak tutake. Andi mandheg neng ngarep omah suwung cedhak omahe Doni. Ning kana, kancane wis pada ngentereni. Aku ndelik neng njero warung, ngindik apa sing dilakoni Andi lan kancane. Aku ngelus dhadha sawise ndeleng dhewe Andi lan kanca-kancane padha ngudut lan ana sing lagi ngombe anggur. Aku ora nyana, Andi sing sejatine lugu bareng tepung karo bocah-bocah *band* dadi ndugal.

Ora krasa wis sesasi aku pindah neng Ngayogyakarta. Mesti papan kanggo *refreshing* wis tak ngentereni, kayata Ambarukma plaza, twenty one, Malioboro, lan liya-liyane. Saben Setu-Minggu aku karo Andi mesti lunga golek hiburan. Ananging awakku luwih kerep lunga neng Ambarukma Plaza, amarga kancaku duwe *café* ana kana. Aku seneng nongkrong neng *café*-ne Dodi karo kancaku sekolah. Aku, Andi, lan kanca-kanca lagi ngobrol, ana wong lanang nyela aku. “Ron, Ron,” Mripatku ngematake meja sing lete rada adoh seka mejaku. Wong lanang mau banjur nekani aku.

“Aku Rendi, kancamu dolan dhek neng Surabaya,”aku banjur kelingan sawise dheweke nyebutke jenenge. Sadurunge, aku ora ngerti yen Rendi sekolah neng Yogya. Saploke ketemu Rendi, Andi kerep banget lunga bareng.

Kaya biyasane yen arep lunga, Andi nyilih mobilku. Dina iki dheweke pamit arep lunga karo Rendi, sajane aku diajak nanging sirahku mumet. Dadine aku milih ngaso neng omah. Ora lali sadurunge lunga, dheweke ijolan *HP* karo aku, dheweke gengsi yen nggaggo *HP* sing lawas. Embuh kepriye sipate Andi malik sawise tepung karo kanca-kancane Rendi. Dheweke saiki seneng nongkrong neng *café*, malah krungu-krungu Andi wis nduwe pacar jenenge Ratih kancane Rendi. Aku durung tau tepung marang Ratih.

“Ron aku nyilih dhuwitmu seket ewu ya. Aku lagi *bokek*,” tembungge Andi sinambi maca *sms*, sajake saka pacare amarga katon raine sumringah. Dhuwit seket tak ulungake Andi, amarga telung sasi kepungkur aku nyilih dhuwit Andi nalika aku lagi *bokek*. Aku rumangsa kepotangan.

“Ron, aku lunga dhisik, ya, neng pesta ulang taune Rendi,” pamite Andi. Kudune bengi kuwi aku lunga bareng dheweke neng omahe Rendi. Ananging tugasku akeh banget amarga sesuk kudu ditumpuk. Gelem ra

gelem aku kudu nyenuk neng ngarep komputer. Mripatku saya kriyap-klriyip, wis meh jam sepuluh tugasku durung rampung. Amarga ngantuk banget awakku tak glethakake neng peturon.

Sore kuwi aku mlaku-mlaku neng ngarep taman sekolah. Ora sengaja mripatku ndeleng Andi karo kancane lagi lungguh. Dheweke lagi nyekel obat lan kancane ngombe anggur. Bareng tak cedhaki, jebul sing dicekel Andi kuwi narkoba. Ora tidha-tidha banjur tak rebut, ananging langsung direbut maneh karo Andi. Wusanane Andi lunga nggeblas ninggalke Aku. Atiku kelara-lara ngrasakke Andi lan kanca-kancane sing nge-*drug*. Mripatku banjur melek, untung wae aku mung ngimpi.

Aku ndedonga muga-muga anggonku ngimpi ora kedadeyan. Aku krungu swara mobil neng ngarep omah, ora salah maneh kuwi Andi. Aku mung nginjen baline Andi seka njero kamar. Daksawang-sawang mripate kembeng-kembeng. Mlebu kamar, dheweke langsung ngenep lawang kanthi jengkel. Aku banjur mapan turu maneh.

Dumadakan swara pitik kluruk nangekake aku. Mak-gragap aku thenger-thenger. Jendela kamar tak bukak. Hawa esuk kang adem krasa banget, srengenge wis wiwit mlethek, katon ebun nelesi wit-witan sing ijo royo-royo. Aku bola-bali nggugah Andi, ananging ora banjur tangi. Nganti aku arep mangkat sekolah dheweke iseh turu. Sidane aku mangkat sekolah dhisik. Aku wedi menawa telat maneh. Pandugaku titis dina kuwi, Andi ora mangkat sekolah. Mesthi wae aku ditakoni Pak guru.

“Ron kancamu kok ora ketok lara, po?”

“Mboten mangertos Pak, Kala wau pas kula bidal, Andi dereng tangi,” wangsulanku.

Sawise tekan kos aku kaget ndeleng mripate Andi kang njendhul. Rambute awul awulan. Dheweke sambat sirahe mumet banget sinambi tangane nyekel obat sing durung tak ngerteni, ananging aku cubriya obat kuwi dudu tamba lara. Aku kelingan sing tak weruhi neng TV. Obat neng tangene Andi kuwi memper kaya *sabu-sabu*. Aku saya kaget, kelingan yen obat kuwi padha karo sing tak impekake mau bengi. Aku bingung kepriye kudu nulungi Andi. Durung nganti aku nemokake cara kanggo nulungi Andi, ora let suwe Andi wis bregas maneh. Bubar kadadeyan kuwi, Andi crita menawa dheweke wis *kecanduan narkoba* wiwit neng Surabaya setaun kepungkur. Andi isa *kecanduan narkoba* amarga dheweke akeh ngendhem masalah.

“Dakkira narkoba bisa ngentasake aku seka masalah, kanyatane malah gawe rusak ragaku. Ananging aku ora nduwe kekuwatan kanggo

mareni nyandu. Sekolaku neng Yogya kuwi salah sawijining rakadaya supaya aku mari, saora-orane aku adoh saka kanca-kanca sing pada nyandhu. Budi dayaku meh kasil. Telung sasi neng Yogya aku ora kumat maneh, ananing dumadakan kabeh mau buyar mau bengi. Aku ora nyana menawa mau bengi wedang tehku dicampuri narkoba karo Amir," Andi ngudarasa.

"Ron, aku rasane gela teka neng pestane Rendi," Grenenge Andi mbacutake. "Yo wis lah, rasah dipikir. Sing penting kowe sethithik mbaka sethithik kudu nyuda anggonmu *nggelek narkoba*," pituturku marang Andi.

Andi janji yen arep nyuda narkoba lan golek kegiatan kanggo ngisi wektu kosong. Saiki Andi sregep melu *esksul*, wektune akeh dientekke ana sekolah. Alhamdulillah wis telung dina Andi ora *nggelek narkoba*, yen ana masalah, Andi langsung *curhat* marang kanca-kancane. Saiki saben diajak lunga Rendi mesti ora gelem, ana wae alasane. Dadine saiki ora tau nongkrong maneh neng café. Aku rada lega, ananging kudu tetep waspada. Andi durung mari tenan.

Jumat kuwi Andi ora nduwe dhuwit, SPP-ne kudu dilunasi minggu iki. Yen ora kertu ujiane disita wali kelas. Dheweke bingung banget. Aku ora isa nulungi amarga lagi *bokek*. Sirahe Andi samsaya mumet, karya tulise kudu ditumpuk Setu esuk. Amarga akeh pikiran penyakite Andi kumat. Dheweke mlayu neng omahe Rendi, biyasane Rendi nduwe *stock* obat akeh. Beja, Rendi ana neng omah. Amarga ora gablek ndhuwit Andi utang ndisik karo Rendi.

Neng njero kamar swasana panas banget, kaya bisane saben jam loro awan aku ngaso neng peturon. Durung nganti mak-ler dhadhaku seseg, ambeganku kempis-kempis. Penyakit asmaku kumat. Cilakane, oksigen lan obatku entek. Beja, Andi ujug-ujug teka. Aku banjur diplayokake neng Omah Sakit Sarjito. Aku diturokake neng UGD. Sakiwa tengenku akeh ubarampe medis. Dhadhaku ditempleki kabel-kabel, irungku dileboni selang cilik sing disambungke tabung oksigen. Awakku rasane lara kabeh. saking ora kuwat ngempet lan ora dakngerteni wis pirang jam aku ora eling.

Sing dak rasakke awakku entheng banget lan kepenak. Kanca-kancaku pada ngrubung peturanku. Daksawang, aku ora kepingin mbagekake kanca-kanca sing pada nangis sesengrukan. Wektu kuwi sawijining priyayi nganggo sansang putih aran Dr. Bambang ngendika,

"Teman anda saudara Roni telah meninggal dunia".

Aku rumangsa kepotangan budi marang Andi amarga dheweke

sing wus menehi pitulungan sasuwene ngekos bareng lan ngeterake aku nganti tekan kene. Aku uga wanti-wanti marang Andi supaya mareni anggone *nggelek*. Aku uga ora bisa maneh njaga dheweke kaya dhek wingi-wingi. Uneg-unegku taksokake marang kanca-kanca sing nunggoni aku neng ruangan mau. Nanging kabeh sing ana UGD ora pada nggagas. Ora ana sing krungu maneh omonganku sing saiki wis dadi sukma.



Fajar Kurniawan. Siswa MAN 11,
Jalan C.Simanjuntak 60, Yogyakarta.
Telepon (0274) 513327.
Lair: 19 Januari 1990, Alamat omah: Jetisharjo,
Jt II/326 RT.22, RW.05, Yogyakarta. Telepon
(0274) 7008149.
Hobi: ngrungokke radio lan nonton TV

SEWUNGKUS ROTI CILIK

Yessi Martha Sari

Awan-awan jam 2, aku lungguh dhewe ing kursi taman cedhak blumbang sekolahku. Sepi banget amarga kabeh bocah lan guru wis padha bali. Aku dhewe durung gelem bali amarga aku lagi kepengen crita karo iwak-iwak ing blumbang sangarepku ngenani gegayuhanku.

"Wak, Iwak, telung sasi kepungkur aku melu tes seleksi kanggo mlebu *MIT University*. Aku deg-degan banget, je. Satenane aku pancen duwe angen-angen bisa kuliah ing Amerika wiwit aku SD". Iwak mung megap-megap wae, kaya-kaya dheweke ngerti apa sing dakcritakake. Sanajan mengkono aku seneng wis bisa ngetokake uneg-uneging atiku. Nalika aku lagi ngalamun, dumadakan ana wong bengak-bengok.

"Nduk, kowe ketampa! Syukur marang Gusti, lha jebul kowe ketampa!" keprungu swarane guruku Bu Rani saka mburi rada adoh. Aku kaget banget, jebul isih ana wong ing sekolah. Dakkira wis ora ana wong. Nalika krungu swara mau, aku ora mudeng Bu Rani mbengoki sapa. Thingak-thinguk aku ora weruh wong sakliyané aku lan Bu Rani. Jebul Bu Rani mbengoki karo aku, ngabari menawa aku lolos seleksi kanggo beasiswa ing *MIT University* Amerika Serikat.

"Inggih napa, Bu. Ibu mangertos saking pundi?" pitakonku mbalesi saka adoh. "Saka Dinas Pendidikan Kota Wonosari" wangsulane Bu Rani karo mbengok. Aku bungah banget amarga sing dakkarepake bakal kasil. Aku nyedhaki lan nrangkul Bu Rani kenceng banget.

"Matur nuwun nggih, Bu. Kula syukur sanget marang Gusti Inggang Maha Kuwaos."

Nanging ora mung aku sing lolos seleksi. Sutris, Bejo, Suti, lan Bayu uga katut. Aku lan kanca-kancaku diwenehi penghargaan amarga dadi bocah saka kutha Wonosari, kabupaten Gunung Kidul sing bisa dadi mahasiswa ing *MIT* Amerika Serikat. Banjur aku pamit karo Bu Rani lan kandha karo iwak-iwak, "Wak, aku ketampa wak! Aku arep kuliah menyang Amerika! Wis, ya, aku bali ndhisik."

Sawise pamit karo iwak-iwak, aku cepet-cepet mlayu bali. Satekane nang omah, aku mlebu karo menggeh-menggeh, "Mbok, simbok!!! Kula ketampi!"

Atiku bungah banget, nanging simbok kang lagi nguleg lombok

ing pawon malah bingung, "Ana apa ta, Nduk? Bengak-bengok kaya ing alas wae!" Aku pancen ora kandha marang wong tuwaku yen aku melu seleksi telung sasi kepungkur lewat Dinas Pendidikan Pemkot Wonosari. Meneng-meneng aku arep gawe kejutan, aku pancen kepengen wong tuwaku mongkog marang aku. Banjur aku crita yen aku lolos seleksi kuwi. Ora nyana, simbokku malah langsung nangis.

"Walah, Nduk. Simbok bungah banget, Nduk. Pungkasane kowe dadi bocah pinter. sesuk mesthi kowe numpak motor mabur, ya!" Ujug-ujug simbok mlayu menyang kebon tela nemoni bapak kang lagi macul.

"Pak, anakmu, Pak!" Bapak mangsuli, "Anakku sing endi?" Simbok dadi menggeh-menggeh saking bungahe.

"Si Genduk arep numpak motor mabur. Arep kuliah ning Amerika."

Bapak langsung kaget, anggone macul mandeg lan ngulatake simbok. "Aku ora duwe dhuwit. Wis, to. Ora sah reka-reka. Kuliah ning Jogja wae yen kepengen kuliah." wangsulane Bapak.

Aku krungu bapak malah nesu-nesu marang simbokku. Banjur aku kandha, "Mboten, Pak. Kula pikantuk beasiswa saking *MIT University* Amerika Serikat." Bapak ujug-ujug nguncalke pacule, mlayu ngrangkul aku karo nangis.

"Sing tenan. Ora ngapusi Bapakmu, ta Nduk?" Aku manthuk-manthuk karo mesem. "Kowe arep mlebu fakultas apa, Nduk?" bapak nyuwun pirsaa.

"Kedhokteran kemawon, Pak. Kula kepingin dados dhokter supados saged ngobati Bapak kaliyan Simbok menawi masuk angin, he, he," wangsulanku karo ngguyu.

Bapak lan simbok uga melu ngguyu. Sawise kuwi, wong tuwaku lan wong tuwane kanca-kancaku kang padha arep menyang MIT, duwe gagasan nganakake syukuran. Kabeh ngadini yen syukurane ngundang bocah-bocah saka Panti Asuhan Kartini. Acarane mangan bareng ing Restoran Sagan, Jogja. Sinambi mangan bebarengan, aku ngobrol karo kanca-kancaku sing arep mangkat bareng aku menyang Amerika Serikat.

"Kanca-kanca, padha arep mlebu fakultas apa, ta?" pitakonku. "Aku psikologi wae, aku kepengen dadi psikolog. Nyinauni wong liya kuwi kepenak, lho," wangsulane Bayu.

Dheweke pancen wis mantep dadi psikolog. Bakate kuwi wis ketok saka watake, sikape marang aku lan kanca-kanca. Bayu iku sensitif banget, mikir lan tumindak mesthi nganggo pangrasa. Ora tau waton omong utawa ngece kancane. Saliyane kuwi, dheweke duwe kawigaten kang gedhe banget karo sakiwa-tengene. Beda maneh karo Bejo lan Suti.

"Lha kowe apa Sut?" pitakonku marang Suti. "Aku padha karo Bejo, njupuk fisika," ujare Suti. Bocah loro kuwi ketampa ing fakultas fisika.

"Tris, sliramu apa?" Bayu takon marang Sutris. "Teknologi Informatika," wangsulane sutris cekak banget. Dheweke ora seneng kumpul-kumpul, luwih seneng dhewekan. Sawise mangan bareng aku lan kanca-kancaku bali. Aku sakanca uga nyepakake paspor lan barang-barang kang prelu digawa sasi ngarep.

Saiki wektune mangkat sawise ngenteni sesasi. Aku sakanca wis tekan bandara Adi Sucipta jam pitu esuk, nanging montor mabure mangkat jam wolu seprapat. Wong tuwaku lan wong tuwane kanca-kancaku padha ngobrol. Aku sakanca uga padha omong-omong ing cedhak loket sinambi ngangkati barang sing arep dilebokake bagasi montor mabur.

"Surasane, aku sing paling pinter ing kene, amarga aku paling wasis fisika. Fisika kuwi angel lan mung bocah pinter wae kang bisa," ujare Bejo. "Yo jelas, ta. Contone uga aku iki, lho," umuke Suti. Aku ora gelem kalah, banjur aku melu omong.

"Apa iya. Kowe padha ngerti ora yen gajine dhokter kuwi gedhe banget. Lha kuwi pratandha yen dadi dhokter iku luwih angel tinimbang dadi fisikawan. Dhokter uga akeh pengabdiane tinimbang fisikawan."

Bayu banjur menahi panemune, "Yen miturut panemuku, kabeh kuwi duwe paedah lan karugiane." Aku nyaut maneh, "Ya ora, ta. Dadi dhokter kuwi ora ana kerugiyane. Akeh banget mampangate. Dadi fisikawan kuwi lagi akeh rugine. Mung mbuwang-mbuwang wektu kanggo mikir sing abot-abot."

Bayu ngandharake alesane, "Ora Nduk. Dhokter kuwi mengko arang duwe wektu karo kulawargane dhewe. Tanggung wangsulane uga gedhe banget." Sutris ora gelem komentar. Bocah kuwi mung meneng wae. Buneg ngrungokake wong padha sulaya. Dheweke banjur lunga mlaku-mlaku cedhak kaca ruang tunggu nyawang montor mabur kang lagi *landing* lan *take off*. Saking nggumune, nganthi mripate ora kedep lan cangkeme menga jembar kaya trowongan.

"Tris, bayem mingkem, Tris! Kelebon laler lho mengko!" aku ngelingake Sutris. Bejo banjur marani aku lan Sutris. "Heh, padha ngerti ora ngapa montor mabur sirahe digawe kaya mangkono?" pitakone Bejo.

"Lha embuh. Pancen kaya mangkono bentuke," wangsulanku. "Lha kuwi yen wong ora ngerti fisika. Pitakonan kaya mangkono wae ora ngerti. Bodho!" Bejo ngece aku.

Saka mburiku, Suti njujug mangsuli, "Sirahe montor mabur digawe rada lancip kanggo mbelah angin yen lagi mabur lan nyuda tekanan angin saka ngarep," wangsulane Suti. Suti lan Bejo banjur omong sajak umuk, "Ngene iki wong pinter fisika!"

Aku lan Sutris dadi jengkel marang bocah loro kuwi. Jeleh omongan karo Bejo lan Suti, aku mlaku marani Bapak lan Simbok kang lagi lungguh ning kursi tunggu.

"Pak, Mbok, nyuwun donga pangestu nggih, supados kula pikantuk sukses dados dhokter. Mangke kula sowan tilik Bapak kaliyan Simbok menawi prei. Bapak kaliyan Simbok ngersakke oleh-oleh menapa saking Amerika?" Krungu pitakonku, bapak lan simbok malah nangis banter banget nganti wong-wong ing ruang tunggu padha ngulatake.

"Welingku, kowe aja kaya mbakyumu, ya. Aja dadi bocah mbeling yen adoh saka wong tuwa. Kowe kudu bisa ngopeni awakmu dhewe," pesene Bapak. Bapak ngendika kaya mangkono kuwi jalaran mbakyuku adol narkoba sawektu nyambut gawe ing Batam. Bapakku ora gelem yen aku dadi kaya mbakyuku sing saiki ndekem ning penjara.

"Mengko yen kowe ana apa-apa, telpon Pakde Tole, ya. Aja lali. Ngati-ati ing kana, aja sembrono ya, Nduk!" Simbok ngelingake aku.

Sawetara wektu aku krungu wara-wara menawa montor mabur Garuda tumuju Jakarta, sing arep daktumpaki, wis teka. Aku pancen kudu transit menyang Jakarta dhisik amarga ora ana montor mabur saka Jogja kang ujug-ujug mabur menyang Amerika.

"Inggih, Pak, Mbok. Kula bidhal rumiyin, nggih. Montor maburipun sampun dhateng."

Krungu aku pamit, Bapak karo Simbok nangis saya banter kaya ora ngeklasake aku lunga. Suwi-suwi aku dadi trenyuh lan mbayangake yen urip adoh saka Bapak lan Simbok. Aku uga melu nangis ing sajroning ati, nanging aku tetep kudu mangkat. Aku kuliah supaya dadi dhokter uga

kanggo nyenengake wong tuwaku. Aku ora gelem yen wong tuwaku nduweni rasa keduwung. Sinambi mengo nyawang Bapak lan Simbok, aku mlaku alon tumuju lawang kang nyambungake ruang tunggu lan lapangan *lepas-landas*. Sawise tekan lawang aku nglambehake tangan marang Bapak lan Simbok. Wusanane, aku lan kanca-kancaku bisa ndemok montor mabur tenanan.

“Wah, jebul montor mabur kuwi gedhe banget, ya,” rerasanku sajroning ati. Aku sakanca banjur mlebu montor mabur kuwi.

“Weleh-weleh, kaya mangkene iki ta njerone montor mabur. Apik banget.” Grenenge Bayu. Suti nyauti banter, “Wooo, lha wong ndesa, ora tau numpak montor mabur.”

Bayu ngrasa isin banget karo wong-wong ing njero montor mabur kuwi. Dheweke uga lara ati jalaran Suti ngarani dheweke “wong ndesa”. Sawise nyelehake tas cilik ing bagasi nduwur, kabeh wong padha lungguh ing kursine dhewe-dhewe manut nomer kursi sing wis kacathet ing tiket. Aku lungguh ing antarane Suti lan Bayu. Dene Sutris lan Bejo lungguh ing mburiku. Sawise mapan lungguh, sawijining pramugari nerangake tata carane nganggo sabuk pengaman, pelampung, lan alat bantu pernapasan yen tekanar kabin mudhun.

Bayu ora nggathekake, malah ngomong wae karo Suti, “Sut, kowe kok omongane kaya mangkono, ta. Atos banget. Aku ya isin, nganthi wong sakmontor mabur krungu.” Suti ora ngrewes, malah nyawang njaba. Dheweke uga ora gelem njaluk ngapura.

“Iya, Sut. Kowe kuwi, lho. Mbok aja kebangeten kaya mangkono mau. Ora becik,” aku mbelani Bayu. “Walah, kaya ngono wae kok bingung. Ora susah isin. Pancen kowe kuwi wong ndesa, ta. Aku omong kayata saktene, ta!” wangsulane Suti.

“Iya kuwi Bayu sensitif banget, kaya mangkono ndadak dipikir tenanan. Pancen sanyatane kowe kuwi ndesa. Ora kaya aku, sanajan saka ndesa, aku wis kaping lima numpak montor mabur,” Bejo umuk banget.

Wah, kahanane dadi ora kepenak. Aku sakanca padha ribut dhewe, kajaba Sutris. Dheweke mung meneng, ora menehi komentar. Aku ngerti yen sakjane Sutris anyel banget marang aku sakanca.

“Tris, cangkemu kok delehake endi, ta? Ilang, pa?” ujure Bejo karo ngguyu cekakakan. “Jo, kowe ora ngerti, pa, yen Sutris kuwi ora duwe cangkem? Hahaha..... Dheweke kuwi patung mlaku!” ujure Suti madep Bejo ngece Sutris kang meneng wae.

Sawektu Suti lan Bejo ngguyu cekakakan, montor mabure ujug-ujug oleng lan lampune mati. Aku weruh swiwi kiwane montor mabur tugel separo. Kabeh wong ing montor mabur padha bengak-bengok kewedene. Aku uga bingung, nanging aku kelingan apa sing diparagakake karo pramugari mau. Langsung aku njupuk parasut lan pelampung ing ngisor kursiku.

"Kanca-kanca! Ayo jupuk parasut ing ngisor kursimu dhewe-dhewe!" Saking kewedene, nganthi padha ora bisa nganggo parasute. Aku nyoba tetep kalem ora wedi sinambi ndonga ing sajroning ati, "Duh, Gusti, paringana keslametan dhumateng sedaya penumpang, amin."

Ndilalah parasutku suwek. Aku gelo banget, "Waduh Gusti, kenging menapa kula kedah wangsul samenika." Sajroning kabingunganku, ana sawijining penumpang kang wis sepuh kang lungguh ing ngarepku ngulungake parasite.

"Jupuka parasit iki. Aku pengin mati ing kene wae. Kana gek metu!"
Aku bingung kok priyayi sepuh iki malah ora pengen slamet.

"Lha simbah, pripun?" pitakonku karo bingung. "Aku wis tuwa. Yen mati ora apa-apa. Bojo lan anakku uga wis ora ana. Kowe isih enom. Eman-eman yen mati. Mengko yen kowe wis slamet aja gelut karo kanca-kancamu meneh ya! Sing akur." welinge simbah sinambi ngulungi parasite.

Aku mikir yen simbah iki mesthi ngrungokake pasulayanku sakanca mau. Cepet-cepet aku nampa parasut kuwi, "Matur nuwun nggih, Mbah. Mugi-mugi Simbah mlebet suwarga."

Aku mlayu menyang pintu darurat sisih tengen. Siji-siji wong padha mlumpat saka montor mabur. Sakwektu aku arep mlumpat, aku nyawang simbah kuwi malah mesem marang aku lan nglambehake tangane. Babar pisan ora ana rasa wedi utawa kuwatir mati ing pasuryane. Beja, aku slamet tekan lemah.

"Gusti, paringana berkah dhumateng simbah kala wau ingkang nulungi kula." dongaku karo mbrebes mili.

Aku bingung kudu tumuju menyang endi. Ora ana wong, sepi banget. Aku uga ora ngerti aku ana ing endi. Aku ngadeg lan mlaku alon-alon nurut kali. Ora adoh aku mlaku, keprungu swara wong nangis. Kanthi rasa wedi, aku ora wani nyedhaki swara kuwi, nanging aku kepengin ngerti sapa sing nangis ing tengah alas iki. Daksawang saka adoh, jebule Bejo sing lagi nangis.

"Wis ayo mlaku, rasah nangis, awake dhewe kudu bisa metu saka alas iki." Aku ngajak Bejo mlaku bareng. Nanging Bejo malah tetep nangis, ora gelem ngadeg. Suwi-suwi aku anyel marang dheweke, "Manja banget, ta. Bocah gembeng."

Aku langsung mlayu marani Bejo, "Jo, ayo mlaku!" Bejo mung gedheg-gedheg karo ndungkluk. Dakdheleng jebul sikile Bejo sowek amba banget metu getihe. Cepet-cepet aku nyowek klambiku, dakubet-ubetke ing sikile Bejo.

"Ngapura ya, Jo. Aku ora ngerti yen jebul sikilmu lara." "Nduk, kowe mlaku wae dhewean, kowe kudu slamet, ora sah kuwatir marang aku." Bejo ngongkon aku sinambi menahi aku roti saka sak klambine.

"Iki roti kanggo sangu kowe ing dalan, tinggalen aku." aku rumangsa menawa Bejo kuwi bocah sing apikan banget. "Ora, aku bakal ngancani kowe, ngobati sikilmu nganti mari. Mengkop awake dhewe mlaku bareng metu saka alas iki." Bejo mung meneng wae karo nyawang aku. Rong dina aku urip karo Bejo, "Jo, iki rotimu. Kowe kudu mangan ben cepet mari." Aku ngongkon Bejo.

"Ora sah, aku ora ngelih. Kanggo kowe wae, Nduk. Aku ora gelem kowe lara."

Lagi pisan iki Bejo duwe kawigaten karo aku. Gelem ngalah lan ora egois kaya biyasane. Nanging aku ora tegel karo Bejo, aku uga ora gelem yen Bejo tambah lara. Banjur aku duwe ide, "Ya wis, rotine dipara loro ya, separo kanggo aku, separo kanggo kowe." Bejo manthuk-manthuk karo mesem. "Ya, kuwi luwih apik."

Pas lagi dakpangan, aku ora nyangka yen jebul roti cilik rega limang atus kuwi dadi krasa enak banget ing ilatku. Luwih enak rasane tinimbang yen mangan dhewe. Roti kuwi sing marai aku lan Bejo bisa akur, kamangka kuwi mung roti murah rega limangatusan. Sawise sikile Bejo rada mari, aku lan Bejo nerusake njajah alas. Ing dalan aku lan Bejo bisa akur banget, tulung-tinulung ing saben rekasa sing awake dhewe adhepi, mlaku bareng, nyabrang kali uga bareng. Malah bisa gojeg lan crita bab sing marai ngguyu.

"Nduk, ngapuranen aku, ya. Aku kerep marai kowe nesu lan anyel marang aku." Aku ngerti rasane bisa rukun karo mungsuhku. Wong sing kerep gelut karo aku. Embuh ngapa aku betah urip ing alas iki karo Bejo, sanajan biyasane aku crah karo Bejo.

Ora adoh anggone mlaku, aku lan Bejo ketemu karo helikopter tim SAR. Aku ngawe-awe lan ditulungi. Banjur aku sakloron digawa menyang omah sakit kanggo pengobatan. Syukur marang Gusti, wusanane aku lan Bejo bisa slamet lan dikirim langsung menyang *MIT University* Amerika Serikat karo Presiden RI.

Aku lan sakabehing wong ora ngerti nasibe korban liyane. Bangke montor mabure uga ora ditemokake. Mung aku lan bejo sing kecathet slamet. Muga-muga kanca-kancaku uga slamet lan aku nyaguh ora bakal crah meneh marang kanca-kancaku. Urip rukun kuwi gawe urip luwih kepenak.

Yessy Martha Sari, siswa SMA 3, PADMANABA,
Jalan Yos Sudarso 7, Yogyakarta.
Telepon (0274) 512856
Lair 9 Maret 1991. Alamat omah Badran ST I/ 774,
Yogyakarta. Telepon 081806836485.
Hobi: renang, maca, main game.

KERAMPOKAN

Ratna Istriyani

Esuk iku, kaya biyasane, Bu Ning tangi jam lima. Ananging Pak Tomo, bojone Bu Ning, isih kepenak anggone turu. Ora watara suwe, Bu Ning nggugah bojone kang durung tangi kuwi.

"Pak, mbok ya tangi! Sholat subuh dhisik!" tuture Bu Ning mrentah. Ora mangsuli apa-apa, Pak Tomo terus tangi lan sholat subuh. Dene Bu Ning nggugah aak-anake.

"Cah, ayo padha tangi. Wis jam lima. Gek ndang sholat subuh!"

Mangkono akone Bu Ning. Wiwin lan Agus ngucek-ucek mripate amarga isih aras-arasen lan ngantuk. Nanging, ora let suwe Wiwin lan Agus gage tangi, sabanjure sholat subuh jama'ah wong loro. Wiwin iku anake wedok Pak Tomo sing mbarep. Saiki wis kelas loro SMA. Dene Agus putra ragil lan saiki wis kelas siji SMP. Sawise bocah-bocah padha tangi, Bu Ning banjur nandangi gaweyane ing pawon gawe sarapan kanggo putra-putrane sadurunge menyang sekolah.

Ora kaya biyasane, sawise sholat Pak Tomo malah mapan turu maneh. Sajake lagi ora kepenak awake. Ngerteni bojone malah turu maneh, Bu Ning takon marang garwane iku.

"Jenengan ki ngapa ta, Pak? Mbok apa perlune, Makani pitik-pitike kae lho! Kok malahturu meneh!"

"Awakku ki gek ora kepenek je, Bu. Rasane pating greges kae.

Ora menyang mulang sikik kepiye ya, Bu?"

"Masuk angin napa, Pak?"

"Mbuh iki, kayane pancen iya."

"Mulane, yen adus aja tuman wengi-wengi! Ya wis turu maneh! Aku tak menyang pasar dhisik."

Pak Tomo turu maneh. Dene Bu Ning banjur tata-tata anggone arep lunga menyang pasar. Sawise rampung tata-tata lan gawe sarapan, Bu Ning tumuju pasar numpak pit onthel karo nyangking tas blanja kang rada gedhe. Ananging sadurunge menyang pasar Bu Ning pamit karo garwa lan putra-putrane.

"Pak...aku menyang dhisik. Nok, Le,...aja lali piringe diasahi!" Bu Ning banjur senthawing lunga.

Tekaning pasar, Bu Ning nyelehake pit onthele ing parkiran sandhing pasar. Bu Ning langsung tuku kebutuhan masak. Ndilalah, Bu Ning ketemu karo Bu Sri, garwane Pak Budi. Pak Budi iku kancane Pak Tomo ing koperasi. Padha dene anggota koperasi simpan pinjam. Wong loro nuli padha aruh-aruhan.

"Bu Ning, njenengan nggih blanja, ta?" aruhe Bu Sri. "Nggih, niki. Jenengan blanja napa ta, Bu?" "Blanja tempe kaliyan jajan pasar." "Kok kathah sanget, ajeng kangge napa, Bu?" "Kangge yasinan niku lho, Bu." Bu Ning mung meneng wae banjur ngrewangi Bu Sri anggone nata blanjane.

"Oo..injih, Pak Tomo sampun mendhet SHU dereng nggih, Bu?" pitakone Bu Sri sajak ngelingke. "SHU napa ta, Bu? Kok kula boten miring, nggih, babagan pembagian SHU. Sajake dereng. Pun seminggu bapake boten tindak dateng koperasi. Anu, margi kathah damelan wonten sabin. Pak Budi sampun mendhet, Bu?"

"Sampun kawit winginane, Bu."

"Angsale pinten?"

"Yen boten klentu kawan atus ewu, Bu."

"Ngantos dinten napa nggih, Bu? Kok kula boten miring babar blas."

"Sanjange Bapake wingi nika ngantos dinten niki, nanging yen boten klentu lho, Bu.

Nggih pun, kula ngrumiyini."

"Nggih, dherekke."

Bu Sri banjur ndhisiki. Dene Bu Ning isih golek janganan. Pasare sesak banget. Rebutan dalan. Suk-sukan. Akeh banget wong kang padha blanja. Mula Bu Ning golek panggonan kang mada sepi. Kepeneran ana kang sepi, banjur Bu Ning takon regane.

"Bayeme regine pinten sauntinge?" Bu Ning takon. "Menika gangsalatus, Bu." "Boten angsal kirang napa, Bu?" "Boten tawi, Bu." Bu Ning langsung wae nyelehake bayem iku lan nerusake milih-milih janganan liyane.

"Menawa sawine pinten niki?"

"Niku pitungatus."

"Kok larang, Bu?"

"Regine nggih pancen sementen je, Bu."

Bu Ning milih-milih janganan liyane sing mada apik. Sidane Bu Ning tuku bayem kang dienyang iku mau.

"Nggih, bayeme niku mawon!"

"Pinten unting, Bu?"

"Kaleh unting mawon." Sing dodol terus madhahake bayem kang dipilih Bu Ning. Ing omah, Pak Tomo isih ngamar. Ngerteni kaya ngono, Bu Ning age-age nggugah bojone.

"Pak, tangi!"

"Ana apa ta, Bu? Kok suwe banget, Bu?"

"Lha pasare kebak, dadine suwe. Pak, njenengan ki wis njupuk SHU durung?" "SHU apa, Bu? Aku ora krungu yen ana dum-duman SHU. Sing ngandhani sapa?" "Wau gek neng pasar aku ketemu karo Bu Sri, garwane Pak Budi kae lho. Dheweke kandha yen ana pembagian SHU. Pak Budi wis njupuk wingenane. Lokete mung ngladeni mung tekan dina iki." "Saiki jam pira, Bu?" "Jam setengah sanga." Pak Tomo age-age arep menyang koperasi, sanajan awake mada ora kepenak lan aras-arasen. Bu Ning mada kuwafir.

"Njenengan ki kok kesusu, ta? Mbok mengko dhisik, ngombe-ngombewedang anget. Jarene awake mada ra kepenak." "Saiki dina Jumat, ta? Koperasi iku bukake mung tekan jam sepuluh. Dadi kudu gasik. Aku mangkat dhisik ya, Bu?" pamite Pak Tomo nggeblas marani montore.

"Ya wis, ati-ati neng dalan ya, Pak," Bu Ning ngelingke bojone singditresnani iku. Lakune Pak Tomo menyang koperasi nganggo pitmontor sing lagi wae dituku enem sasi kepungkur kanthi Cash utawa lunas. Mangkono nek dheweke crita sejaraha montor iku marang tangga-tanggane.

Tekan koperasi, jebule bener apa kang angen-angenke Pak Tomo pas ana dalan. Swasanane rame banget. Pak Tomo antri, oleh jatah mburi dhewe. Penguruse ubeg ngladeni wong-wong kang arep jupuk SHU. Neng kono, Sajroning antri, Pak Tomo ketemu karo Pak Wajiman, kancane nyambut gawe.

"Mendhet SHU, Pak?" Pak Wajiman ndhisiki takon sinambi mundur. "Inggih niki, Pak. Njenengan sampun mendhet?" "Ooo..sampun," wangsulane Pak Wajiman sisan nggawa amplop warna putih lan sabanjure melu lungguh ing sandhinge Pak Tomo.

Pancen, kadingaren koperasi dina kuwi rame banget. Biyasane dina jumat kaya iku paling-paling mung wong telu utawa papat sing mara. Nanging swasanane pancen semrawut. Pak Tomo katon bingung. Wis sawetara suwene ananging dheweke durung ditimbali.

“Pun dangu kok kula dereng ditimbali nggih, Pak?” pitakone PakTomo marang Pak Wajiman. “Nggih ditengga rumiyin. Kula wau nggih nenggo dangu sanget. Kula ngantrine pun wiwit jam pitu wau.”

Pak Tomo mung manggut-manggut. Batine wis ora kepenak. Bola-bali Pak Tomo ndeleng jam tangane. Dinane wis saya awan. Marga wis kesuwen anggone nunggoni lan ngancani Pak Tomo, Pak Wajiman nedha pamit mulih.

“Nggih pun, kula ngrumiyini, ” pamite Pak Wajiman. “Ooo...nggih, dherekaken! Matur nuwun, Pak. Dikancani. Ngatos-atos!” “Nggih, matur nuwun ugi!”

Pak Wajiman banjur metu saka kantor koperasi iku, njupuk pit montore ing penitipan. Pak Tomo saya suwe saya kuwatir. Wektu wis nuduhake jam sanga luwih patang puluh sanga menit. Ananging isih ana wong pitu sing durung diladeni. Pak Tomo katon ora jenjem. Dheweke njenggirat ngadeg arep takon marang penguruse.

“Mbak, niki taksih dangu boten nggih?” pitakone Pak Tomo rada sora. “Sekedhap, Pak.”

Pak Tomo lungguh maneh. Marga nunggu kesuwen, awake Pak Tomo tambah pating greges lan ora kepenak. Dhasare mau esuk awake wis mada ora kepenak.

“Dhuh...tobat tenan. Kok ya ora gek cak-cek,” batine Pak Tomo nggrundel. Pak Tomo malah laku mrana-mrene sisan nunggu gilirane. Nanging dhasar Pak Tomo wis ora sabar nunggu, dheweke langsung nyeseg barisane wong-wong kang ana ing ngarep. Wong-wong ing baris ngarep iku padha muni-muni amarga ora trima yen Pak Tomo nyrubut.

“Ampun ngaten niku, Pak! Antri rumiyin!!”

“Kula namung ajeng tanglet, kok,” wangsulane Pak Tomo mbela awake dhewe. Bareng rumangsa ora kepenak karo wong-wong, Pak Tomo mundur. Pak Tomo trima meneng wae tinimbang dipisuhi wong akeh.

Ora krasa wis seprapat jam Pak Tomo nunggu. Isih ana wong loro maneh sing durung diladeni. Ora let suwe, Pak Tomo diundang jenenge dening penguruse.

“Pak Tomo...!!”

“Nggih, kula!”

Pak Tomo banjur maju menyang loket. Ing kono penguruse wis ngadhèp buku data anggota koperasi simpan pinjam. Penguruse ngulungke tangan njaluk kartu tandha anggota koperasi duweke Pak Tomo. Pak Tomo ngrogoh gembolane. Nanging kok ora tinemu. Pak Tomo dadi bingung. Pak Tomo lagi kelingan menawa kertune keru ing meja ruang tamu

“Mbak, kartu kula kantun teng griya. Yen kula mendhet riyin taksih kanthi boten?” “Lha koperasine ajeng tutup niku, Pak,” wangsulane penguruse koperasi. “Namung sekedhap, Mbak. Ditengga riyin nggih!” panjalukke Pak Tomo.

Penguruse rada mangkel marga Pak Tomo malah ngreputi lan nyuwen-nyuweni. Ewa semono, penguruse kepeksa tetep saguh ngenteni sanajan karo mbesengut. Pak Tomo gage mulih njupuk kertu anggotane sing keru ing ruang tamu. Pak Tomo ngebut. Bareng wis tekan ngomah, Pak Tomo kesusu nggoleki kartune ing ruang tamu. Rumangsa ganjil anggone ndelengake lakune Pak Tomo, Bu Ning banjur nakoni.

“Njenengan niku napa ta, Pak, kok katon bingung, kesusu? Sakjane nggoleki apa ta? Pripun, SHU-ne?” Pak Tomo mung meneng wae ora ngrewes pitakone bojone mung ubeg nggoleki kertu anggotane.

“Njenengan ki sakjane nggoleki apa, Pak? Entuk dhuwit kok malah bingung!” “Wis ta, Bu. Aku lagi nggoleki kertu anggota koperasi sing dakdekekake nang ndhuwur meja tamu. Ning kok ra ana. Kowe weruh ora, Bu?” “Oalah nggoleki iku ta? Kartune daksimpen ing lemari.” “Gek ndang dijupukke, Bu. Wektune mepet banget, ki!”

Tanpa takon, Bu Ning banjur njupukake kartu koperasi kang disimpen ing lemari jatine. Bareng wis ketemu banjur diwenehke marang Pak Tomo. Pak Tomo gage menyang koperasi maneh amarga kuwatir yen koperasine tutup. Tekane koperasi, jebul isih bukak. Pak Tomo langsung ngulungake kertune marang pengurus koperasi.

“Niki, Mbak,” omonge Pak Tomo menggos-menggos. Penguruse banjur nyathet jenenge Pak Tomo ing buku data anggota koperasi lan terus menehake amplop putih sing isine dhuwit SHU. Bareng wis nampa SHU-ne, Pak Tomo dadi ayam lan lali karo rasa kesele. Dene wis rampung anggone ngurus SHU, Pak Tomo banjur mulih. Pak Tomo njupuk motore kang diselehake ing ngarep kantor koperasi. Motor ditumpaki. Mbhruuuung...

Ora nggraita apa-apa, ing dalan Pak Tomo dicegat sawijining wong lanang. Pawakane rada enom, kira-kira umur wolulikiran. Wong iku njaluk tulung diterke menyang omahe sedulure.

"Pak, kula nyuwun tulung saged boten?"

"Wonten napa nggih, Mas?"

"Njenengan saged ngeterke kula teng griyane sedulur kula mboten? Kula niki boten ngertos tlatah ngriki, je. Mboten apal," kandhane wong iku sinambi nuduhake kertas kang isine dhenah.

Tanpa rasa cubriya, Pak Tomo saguh ngeterake wong iku ing papan kang dituju. Bareng wis wetara suwe, kok ora tekan-tekan ing papan kang dituju. Pangrasane Pak Tomo malah mung mubeng-mubeng. Sakjane, Pak Tomo wis ngrasa yen ana kang ora beres. Ananging Pak Tomo meneng wae.

"Taksih tebih Mas, griyane?" pitakone Pak Tomo. "Taksih, Pak."

Pak Tomo meneng maneh. Sawise tekan papan kang sepi, wong iku ngetokake parang, lan dipenetke ing gulune Pak Tomo. Pak Tomo kaget lan wedi.

"Ana apa ki?"

"Wis meneng wae, aja nglawan aku! Saiki mandheg!"

Pak Tomo ngendhegake montore ing pinggir dalan. Dheweke mudhun amarga dipeksa karo wong iku. Wong kuwi arep nggawa motore Pak Tomo. Nanging Pak Tomo nyaut, nggendholi tangane wong mau. Tangane Pak Tomo disabet nganggo parang, nganti getihe mancur tekan ngendi-endi. Pak Tomo ora duwe daya maneh. Lemes banget, ndheprok. Wong mau wusanane bisa nggawa mlayu montore. Ngerti montore digawa mlayu, Pak Tomo ngoyak wong iku lan bengok-bengok njaluk tulung sinambi nyekeli tangane sing gubras getih.

"Tulung....tuluuuuuuuung...!!" bengokane Pak Tomo memelas.

Ora ana wong babar pisan kang krungu, apamaneh nulungi. Ora let suwe, sasuwene wong sing nggondhol montor mau wis rada adoh, wong-wong lagi padha teka nulungi Pak Tomo. Ore let suwe, Pak Tomo semapat. Getihe wis kemacor tekan ngendi-endi. Wong-wong kang padha teka banjur nggawa Pak Tomo nyang omah sakit sacedhak kono.

Tekane omah sakit Pak Tomo dilebokke UGD. Kahanane nemen banget. Salah sijining wong kang nulungi Pak Tomo mau nggawa jakete Pak Tomo kang isi dompet. Ing dompet iku ana KTP-ne Pak Tomo. Wong kang nulungi Pak Tomo iku terus ngandhani keluwarengane Pak Tomo. Tekan ngarep ngomahe Pak Tomo, wong iku banjur ndhodhog lawang.

"Kula nuwun!!"

Bu Ning mbukakake lawange, ngaturi wong iku mlebu ing ruang tamu. Dikonlungguh.

“Wonten napa nggih, Mas? Ajeng madosi sinten?” pitakone Bu Ning. “Kula mriki ajeng ngabari menawi Pak Tomo sakniki wonten omah sakit,” omonge wong mau. “Innalilahi...kenging menapa, Mas?” “Wau dicilakani tiyang, Bu. Nggih sakniki jenengan mrika mawon sareng kaliyan kula.” “Oo..nggih.”

Bu Ning salin klambi banjur mara neng omah sakit diterke karo wong mau. Tekan ing omah sakit, Bu Ning ora tega ndelengake bojone kang lemes ora duwe daya. Pak Tomo mung bisa teturon ing tempat tidur lan tangane diperban. Mbokmenawa iku wis dadi pesthine Pak Tomo. Rekane golek rejeki kang ora sepiroa, nanging malah kelangan montor. Malah saiki kudu mondhok ing omah sakit.

Kocapa, wong kang nyilakani Pak Tomo kasil dicekel Polisi. nDilalahe, sawise nggawa mlayu montore Pak Tomo, wong iku kena cegatan Polisi Lalu-lintas. Amarga ora duwe STNK, wong iku banjur diglandhang neng kantor pulisi. Ing kantor pulisi wong iku diinterogasi dening pulisi cacah loro. Ananging wong iku ora ngaku yen motor mau dudu duwekke. Bareng ditakoni bola-bali, wong mau wusanane blaka menwa montor mau asile ngrampas. Marga kejiret kasus perampokan, wong iku dipenjara.



Ratna Istriyani, siswa SMA N 11,
Jalan A.M. Sangaji 50 Yogyakarta.
Telepon (0274) 565898.
Lair, 19 Maret 1991. Alamat omah Jayan, RT.04,
RW.25 Sukoharjo, Ngaglik, Sleman. Telepon
085228954022.
Hobi: nulis cerpen

TUMINDAK KANG BECIK

Tofan Santoso

Toi, anak soleh sing ngabekti marang wong tuwa lan sregep, uga seneng tetulung marang wong liya. Toi duwe kakang jenenge Harry sing kuliah semester enem, Fakultas Hukum. Toi dhewe isih SMA kelas telu. Bapake ora nyambut gawe lan ibune bukak warung ana omah. Keluwarga iki uripe mung saanane.

Dina Minggu awan Toi dipasrahi ibune kon nunggu warung amarga Ibu lan Bapakne arep tilik wong lara. Mas Harry lagi ana kompetisi bal-balan neng lapangan Sinduadi, dadi ora isa nunggu warung.

"Ora rame kaya wingi pas tak tunggu. Njuk kon ngapa iki?" pangucapane sebah. Saka kidul katon Ali mara menyang warung.

"I, tuku ndokke sekilo karo bakmine loro."

"Arep ngemi, po? Ndokke sekilo kok bakmine mung loro," pitakone Toi karo njupukke barang sing arep dituku. "Ho... o, Ha ming aku sing mangan. Ndokke dienggo masak ibuku sesuk-esuk."

Sawise didoli, Ali banjur lunga bali. Warung dadi sepi maneh. Toi dadi nglanggut maneh. Warung ditinggal dolanan komputer ning njero kamar. Mengko nek ana wong tuku lak ya bengok-bengok, pikire Toi. Ora let suwe ana wong bengok-bengok.

"I... Toi...Toi."

"Sekedap, Bu," wangsulane Toi. "Tumbas napa?" "Ana obat bodrek, Le?" pitakone Bu Wiwit "Kula padoske rumiyen."

Wadhah obat diabul-abul ning ora ketemu. Bu Wiwit banjur lunga. Toi bali mlebu omah maneh neruske dolanan komputer. Wis sakjam luwih Toi dolanan komputer rasane wis bosen. Dheweke dadi ngantuk, banjur keturon nganti magrib. Mripate melek sithik-sithik karo angop, lampu kamare wis murup lan jendela kamare wis ditutup. Toi banjur ngadeg mlaku menyang kamar mandi.

"Wis tangi, I?" pitakone ibu alus sinambi nutup warung. "E... Ibu. Kapan kondur?" "Wis kawit mau. Tak delok kowe wis turu, yo wis tak nengke wae." "Ha mboten wonten sing tumbas. Kula tilem mawon. Karepe sekedap nanging kebablasan."

Banjur Toi tumuju kamar mandi arep wudhu lan salat maghrib. Rampung neng kamar mandi, Toi manasi sego lan jangan kanggo mangan bengi. Ora let suwe, Mas Harry bali saka bal-balan. Wengi kuwi, keluwarga kuwi padha rembugan kanggo persiapan wisudane Mas Harry.

"Har, sesuk kancamu padha teka mrene ora?" pitakone ibune. "Paling rencang griya, Bu," wangsulane Harry "Mbak Lina melu ora, Mas?" pitakone Toi. "Munine arep melu," wangsulane Harry.

Jam sepuluh esuk iki sak keluwarga ditambah Mbak Lina arep nang kampus. Nang kana mung foto-foto lan ngenei ijazah. Sawise rampung sak keluwarga padha bali nang omah ngesanaake syukuran. Ndilalahe nang arep omah ana wong nunggu yaiku kancane mas Harry arep ngucapke slamat. Wusanane kancane padha mlebu omah lan mangan sega kuning bareng-bareng.

Sawise rampung kanca-kancane mas Harry isih dolan nang omah. Toi ora melu ngomong-ngomong nanging ngrewangi ibune nang mburi ngasahi piring lan gelas sing dianggo syukuran. Rampung asah-asah, Toi pamit karo ibune arep dolan nang kanca cerake.

"Bu, kula dolan nggih," pamite Toi. "Arep dolan nang Mbak kae, ya?" pitakone ibune sumeh. "He... he," wangsulane Toi karo ngguyu.

Limolas menit Toi teka nang omahe Ningrum. Ndilalahe Ningrum ana ing teras omah lagi maca buku. Ningrum bocah wadon enem belas taun, saiki dheweke SMA kelas loro. Toi kenal Ningrum wis setaun luwih, dadi saiki kanca cerak. Toi nang omahe Ningrum arep ngajak dolan.

"Assalamualaikum," Toi uluk salam. "Waalai kumsala," wangsulane Ningrum. "Lagi ngapa, Dek?" "Niki lagi maca cerkak karyane Pak Bambang." "Kadingaren Mas Toi mrene?"

Durung nganti mangsuli pitakone Ningrum, Bu Lia, ibune Ningrum njedul. Gragapan, Toi banjur nyauri Bu Lia.

"E...Nak Toi, kok suwe ora mrene?" pitakone Bu Lia. "Badhe nyaosi pirsu. Benjing wonten griya badhe ngadani sukuran, Bu," wangsulane Toi. "Duwe gawe apa?" "Sukuran kangge mas Harry ingkang sampun wisuda" "O... wisuda, njuk arep nglamar kerja nang ngendi?" "Badhe nglamar dados PNS." "Apik kuwi ya wis salam nggo Masmu. Gek kana diteruske."

Banjur Bu Lia ninggalake bocah loro. Toi langsung nerusake

omongane karo Ningrum.

“Aku mrene arep ngajak kowe metu, ana sing arep tak omongke,” pangajake Toi. “Yo wis, ayo. Kayane penting. Mas, nunggu dhisik aku arep ganti klambi.” Sawise ganti klambi Toi lan Ningrum pamit marang Bu Lia. Limang menit Toi lan Ningrum tekan Tamansari. Cah loro padha ngomongke sekolah.

“Dek, saiki Mas wis kelas telu. Mas njaluk dongane adek supaya Mas bisa lulus ujian,” jawabane Ningrum.

Let sakjam nang Tamansari, Toi lan Ningrum bali. Saka Tamansari Toi lan Ningrum mampir warung padha mangan soto nang daerah *alkid*. Sawise padha rampung mangan Toi lan Ningrum banjur bali.

“Assalamualaikum.”

“Walaikumsalam,” wangsulane Bu Lia. “Seka endi, Rum?” pitakone Bu Lia. “Kula saking maem ten warung,” wangsulane Ningrum. Tekan omah, Toi lan Ningrum ngomong-ngomong saperlune, banjur pamit.

“Bu kula badhe wangsul rumiyin.”

“Ati-ati, I,” wangsulane Bu Lia.

“Dek, Mas, bali sek, ya.”

“Ati-ati mas.”

Jam lima sore, Toi tekan omahe. Motor dileboke nang jero omah. Toi banjur nemoni Mas Harry.

“Saka endi, I,” pitakone Mas Harry “”Aku saka dolan nang kancaku, Mas,” wangsulane Toi. “Ya wis, lek adus kana aja lali salat maghrib karo mangan.”

Toi banjur tumuju kamar mandi adus. Rampung adus, Toi njupuk banyu kanggo wudlu arep salat maghrib. Toi njaluk donga Gusti Allah supaya bisa ngarap ujian sesuk lan lulus kanthi apik. Sawise rampung salat, Toi tumuju nang pawon arep mangan. Wes rampung Toi nemoni ibune njaluk donga supaya bisa lulus ujian.

Wengi iku Toi njekut sinau nang kamar. Ujiane telung dina. Sing diujianke yaiku Basa Indonesia, Basa Inggris, lan Ekonomi/Akuntansi. Telung dina Toi nggarap soal ujian, alhamdulillah Toi isa ngrampungke. Toi banjur dek-dekan soale lulus ora. Ditunggu-tunggu pirang dina ndilalaha gurune Toi teka nang omahe nggawa surat kanggo Toi.

Surate banjur dibukak karo ibune. Ibune langsung kaget lan atine seneng banget amarga Toi lulus ujian. Ibune langsung ngekekke surate nang Toi. Toi banjur kaget lan nduwe rasa seneng banget amarga lulus ujian. Toi langsung matur nuwun kaleh Gusti Allah amarga lulus ujian.



Tofan Santoso, siswa SMA Taman Madya.
Jalan Pakuningratan no.34A., Yogyakarta.
Telepon (0274) 517522.
Lair: 15 Januari 1990. Alamat omah, Nandan,
Jetisharjo, Ngaglik, Sleman. Telepon 08180273944.

WOH DHONDHONG PINDHANE

Nafra Faila Luvi Murchelina

Iki patrape wong semugih. Wong kang ora kena kesenggol barang darbeke, disemayani wae nesu. Angger dijaluki sumbangan methithil gothil. Status duda, umure udakara 76 taun, wis tuwa nanging isih pethakilan.

Ana unen-unen “gaplek pringkilane” yaiku wong wis tuwek pethakilan. Ujare pengen rabi maneh, nanging ora bisa ngopeni anak bojone sing mbok tuwa. Rabi kaping telu, sing nomer siji anank-anak sedosin mati sanga, kaping pindho gabuk ora duwe keturunan lan sing kaping telu anak-anak cacaha papat ndhilalahe pekok-pekok kabeh. Iki isih mbahku dhewe, sanajan mbahku dhewe ora isa kena kanggo patuladhan marang putune. Dina minggu awan ana wong njaluk sumbangan marang mbah Noyo.

“Mbah, kula nyuwun sumbangan kangge ndandosi sumur umum ingkang simbah ndherek ngangge,” panjaluke Bu Sarti. “Ora ndhuwe dhit, dodol ora payu!” swarane mbah Noyo nggugah wong turu awan. Wusana sing njaluk sumbangan bali, nggonduk.

“Wah, Mbah Noyo kae angger dijaluki sumbangan ora tau ngenei mung malah ngethak-ngethak. Aku dadi kagol njaluk maneh,” pituture Bu Sarti melas marang wong liya. “Alah kowe kan wis ngerti dhewe watakke Mbah Noyo kaya ngono kok isih mbok jalukki. Kan mantune wis weling nek ana sumbangan apa-apa njaluk karo dhekne wae,” wangsulane Bu Atun.

“O iyo yo aku lali. Yo wis saiki aku tak neng omahe Bu Tinah wae.”

Mbah Noyo iki wong tuwa sing ora ngerti piye carane nggedhekke anak, mung waton duwe anak akeh. Anakke mung dipakani sak anane waton wareg, nek lara dinengke wae lan masalah sekolah ora tau diurus. Urusan sandhangan mesthi ngamuk-ngamuk. Karepe anakke kon nggoleke dhewe-dhewe kabeh.

“Pak, kula tumbaske klambi nggeh,” panjulukke Sarto.

“Klambi akeh-akeh ki nggo opa? Mbok kowe ki nek pengen apa-apa nggolek dhuwit dhewe.” Sarto banjur meneng sawise diwangsulni ngono lan nglayap embuh nang ngendi.

Rebo awan bali dodol, Mbah Noyo bengak-bengok sambat lara. Ndhilalahe nang omah ora ana anakke, dheweke tambah nesu lan misuh-

misuh.

“Iyung alah iyung awak kok koyo ngene, wis dodol ya ora payu,” sambate Mbah Noyo. Mbah Noyo bengak-bengok ngundang lan nggoleki Sarto, nanging ora ketemu. Mbah Noyo tambah ngamuk, banjur mbah Noyo takon marang mantune kang omahe ana ing jejere. Nanging mantune ya ora ngerti.

Limang menit sawise Sarto tekan liwat ngarep omahku karo ngombe es. Bapakne weruh Sarto ngamuk-ngamuk. Sarto ya mung bisaa wae, sajakke wis lumrah pendhak dina diamuk-amuk. Aku lan ibuku ngguyu ndhelengke tingkahe Sarto sing ngguya-ngguyu diamuk bapakne.

Keluwargaku lan tangga teparo wis ora gumun yen Mbah Noyo bengak-bengok utawa ngamuk-ngamuk. Yo wis dasare wong tuwa, sipate malih maneh kaya bocah. Karepe kudu diladeni nek ora pangamuke kaya bocah cilik sing ora keturunan panjaluke.

Wis seminggu Mbah Noyo ora isa tangi lan sambat lara. Awake adem panas, watuk-watuk lan mutah getih. Keluwargaku bingung, sakmenika dudu sing pertamane nanging jenenge sedulur lara ya kepikiran. Mbah Noyo kerep lara sesasine wae isa diitung. Ya pancen wis tuwa, nanging larane saiki luwih nemen. Mbah Noyo paling ora bisa ora nyedhot pipane sedina wae. Ngendhikane dhokter kon nglereni rokoke nanging ngeyel.

Durung mari seka larane, bojo enome Mbah Noyo teka. Arepe mbah Noyo lara nanging Mbah Ngapiyah ora ngapa-ngapa, ora gelem ngrumat utawa ngladeni. Dheweke mung seneng karo badhane Mbah Noyo, nanging Mbah Noyo tetep seneng. Nganti warisane Mbah Noyo didol kanggo nukokake omaha. Sing ngrawat malah anak saka bojo tuwa. Nunggoni karo ngladeni Mbah Noyo nganti Bapakku ora isa turu amarga Mbah Noyo sithik-sithik sambat lara. Angger Bapakku menyat sedilit, Mbah Ngapiyah mesti ngundang.

“Mur...Mur bapakmu kae arep ngapa. Kowe diundang!” celuke mbah Ngapiyah. Pak Mursi ora semaur mung waton nyeraki mbah Noyo.

“Badhe menapa, Pak?” pitakone Pak Mursi.

“Aku arep nang pekiwan.”

“Nggeh, mangga kulo bopong.”

Pak Mursi banjur mbopong Mbah Noyo menyang pekiwan. Bali saka pekiwan, Pak Mursi ndekekekake mbah Noyo ana ing peturune maneh.

"Mur... kowe ki ora usah nang ngendi-endi, mengko nek Bapakmu arep butuh apa-apa ndak aku bingung goleki kowe." Pak Mursi mung meneng wae ninggalake Mbah Noyo lan Mbah Ngapiyah tumuju omahe.

"Bu... gentian kana sing jaga Bapak isih seneng karo mbah Ngapiyah. Ya wis mengko gentian ibu. Ya wis kana Bapak dhahar lan sare dhisik," wangsulane Bu Tinah kalem.

"Menapa Bapak dinten Setu dalu mboten pamit?" pitakone Bu Tinah "Ora sempet!" wangsulane Mbah Noyo alon. "Lan menapa sampun kondur, biyasane seminggu teng rika?" "Awakku ora enak maneh, dadi aku bali" "Nggeh pun Bapak istirahat mawon"

Pasuryan pucet, kringete metu akeh lan watuk-watuk. Mbah Noyo ora aleman, pancen dheweke lara. Mbah Noyo banjur ninggalake Bu Tinah tumuju omahe arep ngglethakake awake.

Saka omah krungu sambate Mbah Noyo, jero banget. Kaya nahan lara sing neman banget. Bu Tinah banjur cepet-cepet nemoni maratuwane. Nang omah ditemoni Mbah Noyo sing wis ambruk. Bu Tinah sing ndelengke Mbah Noyo bingung, kringet adem metu, lan awake gemeter. Bu Tinah ora isa ngapa-ngapa, arep njunjung ora kuat, isane mung bengak-bengok njaluk tulung. Sarto sing lagi gawe wedang kaget, gelase pecah. Banjur Sarto mlayu nemuni Bu Tinah sing njaluk tulung. Nang kana ditemoni Bu Tinah sing coba njunjung Mbah Noyo sing semaput, nanging ora isa.

"Bapak menapa niki, Mbak, kok nganti ambruk?" pitakone Sarto gemeter. "Ora ngerti. Aku tekan kene Bapak wis ambruk, yo mau cen sambat lara karo aku. Aku ora ngira ngasi kaya ngene. Yo wis ayo gek dibopong bareng, awake adem banget," pangajake Bu Tinah nyoba tenang.

Sarto lan Bu Tinah banjur mbopong Mbah Noyo, tangga teparo sing weruh langsung ngewangi. Pak Hadi sing duwe mobil nawani ngeterake nang omah sakit. Bu Tinah lan Sarto melu numpak mobil nang omah sakit. Ngomah nganti ora keurus. Lawange ora ditutup, nanging tanggane nutupke lan ngewangi njaga omahe.

Bu Tinah wong sing seneng tetulung lan sregep ana ing kegiatan sosial. Dheweke ya wong ora nduwe, nanging kuwi dudu alesan ora tetulung marang liyan. Uwong sing kenal Bu Tinah ngerti yen Bu Tinah wong apik, beda karo maratuwane. Tanggane gelem nulung amarga mantune kuwi.

Satekane omah sakit, Mbah Noyo langsung digawa ana ing ICU, kahanane wis nemen. Bu Tinah lan Sarto ngenteni ora jenjem, Pak Hadi sing ngeterke mau nyoba nglaremke.

Wis sakjam ngenteni, wusana dhokter sing nangani mbah Noyo metu. Dhoktere ngomong yen Mbah Noyo nandang komplikasi. Paru-parune rusak, nganti dipansangi oksigen. Kadar gulane dhuwur lan darah tinggi. Mbah Noyo telat digawa nang omah sakit, marakake saiki kritis. Bu Tinah sing diandani ngono banjur nangis, Sarto mung meneng, Pak Hadi ya ngrasakke.

“Terus salajangipun kados pundi, Pak Dhokter?” pitakone Bu Tinah karo nangis. “Nggeh Bapake tetep teng ruang ICU ngantos kondisinipun stabil,” wangsulane Pak Dhokter.

“Kira-kira kapan sadare?”

“Kula nggeh mboten ngertos gumantung Bapake, saged nglawan larane mboten. Nggeh donga mawon, Bu,” dhokter njlentrehake.

Wis limang dina mbah Noyo nang rumah sakit. Neng njaba kamare Mbah Noyo, Pak Mursi, Bu Tinah, lan Sarto rembugan masalah ragad omah sakit. Limang dina mondok ragade wis gede apa maneh yen tambah dina, saya akeh dhuwite. Celengane Pak Mursi lan Bu Tinah ora nyandak, soale dinggo nragadi anake loro sing isih sekolah, Sarto yo ora duwe dhuwit, yen arep njaluk langsung karo Mbah Noyo wedi nek Mbah Noyo munggah maneh darah tinggine.

“Piye niki Mbah ragade?” pitakone Sarto marang Bu Tinah. “Aku ya bingung, To. Celengkanku ora tekan nganti semono, kae wae dinggo mbayar sekolah cah loro. Aku ngenei paling ya ora ana setengahe banjur piye iki, Pak?” wangsulane Bu Tinah lan takon marang Pak Mursi.

“Bapak ya mumet, Bu. Arep ngutang nang ngendi gedhene sakmono. Ya janjane ana nanging apa sing arep digadekke,” wangsulane Pak Mursi. “Piye yen surat-surat?” panemune Sarto

.Pak Mursi lan Bu Tinah pandeng-pandangan, kaget apa sing diomongke Sarto. Pak Mursi lan Bu Tinah meneng lan mikirake omongane Sarto. Wusana usulane Sarto mau diiyoi. Omahe digadekke, Sarto lan mbah Noyo manggon ning omahe Pak Mursi.

Dina Setu sore sesuk mbah Noyo isa bali, dadi dina iki ngrampungake administrasi lan nebus obat jalan. Saiki Mbah Noyo wis iso bali. Adminitrasi wis beres lan obat jalan wis ditebus. Sadurunge bali,

dhokter weling marang pak Mursi.

“Pak, Bapakipun mboten ken mikir abot-abot lan mboten pareng mireng kabar sik elek nggih,” ngono welinge dhokter. “Matur nuwun, ngih,” wangsulane Pak Mursi. Tekan omahe Pak Mursi, Mbah Noyo dikon ngaso. Mbah Noyo gumun kok ora bali nang omahe dhewe malah nang omah anake. Mbah Noyo takon-takon wae nanging Bu Tinah sing nunggu ora nyauri.

“Tin, aku kok turu nang kene? Aku pengen bali nang omahku dhewe,” panjaluke Mbah Noyo isih lemes. “Pun... Bapak mboten sah ngendika terus mangke ndak sakit malih,” wangsulane Bu Tinah.

Bu Tinah banjur ninggalake Mbah Noyo sare. Ing ruang tamu sing ana ngarep kamar, wong telu padha rembugan piye carane ngomong masalah omah sing digadekke.

“Pak, niki priipun? Bapak takon wae masalah omah”

“Bapak ya ora ngerti, Bu. Nek karepku dikandani alon-alon wae. Sing penting Bapak ngerti yen omahe digadekke kanggo ragad omah sakit”
 “Injih, Pak. Kula sakeluwarga namung gadhah arta sekedik kanggeh mbayar sekolah lare-lare. Dados pasarujukan kita griyanipun Bapak digadekaken.”

Mbah Noyo sing ngrungokake omongane Pak Mursi tetep ora terima. Mbah Noyo nudhingi wong telu, dadane langsung sesek, awake adem, matane mendelik lan kejang-kejang. Pak Mursi, Bu Tinah, lan Sarto bengak-bengok nyebut jenenge Mbah Noyo lan awake dioyog-oyog. Nanging padha wae. Mbah Noyo wis bablas. Pak Mursi, Bu Tinah, lan Sarto nangis, gela durung njaluk pangapura karo mbah Noyo. Kanggone Mbah Noyo, omah padha karo harga dirine. Dadi yen badhane dosak-asik padha karo harga dirine diidak-idak.



Navra Faila Luvi Murchelina, siswa SMA
 Taman Madya, Jalan Pakuningratan no.34 A.
 Yogyakarta, Telepon (0274) 517522.
 Lair, 16 Februari 1991. Alamat omah, Serangan
 NG II/ 175, Yogyakarta. Telepon 081392999006

PITULAS TAUN

Febrina Widhihapsari

"Ras, kapan kowe duwe pacar?" pitakone Nindya nalika lagi ngaso. Aku sing lagi mangan bakso, keselek kerungu pitakonan kuwi. Mripatku mendelik, nyawang Nindya lan Ayu kang ana ing sandhinge.

"Nin, kowe takon kaya ngono kuwi, duwe karep apa?" aku genti takon. "Mergane kowe dhewe sing durung duwe pacar," celathune Nindya. "Ya piye, ya. Ibuku durung marengake aku pacaran, merga aku isih cilik." "Isih cilik piya, ta?" clathune Ayu, "kowe iki wis kelas 2 SMA, lagi wae ulang taun kang kaping 17. Kuwi tegese kowe wis gedhe, Raras!"

"Lha, Ibu ndeso, pa. Kaya ora tau enom wae," ujare Nindya.

"Mbok kowe iki ora nyalahke Ibuku. Aku ya pancen durung gelem duwe pacar. Apa ana cah lanang sing gelem karo aku?" pitakonku karo mesem.

"Ras, kowe iki ayu, pinter, lan apikan wonge. Kurang apa meneh? Akeh sing kesengsem karo kowe mung kowe wae sing ora sadar," wangsulane Nindya. "Kae, lho... Bima seneng karo kowe, apa meneh Danu, kakak kelase dhewe kang kesengsem karo kowe wiwit biyen," ujare Ayu.

Bel muni. Bocah-bocah padha bubar saka kantin. "Wis! Aja dibahas meneh!" wangsulanku karo mlaku ninggalke Nindya lan Ayu. Bali sekolah, aku banjur mlebu kamar. Aku teturon ning peturon. Mripatku nrawang. Aku dadi mikirke omongane Ayu lan Nindya mau.

"Apa enake duwe pacar?" pitakonku sajroning ati. Aku durung tau. Kok aku dadi kepingin duwe pacar. Aku ya isin karo Ayu lan Nindya amarga aku dhewe kang durung dewe pacar. Saben ngumpul bareng kanca-kanca aku teka dhewean ora kaya Ayu lan Nindya sing teka karo pacare. Aku malah dadi "obat nyamuk".

Tak pikir-pikir... aku ya wis kelas 2 SMA, wis gedhe, wis wektune duwe pacar... Ning Ibu durung marengake pacaran. Ibuku wis wanti-wanti. "Duh, Ibu...Ibu... aku iki wis gedhe, Bu. Dudu bocah cilik meneh. Aku pengen pacaran," mangkono isining atiku kang ora bisa dakaturake marang Ibu.

Atiku rasane ora karuwan. Aku molak-malik awakku dhewe. Aku dadi kelingan karo Danu sing wis bola-bali "nembak" aku, nanging aku

ora bisa nampa mergane umurku isih cilik. Jarene dheweke isih ngenteni aku nganti umurku 17 taun. Ujug-ujug ibuku mlebu kamarku.

"Ras, ana telpon kanggo kowe."

"Telpon? Saking sinten, Bu?" Pitakonku "Ora ngerti. Ibu lali takon. Ning saka suarane kuwi cah lanang." "Sinten, nggih?" pitakonku karo ngukur sirahku sing ora gatel.

Aku ngangkat telpon kuwi. Jebul saka Danu. Rasane atiku ora karuan. Deg-degan. Durung tau aku ngrasa kaya ngene. Beda banget. Dheweke takon kabarku.

"Ras, kowe gelem lunga karo aku?" pitakone Danu ning telpon.

"Aku?" rasane aku ora ngandel menawa Danu takon kaya ngono, "lunga nang endi?" "Mlaku-mlaku ning Ambarukmo Plaza. Gelem ora?" Tanpa mikir dawa aku nyaguhi pangajake Danu. Aku ora percaya yen aku arep lunga karo Danu ing malem Minggu, "Kencar". Atiku dadi ora karuwan rasane sanajan kaselip rasa seneng.

"Aduh, cah ayu. Wis duwe pacar, ta?" pitakone ibu guyon. "Ah, Ibu niki... Raras dereng gadhah pacar! Ibu dereng marengaken gadhah pacar?" "Nduk, Ibu kuwi orang pareng kuwi, ora. Ning Ibu durung percaya karo kowe, Nduk!"

"Ibu niki kepripon, ta. Kok dereng percaya kalih Raras. Raras niku sampun ageng sampun 17 taun." "Lha, sambunge apa antarane 17 taun karo pacaran?" "Tegese, Raras sampun ageng. Dados Raras niku kedahipun sampun angsal gadhah pacar. Rencang-rencang Raras sampun gadhah pacar piyambah-piyambak."

Ibu banjur unjal ambegan dawa. "Ibu ngerti, Raras... Ning kowe durung pantes... Kowe surung ngerti apa-apa, Nduk." "Menawi Raras dereng ngertos napa-napa, menapa Ibu tetep mboten marengaken Raras pacaran?"

"Ya wis lah! Yen kuwi karepmu... Ibu ora ngerti arep ngomong apa meneh. Pancen kowe kuwi wis gedhe... Dudu cah cilik, anake Ibu sing manutan meneh. Ning kowe kudu ati-ati, Nduk. Kowe kuwi cah wedok, kudu bisa njaga awakmu dhewe. Ibu percaya karo kowe yen pancen kowe bisa njaga kapercayane Ibu." "Inggih, Bu. Raras ngertos punapa ingkang kedah Raras lampahi," wangsulanku karo mesem ngguyu.

Bengi iki Danu netepi janjine. Sadurunge lunga, Danu tak kenalke karo Ibu lan Bapak supaya Ibu lan Bapak ora kuwatir.

Danu bocahe pangerten banget. Aku malah dadi ora kepenak atine mergane Danu apikan banget. Aku lan Danu saya cedhak, lampu ijo saka ibu mbukake dalan kanggo sesambunganku karo Danu. Danu isih terus nyedaki aku. Danu jujur menawa dheweke seneng karo aku. Semono uga aku nangingepi dheweke.

Sesambunganku karo Danu wis lumaku pirang-pirang sasi. Aku wis ngrasakake apa sing diarani pacaran. Jebulane, rasane kaya ngene iki to? Legi, sepet...wah maneka warna wis... dadi siji. Danu menahi ali-lai, kalung, klambi, lan sapiturute, nanging sasuwene iki aku ora tau njaluk apa-apa karo dheweke.

Aku dadi ora kepenak karo Danu. Aku dadi pengin nuruti apa wae kang disedya dening Danu. Apa wae gelem daklakoni kanggo Danu....., lan gobloke aku. Aku gelem diajak Danu lunga menyang sawijining hotel, nginep sewengi, lan nglakoni sesambungan kaya wong sing wis bebojoan. Esuke, aku lagi eling. Aku tangi ana ing peturon hotel lan aku wis ora nganggo klambi. Kabeh sandhangan wis ucul saka awakku.

Gusti, apa sing wis tak tindakke? Goblok! Aku ora perawan meneh. Gusti, neng endi Danu? Kok ora ana? Kurang ajar! Ora tanggung jawab. Sakkepenake dhewe ninggalke aku kaya ngene. Lara atiku.

Aku meneng wae karo wong tuwaku. Aku wedi nyaritake iki kabeh. Ibu mesti kuciwa karo aku. Aku wis ngrusak kapercayane Ibu. Bodho! Saiki aku mung bisa nyalahke awakku dhewe. Sakjane aku kudu bisa njaga ben ora nganti kebablasan kaya ngene. Saiki wis kaya ngene keadaanne. Aku ora bisa apa-apa meneh. Keperawanan kuwi ora bisa balik meneh.

Kedadean iki nggawe aku ora serius meneh karo pelajaranku. Apa meneh wis arep ujian unggah-unggahan kelas. Duh, duh, Gusti. Aku sedhih, Danu ora tanggung jawab. Aku lagi sadhar yen Danu sengaja ngrancang iki kabeh sawise Ujian Nasional. Lan saiki aku ora ngerti Danu ana nang endi. Mergane dheweke wis lulus saka SMA lan aku ora ngerti arep nerusake kuliah nang endi. Kanca-kancane ya padha ora ngerti. Aku mung bisa nggetuni. Aku nangis sajroning kamar mandi karo nggrujugi awakku nganggo banyu. Aku kuciwa karo Danu. Jebule wonge ora bisa dipercaya.

"Tegel-tegele kowe nglakoke iki karo aku. Kowe iki ora duwe ati!" tangisku sesenggukan. Aku dadi kelingan karo ibu, pancen bener ngendikane ibu. Aku iki isih cilik, durung ngerti apa-apa. Pindhaneaku kaya piyik sing isih cilik lan selak kepingin ajar mabur. Ning aku percaya nek aku bisa, kemangka aku durung bisa nggolek pangan dhewe. Aku nekat lan kaya

Tugel...lan angel ngnggo mabur meneh... lara banget.

Aku nyoba nglalike kedadeyan kuwi. Aku rada ayem nalika ngadepi Bapak dan Ibu nanging tetep wae aku isih ngerasa salah. Kaya-kaya ibu ngerti nek aku wis ora sesambungan maneh karo Danu. Aku matur blaka karo Ibu menawa aku wis ora sesambungan meneh karo Danu, wis pedhot. Huh, kelingan Danu, aku ngerasa sengit banget karo dheweke.

Suwi-suwi, atiku ora tegel maneh nyimpen rasa iki dhewekan. Aku crita karo Ayu lan Nindya. Wong sakloron kaget lan ora ngandel yen aku gelem nglakoni kabeh mau kanggo Danu. Pancen aku iki wong bodho! Nang ngendi akalku wektu iku?

Aku dadi wedi nalika Ayu lan Nindya ngengkon aku tuku alat tes kehamilan. Kanggo ngetes, aku meteng... apa ora... Gusti, muga-muga aku ora meteng... Ing njero WC sekolahan aku ngetes apa aku meteng. Ayu lan Nindya nggedor-gedor lawang WC mergane aku ora metu-metu, mergane nang njero aku nangis ndeleng asiling tes sing... "positif". Gusti, paringana sabar! Aku sing kudu tak lakoke? Aku isih sekolah. Danu wis ara ana! Apa meneh pacoban sing arep diparingake dening Gusti Allah?

Ayu lan Nindya melu prihatin. Nanging bocah loro kuwi nyengkuyung aku. Nalika umur kandutanku wis 6 minggu. Aku saya wedi. Wong tuwaku durung ngerti sing tenane. Aku durung wani cerita. Aku wedi menawa wong tuwaku padha ngerti nek aku meteng, mergane wetengku saya gedhe.

Yen kaya ngene kasunyatane. Aku kudu matur karo bapak lan ibu menawa aku meteng. Aku kudu ndhadhagi menawa anak ing wetengku iki anakku karo Danu. Bapak lan Ibu duka. Pasuryane abang mbranang. Aku meneng wae nalika Bapak kalap lan ndukani aku entek amek kurang golek.

"Karepmu apa ta, Ras?" Bapak mbengok. "Bapak isin! Kowe ngerti ora? Kowe ora mikir prasaan Bapak lan Ibu!" aku ora wani ndeleng mripate Bapak sing medeni. Mendelik lan urat-urate ketok kaya arep metu. Durung tau Bapak nesu nganti kaya ngene.

"Wis kelakon kabeh... apa sing dikuwatirke Ibu. Merga iki Ibu ora marengake pacaran! Kowe iki durung ngerti apa-apa... sakepenake dhewe... ora mikir... isih kaya cah cilik!" ujare ibu sora. "Ning...wis kaya ngene, arep piye meneh... ora bisa balik meneh... Kowe iki anake Bapak lan Ibu siji-sijine. Tak jaga apik-apik ning hasile kaya ngene..."

"Kowe iki ora mikir nek kowe isih sekolah? Cah enom jaman saiki

wis ora bener! Apa meneh wong sing mbok sebut pacar kuwi...sapa? Danu?" Aku manthuk-manthuk, mangsuli Bapak. Luhku netes. Mrebes mili.

"Wis! Ben Raras ngandut anake, ben wae ora ana Bapake...Iki tanggung wangsulane...kudu ditanggung. Kajaba yen Danu arep tanggung jawab!" ibu banjur mlebu kamar. Aku ndeleng ibu muwun karu terus ngusap luhe.

Rasane mokal yen Danu arep tanggung jawab. Danu kowe nang ngendi saiki? Kowe ngerti ora yen aku meteng anakmu. Kowe kok ngene ta? Tega-tegane ninggal lunga aku. Mangkono pangresulaning atiku ora ana wusanane.

Sawise pirang-pirang dina, Bapak lan Ibu wis rada lerem dukane. Kawigatene Ibu lan Bapak saya luwih kanggo aku. Nalika unggah-unggahan kelas, aku metu saka sekolahan. Kabeh adminidtrasi diurus Bapak. Aku wis ora bisa neruske sekolah meneh. Setaun nang SMA dakculke.

Guru-guru padha geger kerungu aku metu saka sekolahan amarga meteng. Aku iki salah sijining murid sing pinter. Unggah-unggahan wingi aku entuk peringkat siji nang kelas. Ning predikat kuwi wis ora tak gegem maneh saiki. Aku dudu bocah sing ketoke apik. Kabeh Guru wis ngerti kabeh yen aku iki meteng. Ning guru-guru kudu njaga rahasia iki ben kanca-kancaku ora ngerti. Njaga jeneng apikku lan keluwargaku.

Kabeh guru sing tak takoni padha ora ngerti Danu kuliah nang ngendi. Yen aku ngerti, aku kudu nggoleki. Ning, Danu ora ngerti nang ngendi saiki. Aku kuciwa. Danu kaya ngilang ambles bumi.

Gusti kagungan rencana liya kanggo aku. Aku kudu ngrumat anak iki dhewekan. Aku kudu ngati-ati ngrumat kesehatan kandutanku sing saya gedhe. Aku wis ora mikirke meneh ana nang ngendi bapake jabang bayi iki. Ben aku ora mundak lara ati, yen kelingan.

Umurku pancen wis 17 taun, ning sejatine aku durung bisa dadi wong sing diwasa. Dideleng saka umur pancen aku wis gedhe, nanging pikiranku? Aku durung bisa mikir apa sing apik kanggo aku, isih sakepenake dhewe.

"Wis 9 sasi. Mung ngenteni dinane," ature dhokter nalika aku mriksakake kandutanku. Saiki aku wis ora mikirke awakku dhewe. Sing dakpikirke mung jabang bayi kang bakal lair lan piye uripku mengko. Kari ngetung dinane. Aku wis arep dadi ibu lan kudu siap. Aku sing bakal

ngrumat anakku dhewekan. Ora mikir maneh sapa Bapake. Sing penting anakku mengko bisa urip seneng. Tekan dina babaran. Anakku lanang. Lair Normal. Rasane aku seneng banget dadi wong sing paling bungah saiki.

“Sapa jenenge?” pitakone Bapaku. “Raditya,” wangsulanku.

“Duwe maksud apa kuwi jenenge?” pitakone bapak. “Raditya menika tegesipun srengenge. Ing pangajab, lare menika sageda dados srengenge ing salebeting keluwarga. Tetep ngatonakesn sunar ingkang sae,” wangsulanku karo nggendong Raditya.

“Nduk, Ibu seneng karo kowe. Kowe bisa ngadepi sakabehing lelakonmu sanajan umurmu sing isih enom. Kowe bisa ngrumat anakmu dhewe lan bisa tanggung jawab karo dalam uripmu sing wis mbok gawe iki. Nalika kowe durung diwasa, kowe kudu ngerti nek diwasa kuwi ora didelok saka umure, nanging saka salah bawane. Ya kaya ngene iki kowe wis mbuktekake nek kowe wis dewasa,” celathune ibu.

Aku seneng krungu Ibu ngendika mangkono. Aku janji bakal njaga Bayu supaya dadi wong lanang sing tanggung jawab lan bisa njaga aku, Ibune. Ora kaya Danu, Bapake sing kurang ajar lan ora tanggung jawab. Aku kudu bisa. Iki tanggung jawabku dadi wong tuwane. Aku ora entuk pupus atiku. Iki purwakaning dalam uripku. Uripku kang anyarku.



Febrina Widihapsari, siswa SMA SANTA MARIA,
Jalan Ireda no.19.A.,Yogyakarta.

Telepon (0274) 565898.

Lair, 9 Februari 1991. Alamat omah, Asrama Santa
Maria, Jalan Ireda no.19.A.,Yogyakarta.

Telepon (0274) 411385.

Hobi: nulis crita lan puisi, nonton filem.

TRESNAKU NENG ENDI

Juetyaniwita S

Rong taun luwih anggonku pacaran karo Tommy. Sedurunge pacaran karo Tommy, aku wis tau nduweni kanca sing daktersnani jenenge Dika. Dheweke grapyak lan bisa gawe swasanane dadi ora kaku. Dika pancen luwes pawongane. Dheweke bisa ngemong aku. Dika wonge ora tau milih-milih kanca, sapa wae isa cendhak karo dheweke. Salah sijine Mbak Andra kakak kelase.

Disandhingake karo Mbak Andra, aku pancen ora ana apa-apane mula Dika luwih milih dheweke. Nanging apa salah menawa aku uga bribik-bribik nyedhaki Dika. Kabeh manungsa mesti kepengin ditresnani lan nresnani. Kuwi sing dakrasakake saiki. Saben ketemu Dika, aku mung cukup aruh-aruhan wae amarga mesti krasa isin.

Saben aku weruh Dika, dheweke mesthi bareng karo Mbak Andra. Rasane atiku kaya rinujit-rujit. Anggep wae aku bocah kang lugu kang durung ana pengalaman pacaran. Nek mung "cinta monyet" wis karep. Paling-paling gandhengan wae isin. Apa meneh wani ngambung. Kaya Dika, dheweke pancen wis akeh pengalaman anggone pacaran, dadi piye tumindak lan polahe dadi ora gumun maneh. Nyambung pedhot kuwi wis masalah biyasa.

Budhal sekolah dina Setu Mbak Andra nunggoni Dika ana ing ngarep regol sekolah. Janjine dheweke arep mulih bareng-bareng. Saben bali sekolah aku bareng kancaku. Dakdhelok dheweke tansah cedhak banget karo Mbak Andra. Aku sajak meri. Dina Setu anggone akeh wong sing metu dolan utawa pacaran, aku malah ngundher ning omah. Rasane pancen sepi menawa nasibe durung ana sing "ngapeli" alias ora duwe pacar. Anggone ning omah paling mung nonton TV utawa teturon wae.

"Ealah dina Setu kok rasane mesti sepi ngene, marai mboseni," rerasanku. "Ta, kowe lagi ngapa. Mrenea, Nok." "Eh, nggih Bu badhe ngersaken menapa kok nimbali kula?" "Ibu mung arep ngejak kowe melu ning dhaleme Simbah!" "Wonten keperluan menapa ta, Bu?" "Tilik Simbahmu wae, wis rong dina Ibu ora niliki Simbahmu." "Yen mekaten kula adus rumiyin nggih, Bu." "Nanging nek adus aja kesuwen ya, Nok. Mengko gentenan Ibu." "Lho, Ibu dereng siram, Ta?" "Wis, nanging mau sawise

rampungan masak dadi reged meneh."

"Yes, wusanane dina Setu aku isa dolan ora ketang ning daleme Simbah."

"Kowe ngomong apa, Ta?"

"Mboten menapa-menapa, Bu. Namung remen mawon saged tenggene Simbah."

"Yo wis, kana gek adus!"

Bubar adus aku lan Ibu tumuju daleme Simbah. Neng kana nganti jam wolu bengi. Atiku wis ora pati gela menawa dina Setu iso lunga. Minggu esuk aku tangi jam 6 banjur mlaku-mlaku ana ing lapangan Minggiran karo Nana, kancaku SD biyen. Minggu sore, rampungan adus aku gage njadwal kanggo pelajaran dina Senin. Saben bengi aku tansah ndonga. Panjalukanku mung tumuju kanggo keluwarga lan Dika supaya dheweke iso tresna karo aku apa anane.

Senin esuk, aku mangkat sekolah bareng kancaku. Aku langsung mlebu kelas. Atiku deg-degan amerga ngerti-ngerti Dika ngejak ngomong.

"Ta, piye gelem ora?" ujare Dika karo mesem. "Kowe ngapa, Ta. Kae lho goleki Mbak Andra!" Aku ngerti sing saktene, dheweke mung arep nggodha utawa guyon wae karo aku.

"Dik, mrenea sedilit!" undangane Mbak Andra "Apa, Yang," sahure Dika kanthi mesra. Krungu dheweke wangsulan kaya ngono, aku banjur nglungani. "Sapa to, Dik. kok koe sajak cedak?" pitakone Mbak Andra rada cubriya.

"Oo...kae kanca sekelasku, ngapa?"

"Yo takon wae!" Aku isih krungu omongane wopng loro kuwi sanajan raada lamat-lamat.

Wektu tansah lumaku cepet banget anggonku wis dadi murid kelas loro SMP. Nanging sing dadi masalah ora bisa nglumpuk meneh karo kancaku amarga kelase wis beda-beda. Beda maneh lelakone Dika. Dheweke pedhot karo Mbak Andra lan sesambungan karo Mbak Kinanti. Pancen bocah kae nduweni pacar siji ketoke ora cukup. Sithik-sithik ganti. Ora malah seneng dheweke putus karo Mbak Andra, nanging kok tambah kuciwa atiku. Pangarep-arepku Dika saya cedhak marang aku, nanging malah kecantol karo wong wadon liya.

"Dik, kowe ngapa ta kok ketoke sinis karo aku?"

"Biyasa wae, sek ya, Ta!" wangsulane tansah ora kepenak dirungoake.

"Lik, ngapa ya angger aku nakoni Dika sajake kaya mangkel karo aku? ""Mbokmenawa wae dheweke lagi ndhuweni masalah, dadi gampang nesu." "Oo...ya wis nek ngono."

Pancen biyen tekan seprene aku isih tresna karo Dika nanging ana sing omong menawa dheweke ora seneng karo aku. Sawijining dina, atiku krasa bungah campur bingung kok isa-isane ana kabar yen aku seneng nulisi ning papan tulis kelase Dika menawa aku tresna karo dheweke. Sapa ta sing ora isin yen digosipke kaya ngana. Dudu salahe Dika nanging uga dudu salahku. Kang salah kuwi bocah sing nulis *isu* kaya ngana.

Saya dinesoni Dika aku tambah ora kepenak. Pengen sajane aku njlentrehake, nanging wedine malah aku digosipke maneh. Aku mung pasrah marang Gusti Allah supayane ana pituduh sing bener. Pandongaku seprene dimirengke sing kuwasa. Seneng atiku campur lega amarga sapa sing gawe polah kuwi mau wes dak ngerteni wonge. Nanging aku ora krasa lara malah bocahe dak apiki wae supaya eling. Banjur ku ngirimi surat kanggo Dika anggone ora isa ketemu.

"Dik, saktene aku ora tau nulisi utawa gawe pegaweyan sing marai kowe isin ngono kuwi. Muga-muga kowe isa percaya!" "Ngopo, Ta. Aku wes ora nesu kok, sori ya." "Dilalekake wae, Dik."

Wektu tansah lumaku, banjur aku ngerasa seneng amarga nduweni kanca apik ana ing kelas loro iki, sajake wis ora pati ngurusi masalahe Dika. Dek aku lara demam berdarah, kanca-kancaku pada teka lan nglipur aku. Kanca sakelasku, Tommy lan Ari wis pacaran amarga dijodhokake kanca-kancane. Nanging ora let suwe pedhot. Jebul Tommy nduweni rasa karo aku. Aku kaget banget ana sing ngandhani menawa dheweke seneng karo aku. Jarene kancane, dheweke arep "nembak" mung nunggu wektu. Durung suwe Dika lan Mbak Kinanti pedhot, dheweke gage "nembak" aku.

"Ta, kowe wis duwe pacar durung?"

"Ha.. Apa, Dik. Aku durung..... ngapae?"

"Gelem ora karo aku?"

"Ah, ngapa ta, Dik. Reka-reka wae!"

"Tenan, Ta!"

Aku isih tansah durung percaya dheweke wani nembung aku, nanging omongane ora dak percaya.

"Dik aku mlebu kelas ndisik, ya."

"Eehh..., Ta. Piye?"

Aku pancen tresna karo Dika nanging saiki wis kebacut seneng karo Tommy. Atiku bingung arep milih, banjur aku durung wani mangsuli Dika.

Saiki wis semester 2 aku kudu sregep sinau ora mung mikirke babagan katresnan wae. Ujian sekolah saya cedhak, aku ora krasa ketoke lagi wingi munggah kelas loro sedhilit meneh kelas telu. Saselaning anggonku mikir pelajaran, kaselip pikiran milih Dika apa Tommy. Aku durung ngerti. Sing paling penting saiki mikir sekolah banjur lagi bocah lanang.

Saben ndinane aku nyawang Tommy kae pancen bocah isinan nanging ya isa gawe wong guyu. Paling gara-garane aku sak kelas karo dheweke dadi kulina wae. Bocahe ketoke apik ora neka-neka.

Ujian wis rampung. Rapor dibagekake. Aku munggah. Seneng banget aku iso dadi kelas telu. Mlebu ana ing kelas, langsung wae aku lungguh kursi jejere Rica. Kelase dioplos meneh kaya kelas loro wingi. Saya suwe, aku saya cedhak karo kanca-kancaku. Eee.... Malah Dika barang iya katut. Wektu kuwi, Dika arep dheweke ulang taun. Dheweke pancen ora wenehi undangan amarga disengaja supaya aku dadi tamu spesial. Nek ora teka ora kepenak, nanging nek teka aku durung ngerti omahe.

Wengi kuwi ana wong ndodog lawang omahku. Jebule kanca-kancaku kang pada ngejak teka ulang tahunan. Aku dhewe isih ana njero omah.

"Mbok padha lungguh kene ndisik," ature Ibu.

"Nggih, Bu," wangsulane bocah-boicah bebarengan.

"Arep padha neng ngendhi ta rame-rame kuwi?" pitakone Ibu.

"Badhe dhateng panggenanipun Dika," wangsulane Budi.

"Ana acara apa?"

"Ulang Taun, Bu."

Banjur aku metu tanpa nggawa kado.

Ora let suwe, aku lan kanca-kancaku tekan omahe Dika.

"Selamat Ulang Taun ya, Dik."

"Nuwun, Ta, wis gelem teka."

"Nanging aku nyusul wae kadone."

"Kowe isa neng kene atiku wis seneng," anggonku ngomong rada isin.

Sajroning acara ulang taun aku weruh Tommy. Sing banjur marahi isin maneh nalika banjur diajak njoged karo Dika. Duh, tansah ora kepenak anggonku ndeloke Tommy sajak mrengut weruh aku ning njoged karo Dika. Dika ngeterke aku mulih. Arep tekan ngomah dheweke takon meneh.

"Ta, piye gelem ora kowe dadi pacarku?"

"Aku, piye ya tak pikir-pikir ndisik."

"Wangsulane sesuk, Ta."

"Iya wis."

Dheg-dhegan campur bingung anggonku wangsulan amerga ora mung Dika wae sing dak tresnani saiki uga Tommy. Esuke pas mlebu sekolah.

"Ta, piye gelem ora?" pitakone Dika ndesek. "Iya, Dik!"

"Tenan. Nuwun, ya!" dheweke katon seneng.

Dika kanyata kasengsem marang Ela Ddika pancen ora betah menawa mung duwe pacar siji. Atiku ya mangkel. Amarga kaya ngono banjur aku nyedhaki Tommy. Suwe-suwe aku lan Tommy dadi cedhak banget, ora ngelingi yen aku wes duwe pacar. Sajake ati tansah gelo ngapa mbiyen aku nampa Dika. Nalika aku lan Tommy dolan menyang omahe Anisa, aku ndhedes dheweke.

"Tom, kowe seneng pa karo aku?"

"Apa, Ta. Iya pancen aku seneng karo kowe," wangsulane kayake isin-isin piye. "Yen wis putus karo Dika, kowe gelem ora nunggu aku?" "Aku gelem, Ta." Saktenane Tommy bocahe apik. Nanging bodhoku wis milih Dika sing durung karuwan tresna marang aku.

"Tom, nuwun, ya. Kowe isa gawe aku lega ora kaya pacarku kae sing mentingke dheweke dhewe." "Ora papa, Ta. Aku ya seneng isa dolan karo kowe."

Basan wis mulih pikiranku saya nglambrang. Yen Dika kae pancen wong lanang sing bagus rupane lan wis dak tresnani wiwit biyen. Menawa

Tommy bocahe becik, manis lan isa nentremke atiku. Saya bingung wae, mikirken masalahku iki. Esuke pas mangkat sekolah aku nakoni Dika.

"Dik, mau bengi kowe neng endhi kok ora teka neng omahku "

"Aku lunga neng omahe sedulurku, wingi kan wis ngomong. Kowe kok sajak ora percaya karo aku." "Aku mung pingin mestekake wae." Ketemu Tommy ana ing kantin banjur wae ngomongi dheweke supayane ora cerita karo Dika yen mau bengi isa lunga bareng.

"Tom, janji ya aja cerita-cerita marang sapa wae mengko Dika nesoni aku." "Beres, Ta. Kabeh dak sesidhemane kok." "Nuwun, ya."

Sesambunganku karo Dika katon romantis, nanging mung sedhela. Gela rasane, nanging kepriye meneh. Sejatine Dika mung ngapusi aku gawe alesan kanggo medhot sesambungan. Aku ngerti, iki jalaran dheweke lagi nyedhaki Ela. Let rong sasi, pas ana acara Carolusan ing sekolah, Tommy nembung aku. Sawise pentas nari banjur ketemu dheweke ana ing ruang BK.

"Ta, Anu." sajak isin anggone arep ngomong.

"Ngapa, ta. Cepet arep ngomong apa." "Ta, Eee. . ." "Gek ndang, Tom." Sajake Tommy dadi glagepan anggone arep omong. "Ta, kowe kan putus karo Dika, gelem ora dadi pacarku?" "Ya ampun, ngapae ndadak isin-isin." "Batinku" "Dak trima, dak trima, Tom" "Tenane, Ta. Nuwuuuun," ujure Tommy karo nggegeng kengceng tanganku.

"Aku mulih sik wae ya karo Like."

"Dak terke pa, Ta?"

"Sakarepmu, Tom."

"Kene barang-barangmu dak gawakke."

Tresna kuwi ora mung cukup diucapake ana ing lathi nanging kudhu dirasakake ning jroning ati.



Rr. Juwita Setyani adalah siswa SMA Stella Duce 2,
Jalan: Dr.Sutomo 16, Yogyakarta, Telepon
(0274) 513129.
Lair, 1 Januari 1990. Alamat omah, Minggiran
MjII/ 365, Yogyakarta. Telepon 08179415672.
Hobi: nari

LELUMBAN ING SAMUDRANING ATI

Cindy Ayu Wandari

Jenengku Tomi cah asli Jogja. Biyen wektu isih sekolah aku duwe pacar. Pacarku jenenge Cintya. Aku lan Cintya kenal wis suwe amarga sak kelas, dadi aku ngerti sipate Cintya. Sasuwene pacaran, udakara rong taun, pelajaran sekolahku dadi keteteran. Sawijining dina, aku dikandhani kancaku menawa Cintya boncengan karo wong lanang.

"Tom, aku mau ketemu karo, Cintya," jare kancaku.

"Kowe ketemu neng endi, terus karo sapa?" pitakonku.

"Karo wong lanang. Aku ya ora kenal," wangsulane kancaku. Sawise ngobrol akeh karo kancaku, Cintya telpon aku.

"Hallo."

"Tom, kowe neng endi?"

"Aku neng omah. Kowe wingi neng endi?"

Cintya kaget daktakoni "Wingi neng endi." Terus Cintya nylamur omongan. Dina candhake aku wis ora gelem maneh sesambungan karo dheweke, pedhot. Cyntia wis ora jujur marang aku. Saiki akus wis ora duwe pacar. Aku ora arep mikirke pacaran dhisik. Aku pengen Bapak lan Ibuku seneng. Bapak lang Ibuku pengen supaya aku lulus lan bijine apik.

Sawise ujian aku lan kanca-kancaku pada deg-degan nunggu pengumuman. Sawise nunggu rong Minggu, aku lan kancaku dinyatakake lulus kanthi biji kang apik. Nanging Tia, kancaku ora lulus. Aku sakanca banjur nglipur dheweke.

"Tik, wis rasah nangis. Mbokmenawa ana dalan sing luwih apik kanggo kowe," panglipurku. "Aku sedih amarga ora lulus, aku wedi karo wong tuwaku." "Yo wes. Sabar wae!" wangsulanku.

Dina-dina candhake, aku ndaftar lan ketampa mlebu SMA Negeri neng kuthaku. Ing sekolahan, aku cedhak karo bocah wadon jenenge Santi. Esem lan rupane wis bisa gawe lumbering atiku. Saya suwe, aku lan Santi tambah cedhak. Saben-saben aku ngeterke dheweke bali sekolah. Seneng banget rasaning atiku, kepara aku wis ditepungke karo wong tuwane sing grapyak semanak.

Setu wengi aku dolan menyang omahe Santi. Aku ngajak dheweke lunga. Ora lali aku njaluk idin marang wong tuwane Santi.

"Bu, Pak, kula badhe ngajak Santi medal."

"O, nggih. Nanging aja bengi-bengi yo, Mas!"

"Inggih, Bu. Assalamu'alaikum." Aku ngajak Santi menyang alun-alun. Aku blaka menawa aku tresnaku marang Santi.

"San, wis suwe aku tresna karo kowe. Aku kepengen kowe dadi pacarku! Apa kowe gelem dadi pacarku?"

"Ya, aku gelem." wangsulane Santi isin.

Dina-dina candhake, aku karo Santi mbangun sesambungan kang endah. Ora krasa wis telung sasi pacaran. Mlebu sasi kepat tndak-tanduke Santi rada beda. Gosipe ing sekolah Santi duwe pacar liya. Banjur aku takon karo kanca-kancane.

"Apa bener Santi duwe pacar maneh?" Kanyata sing diomongake karo kanca-kancane bener. Atiku kaya rinujit-rujit. Aku tau ngalami kaya mangkene, saiki kedadeyan maneh. Aku ora perlu mikir dawa. Santi tak pedhot.

Ujian semester wis cedhak. Aku sinau tambah mepeng supaya bijiku apik. Sawise semesteran aku tanpa rapor. Bijiku padha apik-apik. Banjur aku mikir nek sesuk aku duwe bojo utawa pacar sing becik atine ora becik rupane. Aku wis mantep sesuk nek duwe pacar ora perlu ayu sing penting becik atine.

Tengah semester aku kepilih dadi paserta lomba maca gurit. Nalika perlombaan, aku entuk kenalan bocah SMA saka Bantul.

"Halo, sugeng enjang" aku uluk salam.

"Halo, sugeng enjang. Jenengku Nita" bocah wadon iku ngenalke aku. "Jenengmu sapa, Mas?" pitakone Nita. "Aku Tomi" wangsulanku.

Sawise kenalan aku lan Nita ijol-ijolan nomer telpon. Banjur aku sinau bareng maca puisi. Nita bocahe sabar lan sopan. Saya suwe aku lan Nita tambah cedhak. Saben Dina aku lan nita sms-an. Minggu esuk Nita ngajak aku menyang UGM *refreshing*. Atiku deg-degan menawa cecedhakan karo dheweke.

Ujian semester loro wis cedhak. Sajroning aku kenal Nita, biji semesterku saya apik. Nita mesti menehi semangat lan pitutur kanggo aku. Sawijining dina, aku regejegan karo Bapakku ngenani pacarku. Aku mangkel banjur banjur lunga saka ngomah. Bapak ora seneng karo Nitaamarga salah bawane ora sopan lan ora duwe tata krama. Uwis bola-bali Bapak lan Ibu ngandani aku nanging ora tak gagas.

Sawise ujian semester aku “nembak” Nita. Banjur aku lan Nita pacaran. Wis telung sasi aku pacaran nanging atike ngrasa salah karo wong tuwaku.

Sore kuwi paa aku lagi teturon, keprungu swara telpon. Aku banjur gage ngangkat telpon.

“Hallo.”

“Tom, kowe lagi ngapa. Kowe isa neng omahku ora?” takone Nita karo swarane radha serak kaya mentas nangis. Sawise Nita telpon aku gage marani Nita. Tekan omahe, aku weruh Nita nangis.

“Kowe ngapa, kok nangis?” Nita banjur njlentrehake undering perkara menawa wong tuwane ora sarujuk menawa dheweke pacaran karo aku. Kanthi rasa kang abot, aku nrimakake menawa Nita ngajak pedhot anggone sesambungan karo aku.

Ora krasa wis telung taun anggonku sekolah neng SMA. Sawise aku ora pacaran karo Nita, sing dakpikir mung sinau kanggo ngadhepi Ujian Nasional. Aku saiki wis kelas 3 SMA. Pasinaonku saya abot. Ujian Nasional dianake telung dina lan telung pelajaran. Sawise Ujian Nasional rampung, sekolah prei lan nunggu pengumuman kelulusan.

Sasi candhake, wis telung dina aku lara. Aku ora nyana menawa bocah wadon sing kondhang ayune ing sekolah teka neng omahku. Waktu kuwi aku lara types. Tika ngandani menawa tresna karo aku. Nanging aku ora gelem, amerga Tika terkenal nakal lan seneng gawe loro ati cah lanang. Nanging aku tetep kekancan apik karo dheweke.

Aku seneng banget, amerga lulus ujian. Aku takon karo Tika, “Tik, apa kowe lulus ujian?” Rupane Tika wis mrengut. Banjur dakpekta ngandani. Sawise Tika ngomong, “Aku.....” banjur aku tambah deg-degan wedi nek Tika ora Lulus maneh. Tika nerusake omongane, “Aku... Lulus.....!”

Aku melu bungah. Banjur aku lan Tika padha njondhil-njondhil kaya bocah cilik. Saiki Tika wis ora kaya biyen maneh, ugal-ugalan. Wis telung sasi aku kekancan karo dheweke. Aku wegah ngapusi awaku dewe, angonku tresna karo Tika. Sowe kuwi aku dolan menyang omahe Tika.

"Assalamu'alaikum," salamku. Saka njero omah Ibune Tika metu.
 "O... Tomi! Kene mlebu. Tika lagi shalat ditunggu sekedhik, ya."
 Ora let suwe Tika metu lan nwmomi aku ning ruang tamu.

"Tik, aku pengen takon. Apa kowe isih tresna karo aku?"
 "Karepmu apa? Satenane aku isih tresna nanging apa kowe ya tresna karo aku?" wangsulane Tika. Aku gage mangsuli, "Aku ya tresna karo kowe. Apa kowe gelem dadi pacarku?" "Ya, aku gelem." wangsulane Tika mantep.

Aku lan Tika banjur pacaran. Sawise lulus SMA, aku nyambut gawe ning Jakarta. Ora lali, aku tansah kirim surat utawa telpon karo Tika. Nanging, suwe-suwe sesambunganku karo Tika saya renggang. Kepara ora nate kabar-kabaran maneh nganti sawijining dina aku krungu kabar menawa Tika wis dadi bojone wong liya. Aku lara ati. Biyen deweke janji ora arep ngalarani aku maneh, nanging kasunyatanane Tika ngapusi. Aku lara ati nganti pirang-pirang taun. pikiranku wis ora karuan lan aku jinja pacaran.

Pikirku aku wis ora mikir pacaran maneh. Aku saiki arep mikul dhuwur mendem jero wong tuwaku. Aku mligi arep nyenengke wong tuwaku. Anggonku nyambut gawe ning Jakarta ora krasa wis limang taun. Sawise sukses, aku tuku omah neng Jogja. Pas aku blanja, aku krungu swara wong wadon njerit.

"Tulung...tulung...," jritane wong wadon mau. "Ana apa, Mbak!" pitakonku rada gragapan. "Tulung mas ana rampok," wangsulane.

Tanpa dikongkon maneh, aku gage mlayu ngoyak rampok mau. Orang mung aku, wong-wong sacedhak kono uga padha ngoyak. Wusanane rampoke kecandhak lan digawa menyang kantor polisi. Aku banjur kenalan karom wong wadon mau. Jenenge Vivi. Saya suwe aku saya cedhak karo Vivi. Dheweke bada banget karo pacar-pacarku dhisik. Sanajan rupane ora ayu banget, dheweke luwih ngerteni aku. Vivi banjur nepungake aku karo wong tuwane. Ora krasa wis setaun aku kenal karo Vivi.

Pas preinan akun gajak Vivi menyang Jogja. Dheweke banjur

dakkenalke karo wong tuwoku. Neng Jogja Vivi tak ajak lunga mubeng Jogja. Wong tuwoku ya seneng karo Vivi. Pas lagi ngobrol karo Vivi, ujuk-ujuk deweke ngomong menawa tresna karo aku. Aku lan Vivi banjur pacaran. Aku seneng nyipati menawa Vivi nduweni kawigaten babagan masalah social. Dheweke seneng tetulung marang wong cilik.

Jebul wong tuwoku kepengin aku lan enggal mbangun bale omah. Nanging aku durung gelem amarga isih nunggu Vivi ngrampungke sekolahe. Angkahku, sadurunge dadi manten aku arepngajak wong tuwaku munggah haji. Sawise kelakon munggah haji. Banjur aku takon karo Vivi.

“Vi, wong tuwaku pengin awake dhewe dadi manten. Apa kowe gelem?” “Aku gelem menawa panjenengan wis mantep,” wangsulane.

Sawise Vivi dadi bojoku, aku saya tresna karo dheweke. Ora krasa wis limang taun aku dadi bojone Vivi. Keluwargaku ayem tentrem. Aku lan Vivi wis diparingi Gusti anak loro, lanang lan wadon. Sing takeling-eling wiwit biyen, menawa duwe bojo kuwi kudu sing becik atine. Zaman saiki akeh sing golek rupane wae, lan bandane. Aku lan Vivi ngajari anakku supaya sesuk menawa duwe bojo golek sing becik atine dudu becik rupane.



Cindy Ayu Wandari, siswa SMA Taman Madya,
Jalan Pakuningratan no.34 A, Yogyakarta.
Telepon (0274) 577121.
Lair 11 Maret 1991. Alamat omah, Bangunrejo
TR II/ 574, Yogyakarta 55241.
Hobi: maca, renang, jalan-jalan

TEMEN TINEMU

Claudia Yessy Sekartaji

Aku duwe rewang jenenge Yu Murtri. Yu Murtri duwe anak siji, jenenge Parno. Umure kurang luwih 14 taun, luwih tuwa 3 taun saka aku. Wiwit aku mlebu klas 1 SMP Parno senengane nangis ning kamar ora sakpengerten wong liya apa maneh Ibune dhewe. Sawijining dina, aku krungu dheweke nangis awan-awan pas aku bali sekolah.

Bapak Ibuku durung kondur saka kantor, Kangmasku lagi turu, lan Yu Murtri dhewe lagi nggosok klambi nang kamar mburi karo ngrungokake radio. Aku ngindhik saka lawang kamare Parno. Dheweke lagi lingguh karo nangis. Aku langsung mbukak lawang, mlebu kamare isih nganggo sragam SMP-ku. Parno kaget lan langsung ngelap mripate sing kebak luh. Aku jinjit mlebu kamar amarga jobinne kebak buku, ora ngerti buku apa wae kuwi kok nganti semana akehe.

"Par, kowe ngapa je kok nganggo nangis awan-awan? Awakmu lara, pa?""Mboten mbak, kula mboten napa-napa namung kula radi kagol kaliyan gesang kula.""Lha ngapa je, Par? Mbok kowe crita karo aku. Nyantai wae ora tak andhakke sapa-sapa."

Parno banjur gelem crita wiwit dheweke cilik nganti saiki. Biyen dheweke diragadi sekolah karo bapakne. Nanging pas dheweke mlebu kelas 6 SD Bapakke seda amarga kesrempet Truk. Amarga kedadeyan kuwi dheweke ra bisa nerusake sekolah maneh. Parno nyritakake karo nangis sesenggukan.

"Mbak, kula menika gadhah gegayuhan ingkang inggil sanget, kula inggih sampun janji kaliyan swargi bapak. Kula badhe ndherekaken Bapak kaliyan Ibu dhateng negara BeBelanda. Eh malah Bapak sampun disuwun kaliyan Gusti. Kula gela sanget."

"Kuwi ateges Bapakmu luwih ditresnani karo Gusti. Gusti uwis kagungan rancangan kanggo uripmu, No. Sing sabar wae ya le ngadhepi uripmu. Kowe aja gela lan nglokro ngadhepi urip iki." "Inggih, Mbak, buku-buku menika gadhahan kula. Buku-buku kula wiwit SD kelas 1 dumugi kelas 6. Menika rapot-rapot kula. Bijinipun nggih mboten awon sanget. Kula temtu angsal rengking, mbak."

Aku banjur mbukak buku-buku sing patingslebar lan ndeleng rapote Parno. Cathetane akeh lan pepak. Biji rapote uga apik-apik lan ora ana sing abang. Biji-bijine kabeh luwih saka 8. Dheweke entuk rengking 3 utawa 4. Pokoke isih 5 besar ning kelase. Ora luwih lan ora kurang.

“Kowe kuwi ya klebu cah pinter lho Par.. Bijimu apik-apik, cathetanmu rapi lan lengkap, luwih rapi tinimbang cathetanku.” “Lha inggih menika kula pengin sanget saged ngejak Bapak lan Ibu kula dhateng negara Landa. Wiwit saking alit kula sampun dituturi supados sinau ingkang sregep lan gemi. Menawi Bapak taksih gesang kula mesthi sampun ngangge seragam biru pethak kados Mbak Dewi samenika,”

“Huss.. aja ngomong kaya ngana. Kabeh lelakon urip kuwi ana nang astaning Gusti Kang Maha Kuwasa” “Kados pundi nggih, Mbak, supados kula saged nerasaken sekolah? Kula menika sampun ngedol pit kula, nggadekaken ali-ali Ibu kula, mendhet sedaya celengan warisanipun Bapak. Nyelengi, nglempakaken gajinipun Ibu nanging sedaya menika mboten cepak kangge ragad sekolah kula. Lajeng kados pundi nggih Mbak?”

Aku bingung ditakoni bab kaya ngana kuwi. Eman yen parno ora nerusake sekolahe. Bocahe isih cilik ning ora ana ragad sekolah. Mangka bocahe sregep lan pinter. Beda karo aku sing iso sekolah nanging isih wegah-wegahan, kesed sinau, kesed nyathet, sing penting mangkat sekolah lan bali saben dinane. Kamangka Bapak lan Ibuku isih bisa nragadi aku ning kok aku malah isih kesed-kesedan. Coba Parno dadi anake Bapak lan Ibu mesthi wis dadi pinter lan uwis duwe prestasi sing bisa marakake Bapak lan Ibune mongkog.

“Ooohhh. Ya mengko tak pikirke maneh yo, Par. Aku arep salin ndhisik. Aku sumuk banget. Bukumu diringkesi ndhisik. Ndak ketok reged banget.”

Parno manthuk kanthi manteb lan uwis bisa ngguyu maneh. Pas aku mlaku metu saka kamar dheweke ngematke nganti mentheleng nyawang seragamku sing isih mambu anyar kuwi.

Mlebu kamar aku isih mikir-mikir maneh piye carane kareben si Parno bisa nerusake sekolah maneh. Aku ndelengake jam. Saiki wis jam telu awan, mulakna wis ngantuk. Aku banjur turu lan ngimpi elek. Aku ngimpi yen aku kuwi nasibe kaya Parno. Aku dadi anake rewang, ora bisa nerusake sekolah, lan mung diece-ece karo tangga sakiwa tengenku. Aku ora kanggo

lan dadi uwuh ning masyarakat. Aku uga dadi sanggan wong tuwaku. Bisaku mung nangis lan ra bisa ngapa-ngapa maneh. Pokokke ngimpi kuwi ngenes banget. Uripku saben dina mung tangi turu, adus, mangan, lan resik-resik mbiyantu gaweanne lbuku.

Pas dina Minggu aku le tangi kawanen, banjur aku digrujug banyu jarang karo Juraganku. Le ngrujug pas ning sirahku, raiku dadi abang lan mlempung-mlempung ora karuan. Aku kogel-kogel lan ujug-ujug tangi. Awakku gembroyos lan ngos-ngosan. Tujune kuwi mung ngimpi wae, ora nyata.

Tangi turu aku banjur adus, dolan ning omahe Ratih arep ngrembug bab Parno. Ratih kuwi kanca cedhakku wiwit cilik. Sapa ngerti Ratih duwe carane. Aku mesakake karo Parno amarga dheweke duwe niat sing gedhe kanggo nerusake sekolah masak mung amarga ora bisa nragadi sekolah banjur mberot. Rak ya eman-eman ta...! Iha dheweke isih enom, durung wektune nggolek dhuwit. Pas ning dalan, ora sengaja pit montorku nabrak kucing nganti mati.

Aku dadi kelingan mitos Jawa sing dicritake karo Budheku wingi sore. Jarene nek nabrak kucing lan mati kuwi aku utawa sedulurku bakal ngalami kacilakan. Maune aku ora percaya karo mitos kuwi. Ning ana buktine yen mitose kuwi bener. Sedulurku sak kluwarga bali saka omahe simbahku, ning dalan ora sengaja nabrak kucing lagi nyabrang. Banjur sak minggu sawise anake karo bapakke tabrakan lan sikile tugel.

Aku nggawa bali kucing sing mati kuwi, tak bungkus kain kafan banjur tak pendhem ning lemah mburi omah, karo ndonga. Aku banjur langsung lunga ning omahe Ratih. Aku ngrembug bab Parno.

“Tih, piye ya aku lagi bingung iki bab Parno”

“Lah, kowe ki ngapa? Tresna karo Parno pa piye?”

“Ya ampun, ya ora, Tih. Kowe iki ana-ana wae. Parno kuwi pengen banget nerusake sekolahe ning dheweke ora duwe ragad. Aku pengen mbiyantu dheweke Tih” “Lha piye. Bocahe dhewe piye? Niat sekolah ora?” “Iya. Bijine apik-apik, catetane uga runtut lan dheweke kuwi duwe gegayuhan bakal ndherekke Bapak lan Ibu menyang negara Landa. Ning Bapakke wis seda. Mangka mung Bapakke kuwi sing bisa nragadi sekolahe”

Ratih dadi trenyuh ngrungokake critaku. Dheweke uga kepingin mbiyantu Parno nanging dheweke ya bingung piye carane le arep mbiyantu.

“Nyuwun tulung Bapakke awak dhewe wae pa, Tih?”

"Ya, ya ... pinter kowe! Ning Bapakku lan Bapakmu priyayine rada angel ta?" "Sapa ngerti kersa?" "Ning iki le ngomong ya aja serius-serius sing rada kepenak wae. Sepisanan kowe ngomongke uripe Parno ndhisik banjur sesukke kowe takon piye carane kanggo nggolekke ragad kanggo Parno!"

"Dadi sok-sok mung nyuwun pirsana ngana?"

"Ho'oh sukur-sukur dikandhani utawa malah dibiyantu sisan."

"Muga-muga ya kaya ngana ya, Dew."

Aku bali nang ngomah banjur matur bab Parno karo Bapak. Nanging kaya-kaya Bapak isih sayah sawise kondur saka kantor. Aku ora wani matur akeh. Aku uga mung crita karo lingguhan nang lincak mburi omah, ngombe teh lan maca koran karo ngancani Bapak. Iki awalan sing apik, miturut pemikiranku dalanne bakal mulus. Biyasane Bapak langsung muring-muring ora karuan yen disambati.

Ora krasa ning mburiku ana Parno lagi nguping. Aku dadi ora kepenak dhewe, aku mlebu omah banjur nelpon Ratih. Ratih uga ora wani matur akeh-akeh amarga Bapakke ya isih sayah amarga kondur saka kantor. Bapak uga crita ning kantore lagi akeh gawean dadi awake sayah kabeh. Ateges Bapakke Ratih uga akeh gawean amarga le ngasta sak kantor. Wah, ketoke rada angel ki nyuwun tulung karo Bapak. Kira-kira aku bisa ora ya mbiyantu si Parno, mangkono pikiranku.

Ning kamar aku ketemu Ibu sing lagi maos koran. Aku nyritakake yen mau sore aku nabrak kucing lan mati. Ibu banjur ngakon aku tuku kembang kanggo ngedusi motore kanggo mbuwang siyal. Ibu pancen isih ngugemi mitos Jawa kaya ngono. Aku banjur lunga tuku kembang ning Pasar cedhak omahku. Tekan omah aku ngguyang motor direwangi Parno.

Wengine aku sinau ning kamar, karo ngapalke sejarah amarga sesukke aku ana ulangan. Aku krasa ana uwong sing ngematke aku. Aku ngindhik saka jendela kamar, Parno lagi lingguhan karo ngrungokake anggonku sinau. Saben dina meneri aku sinau ning kamar, Parno mesthi ngrungokake.

Kurang luwih wis 2 minggu iki aku nggolek cara. Ning asile nihil. Aku ya ora dhewekan, dibiyantu karo Ratih. Njaluk tulung kiwa tengen ora ana sing gelem. Alesanne amarga nggolek dhuwit jaman saiki ora gampang, urip wae isih kangelan, nguripi awake dhewe durung katon bisa masak arep nragadi wong liya. Aku dhewe isih wedi matur karo Ibu utawa Bapak.

Jemuah iki Bapak kondur luwih cepet tinimbang biyasane. Aku uga diparingi dhuwit kanggo jajan. Ora mung aku wae ning uga Kang masku, Yu Murtri, lan Parno. Aku ora ngerti ngapa bapak kondure luwih cepet, loma, lan luwih sumeh. Ora kaya biyasane Bapak kaya ngana. Bapak banjur santun rasukan lan lenggahan ing lincak mburi karo Ibu. Aku rada nguping. Bapak lagi crita karo Ibu.

“Pak, lha ngapa ta kok ketoke seneng lan wiwit mau ngguyangguyu wae? Ana apa ta, Pak?” “Ngene lho, Bu. Wingi aku nggarap proyekke Pak Murdiman. Jarene sukses. Aku banjur munggah pangkat. Mesthine gaweanku luwih sethithik ning tanggung wangsulane sing gedhe. Gajiku iya mundhak. Ora papa ta pisan pindho aku loma karo bocah-bocah!”

Ketoke saiki wektune sing pas matur karo Bapak bab Parno. Aku isih rada-rada wedi lan rada ora kepenak. Soale akir-akir iki jejalukanku akeh banget. Saka njaluk sepatu tekan njaluk pit montor anyar. Ning aku duwe akal, aku arep nelpon Ratih ndhisik. Nek Bapakku munggah pangkat mesthine Bapakke Ratih ya munggah.

Aku nelpon Ratih lan nyatane bener. Bapakke lagi sumeh amarga munggah pangkat. Aku karo Ratih wis niat arep mbiyantu Parno. Wusanane aku wani nembung karo Bapak ning isih nganggo ngiwa nengen ndhisik ora langsung *to the point*.

“Pak, kula mboten siyos nyuwun Pit Montor ingkang enggal mawon. Ketingale kok kula nyuwun kathah sanget, Pak.” “Lha kowe kuwi pancen akeh jejalukanne. Lha wong kowe kuwi uwonge ora isa gemi kok. Lha iya ta, Bu. Wis njaluk sepatu, mangka sepatumu durung jebol. Tas, mangka tasmu isih apik. *Ha-pe*, mangka *ha-pemu* ki isih bisa kanggo komunikasi, bisa kanggo motret barang. Dheloken nggone Bapak.” “Inggih.. Inggih.., Pak, Bu. Kula nyuwun ngapunten, mboten malih nyuwun-nyuwun ingkang mboten penting. Nanging samenika kula gadhah panyuwunan setunggal kemawon, mboten kathah-kathah.”

“Apa? Nek Bapak isih bisa nyembadani apa sing dadi kekepanmu. Bapak kersa wae.” Ibu mirsani aku wae. Aku dadi ora manteb lan rada-rada ora kepenak. Nanging aku kelingan Parno sing nelangsa uripe.

“Ngaten, Pak, Bu. Kula menika pengen sanget saged mbiyantu Parno anggonipun nerasaken sekolah. Kula mesakake mawon, piyambakipun taksih enem, sampun wajibipun sekolah, sinten ngertos

piyambakipun saged dados tiyang?”

“Genah nek jejalukanmu kaya ngana kuwi. Bapak uga kersa dheweke sekolah tekan perguruan tinggi, iso kuliah lan dadi wong mumpung aku isih bisa nragadi lha wong Parno kuwi wis tak anggep kaya dudu wong liya. Sanajan dheweke kui mung rewang, nanging bocahe apik, sopan, lan ngajeni marang liyan. Aku ya wis nganggep dheweke kaya anak.”
Mak pyar atiku, bungah campur lega. Ganjelan kang wus tak pendhem pirang-pirang dina wusanane bisa antuk dalan.

“Matur sembah nuwun sanget nggih, Pak. Parno mesthi nggih remen sanget.”

Seminggu sawise Parno uwis bisa sekolah maneh. Bisa nganggo sragam SMP. Bijine uga apik-apik, pas lulus-lulusan dheweke entuk beasiswa utawa gratis anggone sekolah tekan kuliah, ateges bapak ora perlu mbayari abot-abot maneh.

Pirang-pirang taun sakuwise, Yu Murtri ora nyambut gawe maneh ning ngomah. Aku ora ngerti nang endi. Aku uga wis nyambut gawe lan wis bisa nggolek dhuwit dewe. Aku nyambut gawe ning Belanda karo Ratih. Pas aku bali saka Landa Parno uwis nyambut gawe nang kantore bapak wiwit aku mangkat nyambut gawe ning negara Landa.

“Mbak Dewi, kula ngaturaken sembah nuwun sanget. Kula saged dados tiyang sukses inggih amargi Mbak Dewi ingkang mbiyantu kula kangge nerusaken sekolah rumiyin. Kula inggih saged ndherekaken Ibu kula teng negara Landa. Kula teng mrika namung 3 dinten nanging kula sampun marem”

Aku mung bisa mesam-mesem. Aku dadi kelingan jaman biyen pas awake dhewe isih cilik, isih pada sekolah. Parno sing gaweane nangis karo macani buku-buku ning kamare. Ratih kang isih bingung nggolek cara supaya bisa entuk mbiyantu Parno kanggo nerusake sekolah, lan sapiturute.

“Kula inggih kemutan wonten bebasan ngelmu iku kelakone krana laku. Kula dados mangertos isinipun. Amargi kula sampun nglampahi piyambak, Mbak.”

Aku seneng banget amarga saiki kabeh uwis pada nyambut gawe dewe-dewe lan uwis mapan kabeh. Ora aku ora Kamasku lan ora Parno ning

kabeh wis dadi wong sing migunani.



Claudia Yessie Dewi Sekartaji, siswa SMA
Stella Duce 2, Jalan Dr. Sutomo 16, Yogyakarta,
Telepon (0274) 513129.

Lair 20 Juli 1991. Alamat omah, Jalan STM
Pembangunan no. 10, Yogyakarta,
Telepon (0274) 486713

OALAH BIYUNG-BIYUNG

Seruni Eka Novita Sari

Wis telung jam aku lungguh ngarep ing komputer. Aku nyoba ngosongake pikiranku saka babagan sing dak anggep ora cocok karo pangrasaku wektu iki, amarga aku kudu konsentrasi golek ide kanggo nulis crita.

"Tik,tok,tik,tok." mangkono swara detikane jam ing tembok kang kaya-kaya notog-notog atiku supaya gage ngampungake gaweyanku. Wis limang jam suwene aku tetep durung nduweni ide kanggo nulis cerita cerkak sing ditugaske saka BBY. Kok angel tenan, kamangka mung nggolek ide kanggo nulis cerkak. Walah-walah... marai endasku tambah mumet.

"Dek Vita... tukokake endhog sekilo, ya!"

Ujug-ujug ndawuhi aku saengga marai konsentrasiku buyar. "Ngih, Bu. Inggih, sekedap malih" Sawise tuku endhog, aku balik ning kamarku lan ngedepi komputer lan nulis "Tema : Kriwikan dadi grojogan". Oalah biyung... ceritane arep mbahas apa ya?. Huh...!

Saiki wis jam 6 sore. Adzan wis ngumadang, aku arep sholat ndisik. Sawise sholat, aku neruske ngadep komputer sepbisanan maneh. Kamangka ya wis sholat, ati wis tentrem, pikiran wis normal, kok ya ora ndang entuk ide.

"Dek Vita... maem ndisik!. Mengko kok teruske maneh".

Swarane Ibu mau wusanane mbadarake olehku golek ide kanggo nulis cerkak. Aku banjur maem lan nglalekake gaweyanku bengi kuwi.

Dina Minggu, aku nduwe wektu akeh kanggo ngrampungake critaku sing ora dadi-dadi. Sawise aku konsultasi karo guru basa Jawaku, aku dadi ngerti yen nulis cerkak kuwi pancen angel. Apa maneh nganggo basa Jawa. Dina banjure aku isi krasa kangelan miwiti nulis cerkak, nanging tetep tak peksa-peksa.

Uah..kesel tenan, kamangka durung entuk rong halaman luwih. Mripatku lan boyokku rasane wis wegah banget lungguh ing ngarep komputer nulis lan nambahi critaku maneh. Bubaran sekolah aku nyoba niyat ngrampungke cerita supaya aku bisa leren. Lumayan, wis entuk sak

halaman.

Tekan ngomah, aku langsung resesik omah lan nyoba ngurupake komputer. Ujug-ujug, atiku nyelos. Kok komputerku ora bisa murup. Tak pikir mati lampu, kamangka ora. Saklare uga wis temancep. Wah ana apa iki. Aku malah ora wani ngurupake komputer amarga aku wedi nek mengko aku tetep mekso ngurupake, malah dadine tambah rusak apa kongslet. Ya Allah... paringana sabar... rasane gelo banget. Kamangka wis apik banget halaman pertamaku. Kok dadi malah komputer ora bisa murup ki kepiye.

Aku matur karo bapakku yen komputer kayane rusak. Terus, kayane rusake kuwi gara-gara aku lali mateni adaptor. Yen adaptore ora dipateni sawise mateni komputer, kabele bisa ana sing mledup utawa gosong amarga kobong. Krungu critaku kaya ngono, bapakku kaget. Aku saya kaget amarga wusanane aku malah didukani bapak.

"Pak, komputer rusak malih. Kula kesupen mejahi adaptor." kandhaku melas. "Lhoh.. kok bisa? Kan wis tak kandhani, nek mateni komputer adaptore langsung kok pateni. Kowe kan ya nggawe tulbisan *aja lali adaptorre dipateni*, ta? "Inggih pak.. kula kesupen saestu. Kula keturon sabibaripun mejahi komputer. Kesupen saestu kula, Pak. Lajeng kadospundi? Data-data penting kula ical sedaya?". pitakonku wedi.

"Lha ya piye. Sesuk bapak ana acara, ora bisa bali gasik. Kowe telpon mas Ryan wae kon mreng jam telu. Sapa ngerti dheweke bisa mbenakke komputermu".

"Nggih, Pak."

"Kowe lagi arep nandangi apa saiki?"

"Ajeng ngrampungaken cerkak tugas saking BBY."

"Ya kok tulis dhisik apa nang *rentalan* kan akeh."

"Nggih pak".

Dadi ora penak aku karo Bapakku, dhuwit manehdhuwit maneh. Larang ora ya nek mung ngganti kabel. Yen ora larang banget kabele MP3 uga bisa didandani sbisan. Walah-walah kok ya aneh-aneh to ya, kamangka mung perkara arep nulis cerkak, dadine malah ngetokake dhuwit lan komputerku dadi rusak. Wah.. njuk nek bisa dibenerke, mung data-data pentingku lan tugas sekolah kabeh padha ilang. Piye, ya. Apa mesthi tak baleni. "Uahh..aku mumet."

Uwis dina Selasa. Aku kudu rada nyrempeng ngrampungke cerkakku. Tugas-tugas sekolah uga tambah numpuk. Kudu dirampungke siji-siji. Wusanane cerkakku dak tulis ning buku.

Ya padha wae, padha-padha merlokake wektu suwi kanggo mikir. Bedane nek aku nulis komputer ora bakal rusak. Nek nganggo komputer, ya.. resiko akeh. Aku wis nelpun Mas Ryan supaya tekane jam-jam sore wae. Rasane dhadhaku sesek banget. Komputer sing wis suwi banget bareng karo aku saiki rusak mung gara-gara ora tak pateni adaptorre.

Mas Ryan teka banjur mlebu kamar. Komputer diilang-iling lan dibukaki CPU-ne didelok apa wae sing kudu diganti. Untunge mas Ryan kuwi langganane Bapakku saka kantor. Dadi wis kaya sedulur dhewe.

Wis sakjam lawase durung ana tanda-tanda menawa komputerku arep dadi. Aku sing nyoba nulis cerkak malah tambah ora bisa mikir. Kamangka apa ya kedadeyan sing kayane cedhak karo aku mung aku ora pati ngrasakke.

Masya Allah.. aku kelingan saiki! Temane paribasan 'Kriwikan dadi Grojogan', saiki kayane uwis kedadean karo aku. Iya bener. Mula bukane aku mung arep nggarap cerkak, malah saiki dadine komputerku sing rusak. Iya bener. Kamangka mung cerkak sing ora dhawa lan mbutuhake wektu sak dina.

Aku ora bisa ngrampungke cerkak sing perlu wektu sedina, malah nganti rong dina, tambah maneh lali mateni adaptor, kamangka aku kudu kelingan mateni. Terus komputer dadi rusak. Ya Allah, bener banget. Kenapa aku ora eling babar blas ya. Ya, tak coba nulis sethithik. Sapa ngerti dadine malah apik ora kedawan lan ceritane padet. Sesuke aku didangu bapak.

"Dik, wingi mas Ryan ninggali apa?" ngendhikane bapak.

"Mboten nilari menapa-menapa. Pripun to, Pak?" "Kayane kudu ana sing diganti. Dadi *file-filemu* yo mesthi ilang kabeh." Oalah Gusti!!!... atiku ora karuan krungu Bapak ngendhika kaya ngono. Datane ana ning komputer. Piye iki? Terus ceritaku, apa aku kudu ngetik ning *rentalan*. Ora let suwe aku lunga menyang *rentalan* komputer.

"Mas, arep ngrental.. sejam pinten?"

"Sejam sewu, arep karo nge-*print*, saklembare Rp 300."

"Nggih.. mboten napa-napa."

Basan wis telung jam aku nulis, wusanane rampung.
 "Huuuuuh.. rampung. Cerita lan tugasku wis rampung wusanane."
 mangkono clathuku ing ngarep komputer. Sawise ngrampungake tugasku,
 aku gage bali lan turu. Esuke, aku tangi mruput arep budhal sekolah.

"Bu, kula bidhal, nggih." Aku pamit karo Ibu lan Bapakku arep
 menyang sekolah. Bali sekolah, aku langsung tumuju nang BBY melu latiyane
 drama. Aku lega amarga critaku wis dadi lan kari numpuk ning BBY. Aku
 mbukak tasku.. aku nggoleki CD lan *print out* cerkakku. Aku banjur krungu
 swara "blek..crek."

"Apa kuwi?"

"He.. *cd-netugel*".

Nasib-nasib. Mung arep gawe cerkak kok alangane akeh temen.
 Komputer rusak, *cd*-ne malah tugel, *printout*-e kelunturan banyu. Aku
 jengkel banget.

Saiki dina terakhir pertemuan 'Bengkel Sastra Jawa'. Aku wis
 numpuk sing didhawuhake panitia kalebu cerkakku sing nggawe komputer
 lan dhuwitku enthek. Kriwikane wis dadi grojogan, uga wis kriwikan
 maneh. Masalah mbaka sithik ilang kaslamur karo masalah liyane. Nanging,
 wis lega rasa atiku soale aku wis rampung nulis.



Seruni Eka Novita Sari, siswa SMAN 6,
 Jalan C. Simanjuntak no.2, Yogyakarta,
 Telepon (0274) 562458.
 Lair 14 November 1989. Alamat omah, Jalan:
 Srikandi GKI/ 16 Demangan Kidul, Yogyakarta.
 Telepon 085643807452.
 Hobi: nulis crita, ngrungokke musik, maca novel.

BY

Lathifa Parayuha

Esuk iki katon endah, langite biru lan megane katon lambat-lambat. Srengengene semburat jingga, sajak isin arep pamer njalari swasana dadi adhem-ayem. Mangkono uga ing pasar Beringharjo. Ing pasar iku wis rame banget kebak wong. Ana kang lagi blanja, nawakke dagangane supaya cepet payu, rerasanan, lan liya-liyane. Pokoke sawenehe wong lan dagangan tumplek blek ing pasar mau. Ujug-ujug, swasana mau rusak amarga ana kang alok.

“Maling, maling, maliiiiing, copeeet, copeeet.”

Wong-wong padha noleh banjur ngoyak copet mau. Korban sawijining Ibu kang lagi blanja lan nyangking tas blanja.

“Woiiii.... Ana copet!”

“Endi copet!”

“Kae mlayu banter banget!! Ayo rewangi nyekel.”

“wooo...awas kowe copet!” Ora let suwe, copete kecekel. Buk, bak, buk. Mangkono swarane wong-wong kang nggebugi copet mau.

“Ampun, Pak! Adududuh.... Kula kapok!”

“Ampun ampun! Nek wis kecekel lagi ampun-ampun!”

“Tak lapurke polisi kowe!”

“Ampun, Pak. Hwadoooh... Ampun dilaporke polisi!”

“Kepenaken kowe!”

“Wis rasah kakehan *cincong* ayo padha digawa menyang kantor polisi!!!” Nguing... Nguing... Nguing... keprungu swara sirene polisi.

“Wonten menapa niki, Pak? Kok rame banget? Lha tiyang nika kenging napa, kok babak bundhas? Ketoke aku kenal?” pitakone salah sijining bapak polisi kang duwe jeneng Widodo.

“Menika ,Pak. Nem-neman menika ingkang wau nyopet Ibu ingkang nembe blanja.” “Sampun samenika bapak-bapak padha bubar mawon. Copete dados urusan kula.” Mangkono. Wong-wong sing ndelok padha bubar.

"Pak pak! Kula badhe nyuwunpirsa, Ibu kang kecopetan wau, samenika wonten pundi nggih?" pitakone Pak Widodo karo nyandhet salah sijining wong ing pasar mau.

"Oo wonten mrika pak. Wonten menapa nggih?"

"Ibu wau kedah nderek dateng kantor polisi maringi kaseksen kangge laporan."

"Oo mangga kula dherekaken."

"Matur nuwun, Pak."

Banjur Pak Widodo lan kanca-kanca didherekake saqwijining bapak kang nganggo topi ijo nggoleki Ibu kang kecopetan mau. Rada suwe anggone ngoleki mubeng pasar amarga ibu mau wis mlaku blanja maneh. Wusanane ketemu.

"Nyuwun sewu, Bu. Kula lan kanca-kanca saking kepolisian. Ibu kula suwun nderek dateng kantor polisi paring kaseksen kangge laporan." Ibu mau katon banget yen wedi lan bingung, amarga isih *shock* bubar kecopetan. Sajake pak Polisi mau ngerti yen Ibu mau wedi.

"Mboten napa-napa, Bu. Ibu mboten ditahan, Ibu namung perlu paring kesaksian ing kantor polisi." Ibu-Ibu mau manthuk-manthuk, tanda ngerti.

Sawise menahi kaseksen, Ibu mau metu saka kantor polisi. Ibu mau umure kira-kira 45 taun, asmane Bu Rini. Bu Rini isih katon pucet nanging wis ora kaya mau. Sajake Bu Rini isih wedi aja-aja ana sing arep nyopet meneh, ketok saka carane ndeleng dalam ing sakiwa-tengene. Tas blanja lan domete digegem kenceng.

Copet mau wusanane ditahan ing kantor polisi, dheweke wis ora suwala maneh amarga ana kaseksen saka Bu Rini. Copet mau duwe *inisial* By, umure 19 taun, lan wis suwe dadi buron polisi amarga bola-bali nyopet. Asiling nyopet mesthi dienggo ngombe *minuman keras*. By digiring menyang kantor polisi Pusa. t dheweke diadili lan ditahan sangang sasi lawase.

Ora krasa sangang sasi wis lumaku. Sawijining dina ing Malioboro ana bis kota liwat.

"Minal... minal... terminal mas? Sik sik...!!! yo!!!"

Ana nom-noman sing lagi wae munggah. Dheweke bingung,

thingak-thinguk golek panggon kanggo lungguh.

“Mas-mas !!! kene lenggah kene!”

Ana sawijining Ibu njawil pundhake lan nawani palungguhan ing jejere. Nom-noman mau banjur lungguh. Sawise lungguh sauntara, dheweke krasa menawa ibu ing jejere tansah ngematke dheweke. Nom-noman mau banjur mengo. Ibu mau tetep ngematke dheweke karo ngeling-eling kaya tau ketemu nanging embuh ing ngendi.

“Ibu!”

Nom-noman mau kaget banget basan kelingan sapa sing ngematke lan nawani dheweke lungguh. Jebul Bu Rini. Sawise terwaca lan kelingan marang kedadeyan sangang sasi kepungkur. Nom-noman mau banjur matur marang ibu ing sandhinge.

“Bu, kula nyuwun pangapunten. Rumiya kula nate nyopet Ibu. Samenika kula khilaf. Kula sampun janji mboten mbaleni malih. Ku kula sampun tobat.”

“Oalah...kowe to mas?” Bu Rini banjur kelingan kedadeyan sangang sasi kepungkur ing Pasar Beringharjo. “Kenging menapa, Bu?” pitakone nom-noman mau kaget. “Aku ora nyana ketemu wong sing mbiyen tau nyopet aku lan saiki lengguh ing jejerku, beda banget. Kowe wis dadi wong alim. Rasane kaya ngimpi. Dadi tanganku dak jiwit supaya aku yakin ora mung ngimpi. Jebul aku ora ngimpi. Iki nyata.. Alhamdulillah. Banjur kepriye critane?” “Sapa jenengmu, Mas?” “Kula Bayu, Bu.”

Durung rampung pitakonane Bu Rini marang Bayu, keprungu swara kenek bis sing bengok-bengok.

“Lapangan, lapangan, persiapan lapangan!”

“Pak lapangan! Nika tulung gawane.” Swarane Bu Rini karo gage ngadheg. Sinambi mlaku, Bu Rini ngajak Bayu karo nggandheng tangane.

“Mas Bayu, ayo mampir!!”

“Ning Bu, kula...”

“Wis rapapa ayo mampir nang omahku!”

Tangane Bayu mau ditarik karo Bu Rini. Wong loro banjur mudhun. Bayu nggawakke blanjane blanjane Bu Rini.

"Kuwi omahku, wis ketok, ora adoh to?" Basan wis tekan ngarep omah, Bu Rini ngajak Bayu mlebu." Ayo mlebu. Ora usah isin, dienggo wae sandale.

Bu Rini banjur nglebokake blanjane ing pawon. Ora let suwe metu maneh karo nggawa wedang.

"Iki wedange diunjuk, lan panganane uga di dhahar."

"Duwene mung iki. Oleh-oleh saka Bandung.

"Inggih, Bu."

"Matur nuwun, Bu. Kula malah ngrepoti."

"Ora papa. Santai wae. Ayo peuyeum-e dicoba. Iki enak, rasah isin-isin." Sawise ngombe lan mangan saanane. Bu Rini banjur nakoni lelakone Bayu sajroning sangang sasi.

"Piye critane, kowe bisa dadi kaya ngene? Aku dadi kepingin ngerti." pitakone Bu Rini. "Wis ora papa. Aku wis ngapurani kowe. Aku percaya kowe wis tobat lan ora bakal mbaleni maneh. Ha'a ta?" "Inggih, Bu. Matur nuwun. Ing penjara kula dipun panggenaken setunggal sel kaliyan Pak Karmo." Bu Rini kaya kaget krungu jeneng Pak Karmo. Nanging rasa kuwi bisa disimpen neng atine.

"Pak Karmo menika mlebet penjara amargi dipun wastani korupsi arta 2 milyar ing perusahaanipun. Nanging estunipun Pak Karmo mboten nate korupsi. Pak Karmo namung dipun *jebak* kaliyan kancanipun. Emanipun, Pak Karmo mboten gadhah bukti kangge mbela dhiri."

"Pak Karmo menika ingkang ngajari kula sholat. Tiyang ingkang nyadaraken kula saking margi ingkang sasar. Pak Karmo menika sregep ngibadah. sepisanan kula rumaos risi ningali Pak Karmo sholat lan maos Quran."

"Miturut kula, sholat lan maos Quran menika namung mbrebeki. Mboten wonten ginanipun. Mboten saged nulungi kula medal saking penjara. Mboten saged nulungi kula nalika rumiyin kula nandang kesisahan, pas kula lan keluarga kula kathah kabetahan, pas kula gadhah masalah. Nanging, Pak Karmo lajeng njlentrehaken menapa ginanipun sholat utawi ndonga marang Gusti Allah."

"Nate kula ningali Pak Karmo dipun tuweni kaliyan sinten kula mboten ngertos. Pas wangsul Pak Karmo kaya duka. Lajeng Pak Karmo

sholat sanajan dede wekdalipun sholat. Bibar sholat, Pak Karmo ketingal langkung tentrem manahipun. Kula kaget. Kula mboten nyana menawi sholat menika manfaatipun ageng sanget. Nanging wekdal menika kula tetep kukuh, kula *gengsi* menawi kedah ngalmpahi sholat.”

“Pak Karmo tetep kukuh ngajak kula sholat lan ngaji, nanging kula ugi tetep kukuh mboten purun, mboten onten ginanipun lan namung mbucal wekdal. Bayu leren sedela, ngombe wedange sing disuguh Bu Rini.

“Pak Karmo ngendika menawi awakipun piyambak dhewe gadhah kekajengan kedah onten prosesipun, mboten saged ujug-ujug kaleksanan. Sejatosipun menika caranipun Gusti Allah nguji kesabaran manah kita. Mepana awakipun piyambak tetep eling marang Gusti Allah utawi malah tambah tebih.”

“Pak Karmo kathah sanget maringi kula pitutur.”Mula ngandhani, kowe saiki tobata, nyuwun pangapura marang Gusti Allah, nyuwun diparingi gampang, nyuwun diparingi sabar. Lan kowe janji aja mbaleni maneh kesalahanmu sing mbiyen tau mbok lakoni.”

“Aku ora meksa, aku seneng yen kowe gelem sadar. Ibadah kuwi kudu ana niat kang becik, manteb, lan uga kudu amarga kesadaran ora amarga dakpeksa utawa sapa sing meksa. Tugasku mung nyadarke kowe, cah enom. Uripmu isih dhawa, ora becik yen kowe gawe ala kaya ngana wingi.”

“Sabanjure, aku njaluk ngapura yen aku duwe salah. Yen aku kerep ngejak-ngejak kowe, kamangka kowe wis mangkel. Tak dongake kowe cepet bebas. Muga-muga buku kuwi bisa nulungi kowe. Cepeta tobat, yo Le. Ojo lali marang wong tuwa iki. Muga-muga awake dhewe bisa ketemu maneh ing wektu kang luwih apik. Ojo gampang pupus atimu. Ojo lali donga. Saiki wis wektuku kanggo bebas. Paukumanku wis rampung. Sesuk esuk aku arep metu saka pakunjaran iki. Wis yo, assalamualaikum.”

“Sepisanan kula remen sampun mboten wonten ingkang nggangu kula ngajak-ngajak sholat. Nanging kula kasepen, kula kangen kaliyan swantenipun Pak Karmo. Lajeng kula nyobi mbikak buku paringan saking Pak Karmo. Sepisanan kula males, ukaranipun angel banget. Nanging kula tetep nyobi. Kula sampun mboten tahan ing nglebet pakunjaran. Kula kepingin bebas.

Wusananipun kula saged apal donga-donganipun. Kula nyobi, sepisanan namung sholat maghrib, lajeng mboten, teras tambah-tambah. Wusana kula saged sholat 5 wektu."

"Kula sadar mboten wonten ingkang siya-siya. Bibar menika urusan kula mlampah kanthi gampil. Kula bebas. Kula dipun taweni pedamelan ing penjara, dados uztad. Nanging mboten kula tampi, kula risi, kula dereng cekap ilmuniipun. Pihak penjara inggih maklum. Kula mboten nyana estu-setu diparingi margi ingkang gangsar." Bu Rini manthuk-manthuk. Mung meneng wae. Sajak ana sing dipikirke. Teka-teka Bu Rini nanging. Bayu kaget, ana apa kok ngerti-ngerti Bu Rini nanging.

"Bu, wonten menapa kok muwun? Kula nyuwun ngapuntèn menawi kula damel salah kaliyan Ibu, nanging kula mboten sengaja, kula mboten ngertos menapa sebabipun."

"Bubar krungu critamu, aku dadi kelingan karo garwaku."

"Wonten menapa kaliyan garwanipun, Ibu?"

"Kowe ngerti ora le cah bagus, Pak Karmo kuwi garwaku. Aku ora nyangka. Aku seneng banget. Aku. . . aku bingung arep ngomong apa. Aku seneng."

Bayu kaget, uga ora nyangka iki kebeneran utawa di sengaja. Pak Karmo sing nulungi Bayu, sing gawe Bayu dadi kaya ngene. Pak Karmo sing nyadarke Bayu saka tumindak nista bin ala bin tercela. Bayu luwih ora nyangka yen Pak Karmo iku garwane Ibu sing mbiyen tau di copet.

Bayu ngucapke syukur, ketemu sing wis nulungi dheweke, nanging uga isin ditulung akeh banget. Bayu trenyuh atine. Bener kandhane Pak Karmo, Gusti Allah iku Maha Murah lan Maha Gedhe. Bayu ora ngerti piye carane mbales Pak Karmo lan Bu Rini kuwi sing wis apikan lan nulungi dheweke akeh banget. Bayu mung bisa donga muga-muga, amale Pak Karmo lan Bu Rini dibales karo Sing Kuwasa.

"Bu, kula mboten nyana, kula lingsem, kula maturnuwun sanget kaliyan Bapak saha Ibu. Samenika priipun kabare Bapak?" Pak Karmo apik-apik wae kok. "Wong loro mau gumeman nganti ora sadar yen Pak Karmo kondur.

"Assalamualaikum. . ."

"Wa'alaikumsalam. Eh Bapak wis kondur. Iki ana tamu spesial,

kancane Bapak.” “Kanca?! Sapa, Bu?” Pak Karmo bingung. Pak Karmo banjur mlebu nemoni tamune. Pak Karmo pangling nanging ora suwe.

“Oo kowe to Le? Piye kabare?” ngendikane Pak Karmo karo ngangkul Bayu suwe banget. Sawise crita lan kangen-kangenan, Bayu nyuwun pamit arep bali.

“Omahmu ngendi, Le? Ayo dakterke bali.”

“Matur nuwun, Pak. Mboten sisah, kula sampun ngrepoti kathah sanget.” “Yo wis, ati-ati yo, Le!! Kapan-kapan mampir mrene ya ngancani Bapak lan Ibu.” “Insya Allah, Pak. Kula pamit rumiyin. Assalamualaikum.” “Wa'alaikumsalam. Ati-ati!!!”



Lathifa Parayuha, siswa SMA 7,
Jalan: MT Haryono 47, Yogyakarta.
Telepon (0274) 377740.

Lair 8 Juni 1991. Alamat omah, Kromodangsan,
Lumbang Rejo, Tempel, Sleman, Yogyakarta.
Telepon (0274) 7164626.

Hobi: maca

KORBAN

Ivonne Oktaviani

Sore kuwi ing omahe Cyelin.

"Fell, ora krasa awake dhewe wis mlebu SMA, ya. Kayane lagi wingi aku, Kezia karo kowe ndaftar bareng mlebu SMP," kandhane Cyelin marang Fella. "Iya, Lin. Nanging aku rada jengkel nalika MOS wingi kae. Kakak kelase dhewe mrintah-mrintah sakepenake dhewe."

"Ora kaya ngono, Fell. Jenenge wae MOS, ya kudu kaya ngono. Wingi nalika 'makrab' kakak-kakak Pembina MOS wis njaluk ngapura. Dheweke padha ngrumangsana wis gawe kaluputan marang murid-murid anyar," wangsulane Kezia. "Yaw is, saiki wis bengi. Sesuk padha sekolah. Ayo, Kez mulih bareng," Fella ngajak Kezia. "Aku karo Fella mulih dhisik ya, sesuk mangkat sekolah bebarengan."

Kezia lan Fella banjur mulih menyang omahe dhewe-dhewe. Cyelin, Kezia, lan Fella kekancan wis suwi banget. Wiwit SD nganthi saiki. Fella iku anak tunggal, nanging Bapak lan Ibune wis pegatan, dadi dheweke kurang kasih sayang. Yen Kezia, wong tuwane sugih, duwe adik lanang, nanging duwe lara kanker. Cyelin kuwi anak tunggal, ayu, sugih, lan pinter, Nanging Ibune wis seda lan Bapake ora tau ngurusi amarga sibuk karo gaweyane dhewe.

Yen didelok-delok, Cyelin kuwi bocah sing paling bejo, nanging ana siji kekurangan sing nggawe Cyelin ora *pede* lan kadang-kadang diseriki karo kancane. Mripate Cyelin wuta, ora bisa ndelok apa-apa. Mulane kancane loro kuwi, Fella lan Kezia saben dina yen arep mangkat sekolah, ngampiri Cyelin dhisik lan nuntun tekan sekolah. Sekolahe cedhak karo omahe Cyelin. Tekan sekolah, Fella sing wiwit mau mbesengut, pamitan,

"Lin, Kez, aku ning kamar mandi dhisik, ya!" Cyelin karo Kezia durung nyauri, Fella langsung mlayu. Kezia bingung amarga Fella ora kaya biyasane. Sawise Kezia nglungguhake Cyelin ning bangkune, Kezia langsung nggoleki Fella. Kezia ngerti Fella karo Susi lagi omong-omong wong loro.

Ora sengaja Kezia krungu. Kezia kaget nalika krungu menawa Fella apikan karo Cyelin kuwi sejatine ora ikhlas. Fella wis bosen saben-

saben kudu nuntun Cyelin menyang endi-endi. Nanging, Fella tetep imba-imba apik karo Cyelin amarga Fella butuh duwit kanggo tuku *hape*. Ooo, dadi yen Fella imba-imba apik karo Cyelin, mesthi Cyelin gelem menahi dhuwit Fella.

Kezia kaget banget lan ora nyana menawa Fella serik banget lan duwe niat ala marang Cyelin. Kezia bingung arep kandha Cyelin apa ora. Wusanane Kezia niat arep kandha karo Cyelin amarga Kezia tresna banget karo Cyelin lan ora trima menawa Cyelin arep dicilakani kaya ngono.

"Lin, aku arep kandha karo kowe nanging kowe aja kaget, ya. Fella kuwi saktene ora ikhlas kekancan karo kowe. Dheweke apik karo kowe amarga duitmu, kowe mesthi ngati-ati karo Fella!" Kezia ngomong karo Cyelin.

"Mosok Fella kaya ngono Kez, aku ora percaya," Cyelin maido.

Esuke, Cyelin ngajak Fella mlaku-mlaku amarga Cyelin arep takon karo Fella apa sing diomongke Kezia kuwi bener. Sawise ditakoni, Fella langsung ngamuk lan ngomong menawa sing gawe-gawe Kezia amarga Kezia ora seneng menawa ndeleng Fella cedhak karo Cyelin. Fella imba-imba nangis supaya Cyelin mesaake karo Fella. Wusanane Cyelin luwih percaya karo Fella tinimbang karo Kezia. Wiwit dina kuwi, Cyelin ora tau ngomong karo Kezia, ora kekancan maneh karo Kezia. Cyelin dadi luwih cedhak karo Fella.

Sawijining wektu, Fella ngajak Cyelin mlaku-mlaku ning taman sing aduh karo omahe Cyelin. Tekan taman, Fella nembung njaluk duit karo Cyelin, alesane arep kanggo mbayar sekolah, amarga wis nunggak 6 wulan. Amarga Cyelin mesakake, banjur Fella diwenehi dhuwit. Sawise diwenehi duit, Fella ngrasa kurang, banjur nyolong dompete Cyelin sakisine. Sawise nyolong, Fella ninggallake Cyelin dhewekan ning taman kuwi. Cyelin bingung lan ora bisa bali. Bejane ana wong sing gelem nulung Cyelin lan ngeterke bali tekan omah.

Esuke, mangkat sekolah Cyelin diterke dening rewange. Tekan sekolah Cyelin entuk kabar yen Fella wis pindah sekolah krungu menawa Kezia mondhoek ning Rumah Sakit amarga lara kankere kumat. Cyelin langsung lunga Rumah Sakit diterke sopire. Tekan Rumah Sakit, ibune Kezia nangis karo ngrangkul Cyelin. Ibune Kezia ngendika yen Kezia wis seda lan Kezia pesen yen korena mripate arep didonorke marang Cyelin. Krungu kaya mangkono, Cyelin ora sudi nampa, nanging Ibuke Kezia ngendika

menawa kuwi mau wis dadi wangsite Kezia, dadi ora bisa ditolak.

Wusanane Cyelin bisa ndeleng maneh amarga entuk donor saka mripate Kezia. Cyelin rumangsa salah marang Kezia, saiki Cyelin wis sadar lan ngerti sapa sing apik lan sapa sing ala. Cyelin nangis ning ngarep kuburane Kezia njaluk pangapura.

Ivonne Oktaviana, siswa SMA BOPKRI 1
Jalan Wardhani no.2, Yogyakarta. Telepon
(0274) 515359, 517800.
Lair 20 Oktober 1989. Alamat omah, Jalan Pedak
Baru no.17, Gowok, Yogyakarta.
Telepon (0274) 488543.
Hobi: jalan-jalan.

ORA SAENDAH PENGANGEN-ANGEN

Apri Nur Wulandari

Aku ora nyangka menawa lungaku menyang pasar, Minggu wingi, bakal ketemu karo Ditya, kanca lawas nalika SMA. Mung dak ngetke, dakeling-eling sapa sakjane dheweke amarga aku rumangsa uwis tepung suwe. Aku pangling, dheweke saiki beda banget karo biyen. Nalika SMA dheweke katon resik awake, putih kulite, lan akeh guyune. Ananging saiki, awake kaya ora dirumat, reged, kaya uwong kang lagi nandang sungkawa.

"Mesthi kowe pangling karo aku sing saiki, Nung?" dheweke miwiti omongan karo ngajak salaman. "Apa kowe Ditya, kanca SMA-ku mbiyen?" pitakonku kanggo mantepke atiku dhewe. "Iya bener, iki aku Ditya kanca raketmu biyen! Aku pancen beda karo biyen. Akeh sing njalari aku dadi kaya mangkene."

"Ditya, atiku seneng banget bisa ketemu karo kowe, kanca raketku mbiyen. Menyang endi wae kowe sajroning patang taun kepungkur? Kok ora ana kabar? Apa sing njalari kowe dadi kaya mangkene?" pitakonku kebak rasa gumun.

"Akeh Nung sing njalari aku dadi kaya mangkene. Kapan-kapan bae dak critani yen dolan menyang omahmu. Saiki aku lagi akeh gawean ngrewangi Ibu nang pawon." "Ya uwis nek saiki lagi akeh gawean, dak tunggu critamu. Ibuku mbok menawa uwis ngarep-arep blanja iki. Kapan kowe arep menyang omahku?"

"Rebo sesuk wae kepriye? Kowe ora kuliah, to?"

"Ya ora apa-apa, dina Rebo aku prei, kok!"

"Ya uwis, Nung. Aku mulih dhisik!"

"Ati-ati nang ndalan!"

"Ya!"

Nalika ing ndalan mulih seko pasar, aku mikir nasibe Ditya saiki. Pitakon ngapa saiki Ditya dadi mangkono? Isih dadi teka-teki nang pikiranku.

"Kula nuwun!"

"Nggih, kok suwe banget anggonmu menyang pasar?" pitakone

Ibu saka njero omah. "Kula wau kepanggih Ditya wonten pasar, Bu. Lajeng omong-omong sekedhap." "Lho, Ditya kanca SMA-mu kae? Kepriye saiki kabare?" "Inggih, Bu. Samenika Ditya benten sanget kalih rumiyin. Kados saweg nandang sungkawa. Ananging kula mboten ngertos punapa ingkang njalari. Benjang Rebo Ditya badhe sanjan mriki."

"O...ngono, ya uwis sesuk Rebo ditemoni, Ibu ora bisa nemoni amarga arep lunga. Menawa bisa kowe mbantu Ditya, sapa ngerti dheweke lagi ana masalah."

"Inggih temtu, Bu"

"Blanjane digawa menyang pawon, gek diraciki jangananane!"

"Inggih, Bu!"

Rebo sing dak tunggu-tunggu uwis teka. Kira-kira jam 9 awan mesthi dheweke teka, rasanku nang ati.

"Kula nuwun."

"Mangga. Eh Ditya, kene mlebu, lungguha dhisik!" "Ya Nung, nuwun." "Kepriye mau, ora kesasar, ta?" pitakonku karo ngladekke wedang. "Ya ora, masalahe mbiyen kerep dolan mrene. Ngomahmu kok sepi. Bapak-ibumu tindak ngendi?" "Agek padha tindakan. Embuh ana acara apa aku kurang ngerti." "O...ngono." "Kepriye?"

"Ngene Nung, kaya janjiku minggu wingi. Menawa aku bakal crita karo kowe babagan kahananku saiki. Nanging kowe perlu ngerti Nung, aku crita iki mung karo kowe, wong liya ora padha ngerti kahananku sing sejatine. Aku percaya menawa kowe bisa njaga atiku. Kowe ora bakal nyebarke karo wong akeh. Aku percaya karo kowe, Nung." "Iya Dit, aku bakal njaga atimu. Sakjane apa wae kang wis kok alami patang taun kepungkur iki. Jujur, Dit. Ketoke kowe lagi wae etuk masalah gedhe."

"Mengkene, lebar lulus SMA aku karo Ibu melu dadi TKW nang Malaysia nanging *ilegal*. Aku ngerti menawa risikone gedhe, nanging kepiye maneh. Mumpung ana sing nawani. Aku kepengin banget ngrewangi Ibu golek dhuwit. Sapa ngerti bisa nerusake kuliah nganggo dhuwitku dhewe. Mangkono angen-angenku mbiyen. Ananging kuwi kabeh mung dadi impen. Saiki aku malah kaya mengkene. Awakku rusak, Nung." tuture Ditya karo mrebes mili.

Aku uga melu mrebes mili. Nasibe Ditya ngenes banget. Sanajan aku durung ngerti kepiye dheweke nang Malaysia kana, nanging aku mbedhek mesti dheweke nang kana dipilara.

"Terus kepiye panguripanmu nang kana?"

"Aku pisah karo Ibuku. Kabar sing dak rungu, majikanne Ibu wonge apikan. Wiwit tekan Malaysia aku durung ketemu karo Ibuku maneh nganti saiki. Aku ora pamiit langsung karo Ibuku menawa aku mulih rene. Pesenku mung dak titipke karo kancaku. Mbiyen lebar aku tekan kana, aku etuk majikan sing apikan, ananging mbok menawa pancen uwis dadi nasibku. Majikanku sing apikan mau pindhah tugas menyang Bangkok."

Banjur aku etuk majikan sing gaweane mung nyiksa aku terus. Majikanku wonge *arogan* banget kajaba kuwi omongane dheweke bebasan esuk dhele sore tempe. Menawa dheweke muni A, aku wis nglakoni apa prentahe nanging dheweke malah muni nek mau prentahe muni B. Menclamenclaya kaya ngono. Menawa wis ngono mengko aku sing disalahke aku sing dadi sengsara."

"Dadi kowe saiki kaya mangkene jalaran penggawene majikanmu sing ora nduwe rasa kamanungsan kuwi? Ngapa kowe ora nglawan majikanmu?" "Pancen majikanku sing nggawe aku kaya mengkene. Ora nglawan kepiye? Saben dheweke nglarani, aku nglawan terus, nanging etuk-entukane malah kaya mengkene. Tangan, geger, rai, sikilku dadi korban."

"Dadi kabeh cacat sing nang awakmu iki amarga penggawene majikanmu. Menawa aku etuk ngerti, kepriye dheweke nyiksa kowe?" "Dak critani, Nung, kepiye rasane disiksa kaya mengkene. Dina kuwi aku kesuwen menyang pasar amarga dhedhel banget pasare. Basan bali, tekan gomah aku langsung disiram nganggo banyu panas."

Raiku iki sing kena. Rasane perih banget, Nung. Rai iki rasane kaya kobong. Durung rampung tekan kuwi. Lebar aku mlebu, gegerku ijik disiram nganggo wedang panas banjur disunduk-sunduk nganggo wesi. Dadine kaya mengkene Nung. Delenga dadi kaya sisik ula. Wektu kuwi rasane perih, getihe akeh banget. Aku blas ora bisa suwala. Ora mung kuwi sing dak etuk nalika nang kana. Seka perkara cilik ngasi gedhe.

Sapu, kayu, wesi wis mesthi dadi pangananku saben dina. Rong taun dak sabar-sabarke nrima uripku sing kaya mangkono, ananging sangsaya suwe aku mikir, sangsaya lara ati lan awakku. Aku mikir terus kepriye carane supaya bisa minggat saka kana.

Ngasi sajroning dina aku dilarani maneh, iki sing paling lara, sing

marahi aku dadi pincang, syaraf dhengkulku kena wesi nalika aku nglawan, rasane wis kaya sekarat. Syukur aku isih diparingi Gusti kekuwatan kanggo urip, isih bisa mlaku sanajan pincang. Nalika kuwi aku mikir kudu bisa lunga saka papan kana. Aku mikir kepiye carane. Majikanku nglarani aku maneh, nanging wektu kuwi aku bisa nglawan dheweke.

Aku langsung minggat, aku mung nggawa awak karo dhuwit sing dak duweni. Pokoke wektu kuwi sing dak pikir mung kepiye carane aku bisa lunga saka sajroning neraka. Aku ora mikir arep lapor karo kepolisian Malaysia amarga aku wis ngerti ora ana gunane, mesthi wae polisi mbela majikanku." mangkono critane Ditya karo aku.

Aku ngasi mrinding nalika weruh gegere sing kaya mangkono, kaya sisik ula, bolong-bolong. Kabeh gegere kaya mangkono blas ora ana sing alus. Sikile saiki pincang. Krungu critane wae aku wis krasa miris, apa maneh menawa ngadhepi langsung. Nasibe Ditya pancen melas tenan. Aku wis ora ngerti kepiye maneh menawa aku sing ngalami kaya mangkono. Atine dheweke pancen teteg tenan. Kuwat nglakoni urip sing kaya ngono.

Saka critane Ditya aku banjur mikir, nang ngendi wae majikan-majikan kuwi pancen padha *arogan*, mung gelem mikirke wudele dhewe. Ora ming nang Indonesia, negara liya akeh sing ngono. Muga-muga wae padha etuk ganjarane. Pangarep-arepku ya mung muga-muga wae *generasi penerus* ora tansah mikirke wudele dhewe. Gelem ngerti lan mikirke nasibe wong cilik. Amrih bangsa Indonesia kuwi bakal maju, ora mung maju babagan korupsi bae.

Bubar crita mangkono, Ditya banjur pamitan. Aku lega, Ditya kancaku saora-orane isih bisa slamet lan saiki tetep semangat nyambut gawe ing kuthane dhewe. Ditya janji menawa arep terus wiraswasta ora arep nyambutgawe melu uwong maneh. Dheweke wis jinja.



Apri Nur Wulandari, siswa SMAN 2, Jalan Bener
30 Tegalrejo, Yogyakarta.

Telepon (0274) 563647, 520079.

Lair 10 April 1990. Alamat omah,

Jatingarang Kidul, RT.47, RW.17, Jatisrono,
Nanggulan, Kulon Progo, Yogyakarta.

Telepon 085228533317.

Hobi: maca buku (*teen-lit*)

PINTER MINTERI

Ratri Primadiati

Bagus kerep ngguyu dhewe ndelok polahe rewange kang kembar, Tuti lan Tati amarga yen omong-omongan mesthi kerik-kerine kerengan. Kaya wektu subuh kuwi, Bagus ora sengaja krungu Tuti lagi omong-omongankaro Tati

"Ti, Tati... mesakake Ibu, ya?" jare Tuti. "Ana apa?" Tati sing lagi marut kambil katon ora patio nggatekake. Bagus mepetake awake ing tembok dheweke pengen ngerti apa kang arep diomongake wong kembar kuwi.

"Kuwi, pesenan panganane saiki lagi sepi..."

"Oh, iya."

"Ibu saiki lagi mbutuhake duit akeh kanggo mbayar sekolah Mas Bagus lan Mbak Suci..." "Iya, ya..."

Tuti mbesengut nyawang sedulur kembare kang mung nonton iklan ing TV. Banjur Tuti nguncalake serbet mambu kang mentas dienggo gelap wajan neng raine Tati.

"Tati, tampanana iki!" mangkono mbengoke Tuti. Tati gelagepen banjur muring-muring, Tuti mung bisa nyengir. Bagus ngguyu nyekakak nganti ora rumangsa yen Ibu wis jumeneng ing sandhinge.

"Ngapa kowe, Gus. Kaya kucing ngincer iwak asin?"

Bagus kaget banjur noleh. "Eh, Ibu. Menika nembe nedha roti." Ibu banjur tindhak tumuju pawon. "Wong ngelih kok nganggo nginjen barang. Wis sholat subuh durung?" "Sampun, Bu."

Tuti lan Tati kang ndelok Ibu teko banjur mandheg olehe muring-muring lan nerusake pagaweane. Ibu nyawang rewange kaya-kaya arep ngendika nanging abot. Tati kang apal nyawang pakulinane Ibu banjur takon.

"Wonten menapa, Bu? Badhe dhawuh menapa?" Ibu mesem radha kapeksa banjur ngendika. "Nggg, iya. Ngene iki, Tuti, Tati...Ibu arep ngendika..." "Nggih dhawuh kemawon, Bu." Ibu nyedaki Tuti lan Tati.

"Mbokmenawa kowe wis ngerti yen saiki pesenan panganan lagi sepi."
Tuti lan Tati ora semaur.

"Njalari olehku entuk duit sethithik."

"Lajeng?" oyake Tuti. "Aduh, Ibu ora bisa ngendikake. Iki ndadekake Ibu prihatin." "Bu, ngendika kemawon. Mboten sisah tedheng aling-aling," ujare Tati. "Dadi...dadi kepeksane aku kudu ngelongi salah siji ing antarane kowe sakklaran. Kanggone Ibu abot lan sumedot kudu pisah ing antarane kowe, nanging Ibu ora kuat nyangga."

Tuti lan Tati kaget banget kaya-kaya mentas ana bledheg kang cerak marang dheweke. Wong loro mau banjur kumecap bebarengan.

"Bu, kula mboten saged pisah! Menawi sampun mboten dipunkersakaken, sedaya dipunlereni kemawon." Ibu meneng. Bingung. Bagus kang isih nguping gela banget krungu omongan Tuti, Tati, lan Ibu banjur dadi melu-melu bingung. Padahal mau pas nguping, karepe kan arep golek seneng. Karo sebel lan sirah mumet mikirake kahanan kuwi, Bagus mlaku tumuju kamare. Luwih becik tata-tata adhus, banjur mangkat sekolah.

Bali sekolah, Bagus lan Suci ameh bareng olehe tekan omah. Kahanan ing jaba pas kuwi pancen panas, gawe ngorongan garing. Ameh bebarengan wae Bagus lan Suci mbengok ngundang si kembar Tuti lan Tati arep kongkonan gawe es jeruk.

"Tutiii, Tatiii...gawekna es jeruuuk!" bengoke Bagus lan Suci sinambi lungguh ing lincak. Ibu metu nggawa rong gelas es jeruk. Bagus lan Suci ndomblong.

"Ingkang dipuntimbali Tuti lan Tati, kok Ibu ingkang medal?" Ibu menehake gelas es jeruk marang Bagus lan Suci. Banjur ngendhika, "Tuti lan Tati wis ora nyambut gawe ing kene maneh..." Bagus lan Suci kang lagi ngombe es jeruk banjur keselek.

"Pesenan panganan lagi sepi dadi Ibu ora duwe duwit maneh kanggo mbayar wong loro. Sakdurunge Ibu njaluk salah sawijining wae mandheg nanging jarene wong loro kae ora bisa dipisahake." Bagus lan Suci banjur ora kepenak ngrungokake kabar kuwi. Bagus lan Suci mung bisa ngematke Ibu mesakake. Tanpa ngenteni rasanen anak-anake, Ibu banjur nerusake pagaweane ing pawon. Suci ngematke Bagus kang isih meneng.

Adhine kuwi pancen wis krungu kedadean mau esuk, nanging ora ngira masalah bakal segedhe iki. Suci banjur nyusul Ibu ing pawon.

"Nembe ndamel menapa, Bu?" pitakone Suci. "Roti pisang. Kebeneran wit gedhang mburi omah wis mawoh, dadi Ibu gawe roti wae. Gelem?" Ibu menehi siji roti saka piring. Suci ngicipi lan banjur kesengsem.

"Wah, eco, Bu. Pripun bilih roti-roti menika dipunsade kemawon?"

"Ah, arep didol neng endi?"

"Wonten sekolah kemawon. Kengken Bagus mbeta roti-roti menika. Mesti laris, kok. Lare-lare sekolah kan remen jajan sedaya!" Ibu manthuk-manthuk.

"Bener banget. Ning apa si Bagus gelem?"

"Babagan menika Suci kemawon ingkang atur!"

Suci banjur nemoni Bagus kang isih ndomblong ing omah ngarep. "Gus, aja ndomblong terus. Awake dhewe kudu ngewangi Ibu. Dadi sesuk kowe kudu dodol roti gawean Ibu ing sekolah!" Bagus kaget.

"Menapa? Nyade roti? Roti menapa?"

"Aja kakehan takon, pokoke kowe, wong lanang kudu ngewangi Ibu golek duit. Oke?" Bagus saya ndomblong.

Sakjane Ibune ora ameh kongkonan Bagus dodolan, utawa Suci ngewangi gawe roti. Kanggo Ibune, pagawean bocah-bocah kuwi sinau. Lan kuwi wis cukup abot, ora perlu maneh ditambahi karo urusan golek duwit. Nanging amarga Suci maksa, kuwatir ora ana duit maneh kanggo blanja, mula subuh-subuh, pas si pitik jago kluruk, ibune wis nggugah Bagus sinambi nyangking kranjang.

"Gus, iki roti kang kudu mbok dol! Ibu wis lek-lekan sewengi nggawe roti-roti iki!" Bagus gelem ora gelem kudu nampa.

Esuk-esuk ing sekolah, Bagus ora wani langsung mlebu lewat regol ngarep. Bagus isin nggawa kranjang roti. Kaya ibu-ibu wae. Dheweke banjur celingak-celinguk sinambi mlebu liwat lawang cilik ing sanding sekolah. Bocah-bocah kang lagi teka, padha ndomblong ndelokake si Bagus.

Lagi mbesengut dimatke bocah-bocah, ngerti-ngerti Ayu teka. Bocah kang ditaksir Bagus.

"Eh, lagi ngapa ki?"

"Eh, anu...anu...ro-ro-rooo..."

"Roro Jonggrang?"

"Oh, dhudhu. Iki aku sengaja nggawa roti kanggo kowe kok..."

Bagus kelingan yen roti kuwi kanggo didol, dhudhu gratis. Tapi Bagus leleh- luweh. Malah banjur menehake roti-roti kuwi marang Hana. Ayu seneng banget digawakake roti. Banjur ngicipi.

"Enak banget, kepriye yen aku gawa ing kelas kanggo dibagi-bagi marang kanca-kanca? Oleh ora?" "Oleh. Oleh. Gawa wae!"

Bubar sekolah, wektu srengenge lagi panas-panase madangi bumi, Bagus kesel banget ora semangat mlaku ing trotoar. Kaya biyasane, Bagus mlaku dhewe. Dheweke ora wani bali, amarga wedi diseneni Ibune. Bagus ngupayakake golek ide, nanging mentok terus. Lagi sedhik-sedhihe, ngerti-ngerti saka sebrang dalan teka Mas Hari, tepungane biyen.

"Eh, Mas Hari?"

"Bagus, ya? Kowe ameh ing endi, Gus? Kok nggawa kranjang barang?" "Eh, anu...mau dikengkeng blanja kalihan Ibu. Mas Hari piyambak badhe dhateng pundi?" "Ah, aku ora ameh ing endi-endi. Aku ora nduwe tujuan, Gus. Mumet. Saiki aku wis ora nyambut gawe maneh. Mulane yen bisa ewangana aku, Gus. Aku gelem wis pagawean apa wae."

"Saestu, Mas?"

"Temenan, Gus. Aku gelem pagawean apa wae. Aku mung butuh papan ngeyup lan mangan sajroning telung sedina. Tulungi aku, Gus." Bagus bingung. Kepriye cara nulung Mas Hari iki? Ngerti-ngerti wae dheweke entuk ide apik.

"Eh, Mas, kepriye yen nyambut gawe neng omahku dhisik? Ngewangi Ibu neng pawon. Nanging kanggo wiwitane mungkin ora dibayar dhisik..." "Pawon? Mesthine akeh panganan?"

Tanpa mikir suwe, Mas Hari banjur setuju. Bagus uga ngajak Mas Hari menyang omahe. Tekan omah, Suci methukake Bagus kanthi mesam-mesem.

"Wah, kayane laris kabeh rotine, ya, Gus? Untung gedhe?"

Bagus ora nggatekake mbakyune, banjur dheweke ngomong marang ibune

kang lagi nanggung ngedhuk liwetan.

"Bu, tepangaken. Menika Mas Hari, Bu." Mas Hari manthuk hormat marang ibune Bagus. Nanging Suci banjur duwe firasat elek. Dheweke ngerti banget adat si Bagus yen duwe salah. Seneng ngenggokake omongan. Suci banjur narik Bagus ing pojok ruangan tengah, ora lali ibune uga melu digeret.

"Gus, kowe durung mangsuli pitakonanku!"

"Bab menapa?" Bagus etok-etok ora ngerti. "Bab bathen dodolan roti!" Ibune uga dadi pengen ngerti. "Ho-o, Gus, apa rotine entek kabeh?" Bagus manthuk. Suci sumringah. "Hebat, kowe. Kowe pancen duwe bakat dodolan. Terus duité endi? Wenehake Ibu lo!" "Artane ugi telas." Suci lan ibune mendelik.

"Entek?"

"Nggg, kenging niki, Bu. Bab arta menika, sakleresipun wonten sesambetanipun kaliyan Mas Hari. Sedaya duit dodolan roti kangge mbayar Mas Hari nyambut damel ing ngriki." "Nyambut gawe neng kene?" ibu kaget. "Inggih.

Bagus melas yen Ibu mboten kagungan rewang. Yen Mas Hari, kan sregep. Ibu mboten sisah sayah-sayah malih. Piyambakipun saged umbah-ubah, ngepel, mbeneraken gendheng, dolanan sulap, pokokipun murakabi sedaya, lah. Lan kalih wulan menika mboten digaji amargi sampun kula bayar ngangge arta bathen roti!" Ibune isih arep ora terima nanging Bagus kanthi licikke memelas maneh,

"Kula mboten tegel nyawang Ibu tumadang damel piyambakan. Mangke Ibu gerah, lho!" Ibune bingung nganti wusanane setuju. "Nah, sesuk jatahe Mbak Suci kang mbeta roti ing sekolah!" jare Bagus seneng.



Ratri Primadiati, siswa SMAN 7

Jalan: MT Haryono 47, Yogyakarta.

Telepon (0274) 377740.

Lair 23 April 1991. Alamat omah, Onggobayan

106 A, RT.02, Jalan: Wates km. 3,5, Ngestiharjo,

Kasihani, Bantul 55182. Telepon (0274) 617051.

Hobi: maca.

DINA-DINA DINA

Kinanti Oktavian Alif

Tanggal 13 Mei 2007 esuk. Ning ngarep gerbang sekolah sing arep ditutup. Aku tangi kawanan maneh. Rasane ya gela, ning piye maneh. Bola-bali telat, suwe-suwe ditiwani karo guru piket nganti diparabi "tukang telat". Esuk uwi, pancen gaweyanku neng sekolahan akeh banget. salah sijine kudu nyiyapake proposal kanggo pentas seni.

Tanggal 29 Mei 2007, wektu jam ngaso kapisan, ing ngisor wit klengkeng ngarep kelas IPS 3, "Din, ransane ki kesel banget, ya! Ngerti ra. Ki, swaraku nganti entek mbengoki adik kelas sing melu latiyani baris-barbaris. Pisanane aku wegah dadi komandan peleton, ning kok ora ana sing gelem ngganteni. Ngoni lho! Mangkakna, sesuk aku, ya, kudu melu latiyani kepemimpinan ning Kaliurang bareng cah-cah karang taruna. Piye, ya? Mangkat ora, ya?"

Mangkono sipate Nilam, kanca akrabku wiwit kelas siji. Aku wiwit akrab karo dheweke nalika melu pelatyan jurnalistik. Ing sekolahan, aku lan Nilam sok-sok rada regejegan amarga dheweke cemburu marang Mas Aziz, kanca ana ing OSIS.

Tanggal 30 Mei 2007.

"Din, arep ngadep Pak Edi, kapan, ki proposale wis dadi. Graha sekertarisku, senenge. ya, nyusu-nyusu ngajokke proposal karo Pak Edi, guru wakil kepala kesiswaan, kanggo ngadani pentas seni. Nanging, aku wis siap-siap menawa proposal ditolak.

"Lha, iki lak neko-neko, ta? Ana ngendi pentas seni ing sasi Agustus, kuwi rak padha wae ngganggu bocah anyar sing lagi mlebu karo para siswa sing padha ngurusi kalulusane, ta? Tur, ya, apa. kowe padha isa nganake acara sagedhe iku, wong kowe, ya, padha ngerti dhuwit sekolah ora mung gawe sesenengan macem ngono, ya, ra?", Pak. Edi ngendika karo rada emosi.

Tenan, apa kang dadi kekuwatiranku kedadeyan. Aku isih ora mudheng, kaya-kaya Pak Edi ora nate seneng menawa bocah-bocah nganakeke pentas seni. Miturut dheweke, kabeh mau mung ngobral dhuwit.

Aku kerep ora ngerti ngapa, kok, sekolahku ki, ketoke ora pengen maju-maju. Ming gedhe omongane thok, endi sing sing arep ngembangake fasilitas teknologi informasi, ning lab komputer ora isa dienggo. Trus isih akeh guru kang ora niyat mulang. Luweh, atiku judheg.

Tanggal 02 Juli 2007, ing ngarep tivi, wis neng dhuwur kasur ning isih krasa adhem. Sedilit maneh bakal ana ujian akhir semester, rasane pendhak dina tambah abot wae garapane. Tugas-tugas akhir semester, kaya gawe laporan wawancara, gawe presentasi seni rupa, gawe laporan koperasi, karangan basa jawa lan basa Inggris, lan tugas-tugas angel liyane sing kudu ditumpuk paling telat minggu iki, terus minggu ngarep ujian akhir semester dileksanake, durung maneh ana tes pertukaran pelajar ning Australia. Mula aku latiyani karawitan, sapa ngerti bisa tak anggo sangu menyang Australia. Wong tuwaku nyengkuyung banget program kuwi.

Tanggal 09 Agustus 2007, uian terakhir, Matematika sing angele ora jamak "Heh, sst, Dina! Sst, mrene, Din!," Bowo ngundang pengin golek contonan. Nanging, pancen dudu bejane Bowo. Dheweke konangan karo guru pengawas. Banjur, Bowo dikon metu saka kelas.

13 Agustus 2007, ing ruang gawat darurat Omah Sakit Sardjito, lebar maghrib.

"Jantunge mundhak suwe mundhak alon. Piye, arep dipacu, ora?" pitakone salah perawat kanthi ngematke *cardiograph* sing garise mundhak alon lan lurus. "Pacu jantung," prentahing dhoktere. Dhokter wedok mau banjur mlaku ing sisih kiwa, siap-siap macu jantunge pasiene.

"Siap..... Yak!!!" dhoktere maringi tanda.

Awak pasien mau klojotan kaping telu. Tandha garis ijo ing *cardiograph* wis nuduhake menawa pasien mau isih urip. Ora ana sing kenal karo pasien mau. Cah wedok sing sajane ayu, ning awake wis ora rupa, balunge akeh kang tugel, kulite sing putih wis kebak getih. Umure udakara pitulas taun. bocah mau ketabrak trek *container*. Motore wis ora rupa. *Handphone* lan tase embuh ana ngendhi.

Wektu iku, Nilam clingak-clinguk mlaku ngalor ngidul ing ngarep ruang gawat darurat. Ibune sing ditunggu ora njedul-njedul. Kepara, dheweke arep ana les tari susulan lan njaluk diterke. Nilam ora sabar. Dheweke mlebu ing ruang gawat darurat arep nggoleki ibune sing dadi dhokter. Nilam ngeri ndelok para pasien lan maneka jinis penyakite.

Bubar mubeng-mubeng sawetara, ing tempat tidur pojok, Nilam kaget banget. Ing kono dheweke weruh Dina sing wis ora rupa. Ora salah maneh, kuwi Dina. Akeh selang lan kabel temanceping ing awake. Nilam langsung nelpon omahe Dina.

"Halo, Niki dik Nilam dede, nggih?" Ibune Dina kethoke kuwatir.

"Nggih. niki sinten, nggih?"

"Niki ibukipun Dina. Dik, Din ..., "swarane kepedhot.

" Bu, samenika Dina wonten ing Sardjito. Kecelakaan, parah. Cepet tindak mriki, nggih., Bu!" "Oalah, Gusti.....," banjur telpon diselehake lan age-age menyang Sardjito.

Ibune Dina banjur ngeling-eling kedadeyan mau esuk. Kaya adat sabene, Dina mesthi kesusu menawa arep mangkat sekolah. Dheweke, dina iki uga arep ngurus pertukaran pelajar neng Australia.

Ing ndalan, Dina ngebut, wedi telat. "Pisan iki aku tenan-tenan ora enthuk telat," batine Dina. Jam pitu bakal ana pengumuman lan daftar ulang kanggo para siswa sing melu pertukaran pelajar ing Australia. Aku mesthi bisa, mengkono pambatine Dina.

Ora, iki mesthi salah. Iki salah. Mesthine aku sing kapilih melu pertukaran pelajar ing Australia. Dudu Nilam lan Bowo. Aku sing enthuk biji paling dhuwur. Aku sing pinter ngarang nganggo basa Inggris. Ora bisa ngene. Aku kudu takon karo Bu Sri, guruku BK.

"Kowe pancen sing paling pinter lan bener, Dina. Nanging fotokopi sertifikat lan surat ijin wong tuwamu kang ora lengkap. Dadi, ya, piye maneh. Kowe ora duwe wektu ketemu aku konsultasi amarga kudu bola-bali mbenakke proposalmu, ta. Wedi ngganggu kowe, aku ora kepenak njaluk wong tuwamu nyepakke fotokopi sertifikat lan surat ijin. Wis ora papa. Isih ana liyane. Ditrima wae, ya. " Bu Sri, guru sing paling cedhak karo aku, sing kerep nulungi aku babagan sekolah. Ning ngapa, kok, saiki kaya ora nggategke aku maneh.

Dina iki pancen dina paling nyebahi. Sepisan, esuk mau Dina wis padu karo Ibu Kepindho Dina ora sida menyang Australia amarga telat numpuk foto kopi sertifikat lan surat ijin saka wong tuwa. Nanging, Bapak lan ibu ora gelem ngrewangi. Ketelu, ngadhepi Pak Edi sing wis ora gelem maneh ana urusan karo sing jenenge proposal Pentas Seni.

Kabeh kedadeyan mau marakake Dina tambah judheg. Kuwi kabeh mau sing njalari Dina mutung lan nggeblas lunga saka ngomah numpak sepedha motor, ngebut. Wusana dheweke ngalami kacilakan.

18 Agustus 2007. Ing rumah sakit, antaraning sadhar lan ora keprungu swarane Ibu kang nawani mangan Dina. Ora let suwe, Pak Edi teka tilik ngabari menawa ana sponsor kanggo kegiatan pentas seni, lan sorene keprungu Nilam kang ora lila menawa aku lunga. Dheweke kepingin aku ngrungokake critane. Nanging, bengi iku, Dina ora ngerti kenapa kabeh wong padha nglumpuk. Dheweke wis ora krasa lara meneh awake, kabeh selang wis dilolosi saka awake. Dheweke krasa entheng, kaya neng awing-awang.

Tanggal 19 Agustus 2007, ing sasana laya, bakdha dzuhur, langit mendhung. Dina sing nandhang kacilakan ora bisa ketulungan maneh. Kaya-kaya apa-apa kang digayuh wus muspra sakabehane. Nganti uripe uga ilang mbarengi acluming cayane kang gela marang dina-dinane. *"You'll get nothing if you are not thanks to everything you have, even the smallest or the worst." S'egarar tout, Precisement regretter.....*



Kinanti Octavian Alif, siswa SMAN 11,
Jalan: A.M. Sangaji no.50, Yogyakarta.
Lair 24 Oktober 1990. Alamat omah,
Kromodangan, Lumbungrejo, Tempel, Sleman,
Yogyakarta. Telepon (0274) 7855263.
Hobi: maca, nonton film.

KENAPA AKU KUDU MELU KOWE

Suryani Yulianti

Dina sepisanan aku mlebu sekolah, sawise preinan sasuwene rong minggu. Atiku seneng amarga bisa munggah kelas XII. Ning, uga ana rasa getun jalaran aku ora sakelas karo maneh kanca-kanca akrabku. Aku banjur lungguh neng bangku larik nomer telu saka ngarep.

Kurang luwih wis telung dina aku neng kelas XII bareng kanca-kanca anyarku lan uga wis rumangsa seneng lan cocok karo kelas iki. Dina Senen iku, ora biyasane Bapak Kepala Sekolah mlebu kelasku.

"Murid-murid kabeh, saiki kowe bakal padha entuk kanca anyar. Iki Ana murid anyar pindahan seka Jawa Barat." Ngendikane bapak Kepala Sekolah. Bapak Kepala Sekolah banjur ngawe bocah kang ana neng njaba kelas. Ora let suwe ana cah wadon ayu rambute dawa lurus lan awakke kang lencir mlebu kelasku banjur ngadeg neng jejere Bapak Kepala Sekolah.

"Sugeng enjing rencang-rencang sedaya, nami kula Mayang Novita Putri, saged dipun celuk Mayang kemawon. Kula pindhahan saking Jawa Barat, nanging saged basa Jawi. Mugi-mugi kanca-kanca remen kekancan kaliyan kula."

Bocah wadon iku banjur lungguh neng sisih tengenku. Aku meh wae orang kedhep nyawang praupane kang ayu banget. Bel ngaso muni, nanging aku ora metu saka kelas. Saka rumangsaku ana uwong kang mara nyedhak sandhingku. Lamat-lamat keprungu suwara uwong nyebut jeneng.

"Mayang." Celathu menyang Mayang nganggo basa kang alus banget sinambi ngulungake tangan arep kenalan. "Wulan." Wangsulanku karo mbales nyekel tangane Mayang.

"Yang, kowe pindahan saka Jawa Barat nanging kowe kok bisa lanyah banget ngomong nganggo basa Jawa?" "Hahaha..... lah iya ta, wong aku lair neng Jogja. Sanajan kerep pindhah-pindhah omah amarga bapakku kerep ditugaske neng luar kota, aku tetep wae migunakake basa Jawa. Saiki Bapakku malah neng Singapura, dadi aku ndherek simbah. Simbahku asring ngendikani aku supaya ora ngglalekake kabudayan Jawa," wangsulane Mayang grapyak.

"Halah..... memper wae kowe pinter."

Aku karo Mayang banjur omong-omong ngalor ngidul, ora krasa sawise sawetara dina kekancanan, aku dadi cedhak karo dheweke. Kanggoku, dheweke bisa dadi kanca kang apik lan uga duwe pemikiran dewasa. Dheweke bisa gawe tentreming atiku nalika nandang prakara.

Mayang iku bocah wadon kang ora mung ayu nanging uga pinter. Buktine dheweke gampang srawung neng kelas iki. Kabeh pelajaran bisa dimangerteni kanthi cepet. Nanging aku bingung, ngapa dheweke ora gelem cedhak karo kanca-kanca liyane, saliyane karo aku.

"Yang, kowe ngapa tho kok sajakke ora gelem cedhak karo kanca-kanca liyane?" takonku ngati-ati."Hah o..... ora ngana, aku ki rak ya murid anyar, dadi aku wegah nek dikira SKSD. Eh aku neng kolah ndhisik ya?" wangsulane cepet-cepet.

Aku nangep ana sing didhelikake saka Mayang. Ngapa dheweke ora gelem kekancan karo bocah liya. Ngapa dheweke geleme mung cedhak karo aku? Pitakonan kabeh kuwi mubeng-mubeng neng utekku.

Sawijining dina, aku lunga karo ibuku menyang Malioboro Mal. Dumadakan wae mripatku kaya nyawang bocah kang tau dak kenal. Bocah kuwi ayu rambute dawa lurus.

"Mayang?" gunemku lirih."Sapa, Pit?" Ibu ndangu aku.

"Sanes sinten-sinten kok, Bu?" wangsulanku karo nyingidake rasa kaget. Ironing pikiranku isih kumlebat pitakonan sapa sejatine bocah wadon iku. Aku percaya tenan menawa bocah kuwi Mayang. Nanging yen kuwi pancen bener Mayang, kok gandengan karo wong lanang sing umur-umurane luwih tuwa, kepara kacek adoh saka dheweke. Dadi bisa digolongake *om-om*. Maneka warna pikiran sing ora-ora ngebaki utekku.

"Apa gek.... gek Mayang.....? Hah ora mungkin! Grenengku lirih tanpa sadar aku ngomong dhewe. "Pit, kowe ngomong karo sapa ta? Kok kawit mau sajake katon bingung?" "Boten wonten menapa-menapa kok Bu. Ibu sampun menapa dereng anggenipun blanja? "Uwis kok, Ndhuk. Ayo ndang bali sajake kowe kesel tenan." "Inggih Bu, kula dherekaken."

Esuk kuwi aku menyang sekolah kanthi. Atiku bingung, deg-degan amarga Mayang wis lungguh neng jejerku. Ironing ati tansah perang batin, nanging Mayang kudu tetep daktakoni. Timbangane pikiranku ora

jenjem.

"Yang, apa kowe wingi lunga neng Malioboro Mal?" takonku ati-ati. Mayang katon kaget krungu pitakonanku. Dheweke banjur ambegan landung lan miwiti omong.

"Iya, aku wingi pancen neng Mal."

Jleg... dadaku banjur sesek krungu omongane Mayang mau. Tegese bener, bocah wadon kang dakdelok wingi pancen dheweke. Nanging karo sapa? Bapak? Ora mungkin. Mayang wingi ngomong menawa bapak neng Singapura.

"Aku ngerti apa kang ana neng pikiranmu, kowe mesthi ngira aku 'kupu-kupu malam', ta?"

"Nanging pikiranku kleru ta, Yang?"

"Kowe ora kleru Pit, apa kang ana ing pikiranmu sanyatane."

Aku meneng lan ora bisa ngomong apa-apa maneh. Pikiranku buyar, dadaku sesek, aku ora nyangka Mayang kang dak kenal, pranyata ora luwih kaya kang diomongke uwong-uwong, "kupu-kupu malam".

"Nanging ngapa kowe kaya mangkono, Yang? Yen ndelok materi, dak kira kowe bocah kang cacukupan. Kowe ayu, pinter lan aku yakin akeh cah lanang kang tresna lan ngoyak-oyak kowe!"

"Kawigaten lan pergaulan." Swasana temen-temen sepi nyenyet, banjur dheweke ngomong maneh. "Aku pancen nduweni kabeh kang kokomongke mau, nanging aku ora entuk kawigaten saka bapak lan ibuku. Panjenengane sibuk marang pegawean, nganti lali karo anakke dhewe. Banjur pergaulan neng Bandung, kowe ngerti piye kahanan Bandung ta, Pit? Wiwitane aku uga wegah nindakake kabeh iki, nanging suwe-suwe aku mikir.

Aku wegah narima dhuwit saka wong tuwaku maneh. Aku pengin nuduhake marang wong tuwaku yen aku bisa urip tanpa pambiyantune. Aku wegah ngathungke tangan terus." omongane Mayang tandhes. Aku ora ngerti dalan pikirane Mayang. Dina iku udan, langite pateng, wit-witane katon seger kesiram banyu udan. Sajake alam ngerti kahananing atiku.

Dina kalawan sasi lumaku cepet. Ora krasa ujian ming kari ngetung dina. Saliyane kudu sinau kanthi tenanan, aku uga kudu ngrampungake administrasi sekolah. Mau bengi wis dakaturke ibu, nanging ibu ngendika durung kagungan dhuwit. Aku bingung, amarga yen durung mbayar, tetep ora bisa nampa kertu ujian.

Aku lungguh dhewekan neng taman sekolah.

“Pit, ana apa?” pitakonane Mayang. Swarane Mayang mbuyarke pangangen-angenku. Sanajan wis ngerti sapa sejatine Mayang, nanging aku tetep isih kekancan karo Mayang. Iki kang daksenengi saka Mayang. Dheweke bisa maca pikiran menawa atiku lagi ora tentrem.

“Ora ana apa-apa kok, Yang.”

“Orasah ngapusi. Kawit mau daksawang kowe katon bingung. Crita wae ora papa!” Aku meneng sedhela, awan kuwi langit katon endah. Hawane pas, ora panas nanging uga ora adhem. Mbaka sethithik dakwiwiti blaka..

“Yang, aku bingung... ujian wis arep diwiwiti. Nanging nganti saiki aku durung nampa kertu ujian amarga durung mbayar SPP.” Mayang meneng sawetara, banjur ngomong maneh kang gawe atiku kaget.

“*I have a good idea!* Aku duwe ide kang bisa nulung kowe!” omong Mayang karo ngguya-ngguyu. “Apa?” “Mm... Aku duwe kenalan wong-wong sugih. Sapa ngerti bisa nulungi kowe?” ngomonge kanthi semangat.

“Hah... Maksudmu aku dadi 'kupu-kupu malam' kaya kowe?” wangsulanku kaget. “Yeah... Paling-paling kowe mung dikon ngancani mlaku-mlaku. Kan lumayan duwite bisa kanggo bayar SPP. Kuwi rak niyatan kang apik. Ora ana klerune ta, Piye? Omongane Mayang mau banget nggawe aku kaget setengah mati, kaya anjlog saka gedung kang dhuwure 1000 meter.

“Yang, kokpikir aku bocah wadon kaya apa? Dakkandhani ya, sanajan aku cedhak lan kekancan apik karo kowe, nanging ora kudu aku dadi kaya kowe.” wangsulanku kanthi emosi. “Lha, kowe mung ngancani mlaku-mlaku, ora nganthi tumindak ala kaya mangkono. Lan maneh rak ya lumayan, mengko kowe bisa tuku klambi, nyalon, tuku sepatu. Ora mbayar!”

“Tetep ora. Aku iki wong Ngayogyakarta kang isih njaga adat ketimuran. Sanajan wong ora duwe, nanging aku tetep njaga ajining dhiri. Yen kepepet kudu kerja, dakupayakke golek gawean kang halal. Dudu kuwi sing dakbutuhke, aku arep nyuwun keringanan marang Pak Kepala Sekolah supaya bisa melu ujian. Ora daknyana kowe bisa ngomong mangkono. Pranyata kowe ora beda karo bocah wadon kang ora bener, kang senenge

lelungan karo *om-om*." omongku tandhes.

Aku ora sadar karo apa kang dakomongke marang Mayang, nanging saka pangiraku Mayang nesu banget, kepara tangan tengene meh ngampleng aku. Ning, age-age tangane ditarik. Aku banjur nglungani dheweke karo mlayu. Lamat-lamat keprungu suwarane Mayang ngundang aku.

Nanging aku tetep mlayu. Aku ora kuat maneh, atiku kagol banget. Dakakoni pancen kleru, ning apa kudu nganggo ngampleng aku. Ah, Mayang aku ngerti maksudmu kuwi apik, mung kurang pener. Aku ora bisa nampa pitulungan kang kaya mangkono.

Ujian wis rampung, Bapak Kepala Sekolah ngidini aku melu ujian sanajan durung mbayar SPP. Wis rong minggu aku ora dolan karo Mayang. Sawise kadadeyan iku, aku rada nesu dadi ngadoh saka sheweke. Atiku lara banget. Nanging aku ngrumangsani menawa egois, ora gelem ngapurani dheweke.

Awan kuwi nalika para siswa wis padha bali, aku banjur nggoleki Mayang. Wis dagoleki neng kelas, kolah, ruang guru, kantin, munggah mudhun, takon kana kene, nanging ora ketemu dheweke. Saka kadohan katon Mayang lungguh dhewe. Aku mlaku menyang taman saka sisih kiwa.

"Yang...!" omongku karo ngelus pundakke. "Wulan...?" wangsulane rada kaget. Aku nyawang mripate Mayang abang kaya bubar nangis, praupane katon lemes, nanging tetep katon ayu. Dhasare wong ayu, batinku.

"Yang, aku arep njaluk ngapura karo kowe." omongku lirih. "Ngapura kanggo apa? Kudune aku kang njaluk ngapura karo kowe, aku arep wae ngampleng kowe." "Lha kuwi, Yang. Yen aku ora ngomong kaya mangkono, kowe mesthi uga ora nesu lan ora bakal nganthi arep ngampleng aku. Kowe gelem ngapurani aku Yang?" omongku tenanan.

"Pit, kudune aku sing njaluk ngapura."

"Padha-padha, Yang. Aku uga kleru marang kowe."

Mayang banjur ngrangkul aku lan dheweke nangis sadadi-dadine. "Pit, aku ora bisa yen kowe ngadohi aku. Kowe kanca cedhakku. Lan aku ora ala kaya kang ana neng pikiranmu. Aku mung ngancani mlakum-luku karo wong-wong kae, aku....." omonge Mayang maneh. Durung rampung Mayang ngomong, banjur daksela.

"Sssttt... Sing wis ya wis, aku percaya marang kowe!" Mayang lungguh, banjur ndelokake aku kaya arep ngomong.

"Pit, mau bengi aku wis crita kabeh marang ibuku. Ibu kaget, nanging uga maklum. Ibu uga ngrasa kleru. Bapak lan ibu janji bakal maringi kawigaten luwih karo aku lan ora kerep neng luar negeri maneh. Panjenengane emut yen kurang maringi kawigaten. Aku seneng tenan bisa asring ketemu bapak lan ibu. Tur maneh aku saiki ora perlu mlaku-mlaku karo *om-om* maneh. Hahahaha...." omonge Mayang dawa.

Sepisan maneh aku krungu gumuyune Mayang. Rasane wis suwe banget ora keprungu gumuyune kang renyah iku.

"Wah apik kuwi Yang, aku melu seneng!" wangsulanku.

"Pit, aku akeh crita kowe marang ibu. Ibu ngekon kowe dolan neng omahku." "Iya gampang, bisa diatur kuwi." wangsulanku karo ngedhepke mripat. Wusanane, Mayang bisa dadi bocah kang saklumrahe maneh lan aku bisa njupuk akeh pelajaran saka Mayang.



Suryani Yulianti, siswa SMA N 10,
Jalan Gadean 5 Ngupasan, Yogyakarta.
Telepon (0274) 562458.
Lair 11 Juli 1990. Alamat omah, Jalan Ngasem no.38,
Yogyakarta. Telepon 085643807452.
Hobi: jalan-jalan, ngrungokke music, *nge-net*.

RAGAD

Paulus Paksi Inggil Lumaksita

Ora suwe meneh ujian nasional kanggo murid-murid SMP bakal kaleksanan. Kabeh wong tuwa wiwit repot nyiapake anake dhewe-dhewe supaya bisa entuk NEM sing apik. Malah ana wong tuwa sing ndhaftarke anake melu les neng pirang-pirang panggonan. Durung maneh akeh gladhi kanggo ujian kang dianakake SMA ngendi wae uga dimeloni para siswa merga dikon wong tuwane. Nganti bocah-bocah ora duwe wektu kanggo santai. Kepiye bocah kuwi bisa santai lha yen wektu sakjabane sekolah entek dienggo nglakoni kekepareane wong tuwane.

Ing jaman saiki kanggone wong tuwa menawa bisa nyekolahke putrane ing sekolah *favorit* ana rasa mongkog lan bisa umuk marang tangga teparo lan kanca-kancane. Dina Minggu sadurunge ujian, ibuku kerawuhan tamu Bu Bejo, Bu RT. Nalika kuwi, ibu lagi resesik ing mburi.

"Tulung ungakna tamune, Lang", ngendikane ibu. Tanpa ngomong apa-apa aku langsung nuju lawang. "Nuwun sewu, Mas Gilang. Napa ibu onten dalem?" takone Bu Bejo. "O, wonten, mangga pinarak, Bu."

"Kok njanur gunung panjenengan tindak rene, apa ana bab kang wigati?" mengkono pitakone ibu. "Aku arep nyuwun pirsisa sisan ngangsu kawruh bab UAN taun kepungkur", Bu Bejo takon sajak bingung. "Lha mangga wae menawa aku bisa biyantu", wangsule ibu. Anggone ngendika ibu karo Bu Bejo nganti setengah jam, nanging undering perkara isih durung kebukak. Ibuku banjur takon

"Sejatine piye ta, Bu, bijine keng putra?"

"Wiwit kelas siji nganti kelas telu bijine apik terus lho Bu. Malah klebu rengking sepuluh besar kelas terus." Mireng mengkono ibuku banjur nanduki.

"Yen mengkono sejatine rasa sumelang ngenani ujian ora perlu awit putra njenengan rak klebu bocah pinter. Ora-ora ya paling mlebu sekolah kutha." " Bu Bejo uga nyuwun donga pangestu ibu supaya putrane bisa lulus kanthi biji sing apik. Ibu ngendika menawa ora cukup mung donga nanging perlu uga nyiapake ati kanggo putrane lan wong tuwane. Apa meneh ibuku mireng pawarta saka kancane sing nyambut gawe ana ing

Dhinas Pendhidhikan menawa standar NEM taun iki mundhak. Dadi kabeh murid kudu luwih waspada.

Merga rumangsa anakke saiki sinau ana ing sekolah kang cukup kondhang ing kutha lan prestasine sing apik, Bu Bejo ora sreg karo pamanggihe ibuku. Yen miturut ibuku menawa standar biji mundhak mesthine soal-soal ujian digawe luwih gampang kareben akeh murid sing lulus lan entuk biji apik.

“Saumpama kuwi kedadeyan, awake dhewe mesthi luwih bisa wicaksana lan ngatur kepriye carane supaya ora salah milih sekolah.” Ibu nuli nyritakake pengalamane setaun kepungkur. Wektu kuwi aku bubar ngadhepi ujian nasional SMP. Ibu nimbali aku.

“Gilang, ibu lagi wae nampa kabar saka kancane menawa asiling ujian nasional taun iki bakal apik-apik, merga soale pancen digawe gampang. Mula kowe saiki nyoba milih sekolah sing ora klebu favorit. Piye?”

Krungu mengkono aku rasane lemes banget, nglokro. Apa impenku mlebu sekolah favorit sing dakidhamake wiwit ngancik kelas loro wingi bakal ora kaleksanan. Atiku kaya-kayane ora siap yen mangkono kasunyatane. Ibu banjur nerusake anggone ngendika.

“Ibu ora menging kowe duwe pengarep-arep mlebu sekolah favorit. Ning iki kabeh kanggo jaga-jaga yen bocah sing duwe biji padha kowe akeh, mangka bijimu ora patia apik. Coba saiki kokpikir dhisik. Ibu maringi kowe wektu telung dina.” Nanging kanggoku pitakone ibuku mau rasane kaya bledheg.

Karo ngenteni wektu telung dina ibu uga isih maringi pitutur marang aku. Menawa sing dingendikakake wingi jumbuh karo tujuwane ibu nyiapke aku saumpama NEM wis diumumkan.

“Heeh...ketoke kuwi dalan sing paling prayoga”, batinku. Lagi rong dina aku manteb mangsuli pitakone ibu. Aku matur, “Nggih sampun Bu menawi kawontenan mekaten dalem siap mlebet sekolahan ingkang mboten favorit.” “Wah aku rumangsa lega menawa kowe wis bisa nyiapake atimu saumpama bijimu ora bisa maksimal,” ngendika ibu karo puk-puk pundhakku.

Pasuryan ibu katon sumringah. Janjane ibu menggalihkake aku

tekan semono kuwi merga aku pas ujian dina kepindho aku kleru anggonesinau. Dadi ora pas karo jadwale, padha wae aku ora sinau babar blas. Krungu mengkono atiku dadi trenyuh banget, merga rumangsaku ibu nggatekake anggonku sekolah. Karo nggenteni pengumuman kelulusan lan metune biji, aku sing wis siap ati marang apa kang bakal kedadeyan, dijak ibuku pasrah lan donga.

Ora krasa ngancik wektu pengumuman kelulusan lan biji ujian. "Piye Ngger, rak ya wis siap ta? Aja lali karo pituture ibu, Ya," ibu takon sajake durung percaya. "Njih Bu, kula taksih enget."

Nanging ujug-ujug pangrasaku owah. Ora manteb. Mlebu regol sekolahan rasane ora kuwat. Aku sangsaya wedi ndeleng wali kelas ngasta tumpukan amplop lan kertas asiling ujian. Dakcoba ngenengake batinku nanging tetep wae ora kasil. Aku krasa yen wus ngapusi ibu. Getun rasane. Ibu banjur mlebu kelas nggenteni nampa surat saka wali kelasku lan mirengke pengarahane.

Dene aku nggenteni sinambi dheg-dhegan amarga bocah-bocah ora entuk mlebu njero kelas. Aku ora wani ndeleng ibuku. Pikiranku ora keruwan. Kringet adhem gembroyos ing awak. Wetengku mules.

Sawise wali kelasku rampung maringi pengarahan, banjur kabeh wong tuwa metu saka kelas. Langsung ibu maringke aku amplop sing ditampa mau. Ibu ngendika, "Gilang, bijimu apik, kowe bisa mlebu sekolah favorit kang kokimpekake." Krungu mengkono aku atiku *mak plong*, rumangsa lega tenan. Kaya-kaya donya kebak kabungahan kang ora winates. Ning ya aku isih durung bisa percaya yen aku entuk biji apik.

"Aku kelakon bisa mlebu sekolah favorit sing dakidhamake wiwit kelas loro wingi", batinku. "Maturnuwun Gusti. Menika wau klebet setunggaling berkah ageng sanget ingkang Panjenengan paringaken dhumateng kula." ora ana entekke olehku ngaturake panuwun ing ngarsanipun Gusti ingkang Maha Sae. Aku lagi ngrasakke wektu kuwi, menapa sing nate dingendikake ibu kabeh bener.

"Nek bijimu apik, kowe kari ndhaftar ana sekolah favorit. Ning nek ora kowe uga wis siap mlebu sekolah sing ora *favorit*". nyata menawa ibu wis mengalihake sing paling apik kanggo anakke.

Mireng critane ibuku mau, sajake Bu Bejo durung kebukak atine.

Piyambake isih rumangsa menawa putrane mesthi bisa lulus lan entuk biji apik. Mula wektu ibuku ngajak Bu Bejo kanggo nyiapake batin kaya sing wis dilakoni aku lan ibuku, Bu Bejo enggal nampik. Piyambake ora sarujuk karo ibuku. Malah Bu Bejo mangsuli ibuku

"Yen aku, prekara kaya ngono ora wigati. Sesuk wae, Bu, ngenteni bijine metu, lagi aku bisa mikir apa kang kudu daktindakake." "Ya yen kuwi dakwangsulake njenengan," ngendikane ibu karo mendhem rasa jengkel.

"Lha yen ngenani ragad priipun, Bu?" takone Bu Bejo.

"Nek kuwi gumantung sekolahe, nanging menawa pengin nglebokake ing sekolah apik mesthi ya butuh akeh. Sing penting awake dhewe kudu bisa ngecakake karo kahanan *ekonomi* kita. Aja nganti ngaya," ibu ngandharake sareh.

"Yen ngono ateges aku rasah kuwatir. Dhuwit warisan saka wong tuwaku rak ora kurang." "Ya sokur," ibu lirih mangsuli. "Sejatine panjenengan rencana nyekolahke keng putra ten pundi?" pitakone ibu sajak kepingin ngerti. "Gandheng anakku ya mung ontang-anting dheweke arep daklebokke neng sekolah kang nyata apik. Ana sekolah internasional ing kutha." Ibu rada kaget mireng rncanane Bu Bejo.

"Ning rak niku awis sanget ta, Bu?"

"Halah nggih mboten napa-napa. Bot-bote nggo anak, Bu."

Let sedhela Bu Bejo pamit uga isih nyuwun donga saka ibu. Kedadeyan tenan ngendikane ibu. Dina kapisan ujian tekan pungkasan soal-soale gampang kanggone para siswa SMP. Saking gampang nganti bocah-bocah padha enggal metu sakdurunge wektu ujian rampung.

Ing dina pungkasan ujian aku ketemu Rini, putrane Bu Bejo. SMP-ne Rini pancen jejer karo sekolahanku. Dina ujian sadurunge aku ora ketemu Rini awit ana kegiatan ing sekolahku tekan sore. Ndilalaha dina kuwi ana rapat guru dadi olehku mulih gasik. Aku lan dheweke lagi nunggu bis.

"Halo, Rin! Piye ujiane? Gampang ora?" pitakonku.

"Wah, gampang, Mas! Ngapa aku ndadak gladhi nggarap soal angel-angel ya yen soal ujiane mung gampang..he..he.." dheweke ngajak guyon, "mesthi aku isa nerusake neng sekolahan sing apik."

"Ya yen ngono aku melu seneng. Nyenyuwuna marang Gusti,

mesthi angen-angenmu dadi kasunyatan. Merga kabeh bisa wae kedadeyan. Kaya pengalamanku setaun wingi."

"Pengalaman piye, Mas?"

"Lho, apa wingi kowe ora dikandhani Ibu?"

"Ora ki, Mas. Ibuku ora crita apa-apa bab kuwi."

Bis sing daktunggu teka. Aku nuli ngandharake pengalamanku kaya sing dicritakake dening ibu wektu nampa tamu, Bu Bejo. Tekan omah meh jam rolas. Aku matur Ibu ngenani Rini. Ibu katon bungah mireng critaku. "Sukur, Ibu melu lega. Dongane Ibu disembadani Gusti."

Bengine aku didhawuhi Ibu nyaosake dhuwit arisan menyang daleme Pak Bejo amarga bapakku wis telat mbayar. Bapak nembe ngayahi tugas kantor neng njaba kutha dadi ora kondur kira-kira sewulan. Aku gage menyang daleme Pak Bejo. Nalika arep mbukak pager daleme Pak Bejo, aku krungu swara rame saka njero omah.

"Bune ki piye ta, wis dakelingke ping pira wae ya tetep ora manut! Dhuwit warisan saka bapakmu aja kokentekke nggo tuku rajabrana lan piranti paes sing ora perlu!" Keprungu swarane Pak Bejo sora.

"Ya ora apa-apa ta, Pakne! Dhuwit iki ya dhuwit-dhuwite bapakku dhewe. Ya sakkarepku ta arep dakapakke. Lha ngapa Bapak malah nggunakke dhuwit kuwi kanggo mbangun RT wae?" Bu Bejo mbales sajak ora trima. "Lho rak ya kuwi pesene bapakmu dhewe ta supaya dhuwit warisan dienggo mbangun RT-ne dhewe lan ngewangi warga kene. Kaya Bune ki ora ngerti wae yen brayate dhewe ya mung wong tani lan bakul. Bapakmu rak ya mbiyen RT neng kene ta," Pak Bejo menahi alesan.

"Yen kuwi padha wae Pakne ora nggatekke kabutuhaning urip awake dhewe. Saiki rak apa-apa....."Banjur keprungu ana wong kang ndodhog lawang.

"Kula nuwun..."

"Njih. Mangga."

"Nuwun sewu, Pak RT, bapak-bapak sampun sami rawuh dhateng bale. Arisanipun badhe diwiwiti," ature wakile Pak Bejo. "O, njih kula badhe ngrika," Pak Bejo ngendika karo isin. Basan keprungu ana wong kang mara tamu, aku age-age nyusul lan nyaoske dhuwit arisan bapak dhateng Pak Bejo.

"Wis ya Bune le padu. Isin karo tangga. Sesuk diomongke apik-apik wae," ngendikane Pak Bejo sisan pamit. Banjur aku mulih. Ibu dakcritani prastawa mau.

"Bu RT kae wonge geleme mung seneng-seneng thok. Wis ora dadi wadi yen dheweke gawene tuku barang sing larang-larang tur ora perlu. Wong kuwi ora hemat. Yen arisan ibu-ibu dheweke mesthi ngumukke barang darbeke sing anyar lan regane nyesekke dhadha," critane Ibu, "kuwi mbok menawa gawan saka cilik merga Bu Bejo anak ragil. Bapake Bu Bejo klebu wong sugih. Dene sedulure kabeh dadi wong sukses."

"Beda banget karo Pak Bejo. Priyayine ora boros. Coba delengna pit motore ora rega larang ta. Senadyan ta dheweke nesu-nesu mengkono, pribadine ngalah. Yen watese sabar wis kliwat bakal kedadeyan kaya sing kokrungokne mau," ibu nerusake critane, "sipat kuwi ya nurun ing Rini. Dheweke manutan lan kerep ngalah."

Kira-kira sesasi sawise ujian nasional biji diumumake. Bu Bejo karo mesam mesem tindak menyang sekolah diboncengke Pak Bejo. Rini uga melu. Sorene, udakara jam papatan, aku lagi maca koran neng teras omah. Jarene biji ujian siswa SMP dhuwur-dhuwur malah akeh sing sampurna. Apa meneh sing bijine dhuwur kuwi langsung ndhaftar ana sekolah apik ing kutha, utamane sekolah internasional.

"Pira ya bijine Rini?" aku isih penasaran. Saka njero omah ibu nimbali aku sajak pengen crita kang wigati. "Njih, Bu, wonten menapa?" takonku.

"Heeh, Lang, ibu lagi wae nampa telpon saka Bapake Rini.."

"Lajeng pripun, Bu?"

"Rini, bijine apik nanging akeh tunggale sing padha dheke."

"Lha lajeng dos pundi?"

Ibu terus crita menawa Bu Bejo lara sesege kumat merga ngerti bijine Rini mung pas-pasan. Pak Bejo karo Rini kepeksa nunggoni Bu Bejo neng omah sakit. Nanging jarene dhokter ing kono Bu Bejo wis oleh bali sorene. Ibu terus ngendika yen ora bisa niliki Bu Bejo. Ibu lan aku kudu bali menyang Sragen amarga eyangku seda awan mau.

Rong dina olehku menyang Sragen. Aku tekan omah wektu subuh ing dina Minggu. Esume bubar sarapan aku karo ibu arep tilik Bu Bejo.

Nanging Ibu malah dirawuhi Bu Bejo. Bu Bejo wis mari. Ibu nyuwun ngapura karo Bu Bejo awit ora bisa tilik nalika gerah.

Bu Bejo banjur crita menawa dheweke banget anggone bingung ngadhepi kahanan sekolahe Rini. Wis kabeh didol. Dhuwit warisan, pit motor, lan rajabrana, nanging tetep ora bisa nyukupi.

"Sejatine maksudku sowan mrene kepengin ngampil arta panjenengan. Njenengan rak ngertos menawa ora ana barang-barangku sing bisa dakandalake ing RT iki kejaba keluwarga panjenengan. Akeh wargane dhewe sing mung tetanen, dadi bakul bakso, lan dodolan iwak. Wong tanine rugi merga isih pakeklik. Dene saiki pawarta babagan *formalin* ing bakso lan iwak wis marakke bakul padha rugi. Aku nyuwun tulung tenan," pratelane Bu Bejo sajak ora duwe daya maneh.

"Dudu maksudku ora gelem ngewangi brayatmu. Nanging njenengan nika aneh kok. Aku rak wis weling wingi-wingi menawa awake dhewe kudu ngecakake ragad saemper karo kebutuhane dhewe. Paribasane kegedhen empyak kurang cagak. Aku ora saguh mbiyantu." Ibu emoh-emoh tenan senadyan Bu Bejo ngrayu kepiye carane. Bu Bejo nuli kondur karo nesu-nesu. "Aku wis ora butuh kawelasane wong kene. Elingana kuwi!"

Let pirang dina ing wayah sore ana rame-rame neng njaba. Kasunyatan wong-wong padha heboh ngomongke Bu Bejo. Jarene tangga ngarep omah, Bu Bejo sakeluwarga pindhah omah rong dina kepungkur. Sejatine Bu Bejo wis adol kabeh darbeke nanging ora nyukupi. Warisan arupa dhuwit sing gawene diumuk-umukke kasunyatan mung sethithik. Dhuwit sing dienggo tuku rajabrana lan piranti paes mung entuke ngutang saka *bank* Merga ora kuwat nyaur banjur omahe didol Saiki mesthi dheweke wis dadi mlarat.

Paulus Paksi Inggil Lumaksita, siswa SMA 3,
Jalan: Yos Sudarso 7, Yogyakarta.
Telepon (0274) 512856.
Lair 2 aret 1991. Alamat omah, Jalan Kakap 2/3
Minomartani, Ngaglik, Sleman, Yogyakarta.
Telepon (0274) 886388.
Hobi: maca.

KORUPSI

Wendri Sukmarani

"Kring....kring.....kring.....!" Bel tanda mlebu sekolah wis muni. Murid-murid padha mlayu gemrudug mlebu kelase dewe-dewe. Guru-guru wis padha siap ana ing kelase dhewe-dhewe.

Dina Setu iki kelas 3A ora kaya biyasane. Pelajaran Sastra Jawa esuk kuwi diwulang karo Pak Rohmat, Kepala Sekolah SMP Tumuju, amarga guru Pak Sukirman guru Basa Jawa kang biyasane mulang wis ora meneh mulang maneh ing sekolah kono. Murid-murid wis meneng, anteng ora ana kang wani obah amarga diwulang dening Pak Rohmat.

"Bocah-bocah wiwit dina iki, Sastra Jawa wis ora diwulang karo Pak Sukirman maneh, amarga Pak Sukirman wis pensiun." Ngendikane Pak Rohmat. Krungu katerangan mau, murid-murid pada gela.

"Bocah-bocah pelajaran sing diwulang Pak Sukirman wingi tekan ngendi?" pitakone Pak Rohmat. "Tembang macapat, Pak." wangsulane bareng-bareng. "Bocah-bocah tembang macapat kuwi ana pira jinise?" Murid-murid langsung anteng lan meneng klakep ora ana kang mangsuli.

"Rini, tembang macapat kuwi ana pira jinise?"

"E....e....e...m, wonten sedasa, Pak." Wangsulane Rini rada glagepen. "Lho, kok ilang siji. Sing siji ngglundung ing ngendi?" Murid-murid banjur ngguyu ger-geran. "Dadi jenise tembang macapat ana pira?" Pak Rohmat ngambali maneh.

"Wonten sewelas, Pak." Wangsulane murid-murid sora lan bareng. "Saiki menawa wis padha ngerti cacache sewelas, banjur tembang macapat iku apa wae?" Asmaradana, Dhandanggula, Durma, Gambuh, Kinanthi, Maskumambang, Megatruh, Mijil, Pangkur, Pocong lan sinom, Pak," Wangsulane Murid-murid.

"Bener banget. Sapa sing durung dong babagan tembang macapat?" pitakone Pak Rohmat. Murid-murid ora ana sing wani ngacung.

"Yo wis, nek wis pada jelas. Saiki Bapak arep nerangake babagan guru lagu lan guru wilangan. Guru wilangan yaiku akehing kecap utawa

suku tembang saben sak gatra.”

Lagi setengahe pelajaran. Ana salah siji Siswi sing tekon.

“Nuwun sewu, Pak. Wonten menapa kok Pak Sukirman pensiun dadakan. Kok, mboten pamitan kaliyan murid-murid.” Pak Rohmat langsung kaget, ora ngira yen arep ana pitakonan kaya mangkono.

“E...e... amarga yuswane wis sepuh dadi kudu pensiun.” Wangsulane Pak Rohmat rada gragapan. “Kula ngerti, Pak. Nanging wonten menapa kok, mboten pamitan.” Pitakone meneh salah sijining murid wadon.

“Ya... kuwi mbokmenawa dadakan dadi tanpa pamitan.” Pak Rohmat bingung arep mangsuli apa kanggo nanggapi pitakonan saka muride. Sasuwining Pak Rohmat meneng golek alesan kanggo mangsuli, keprungu bel tanda ngaso. Rada lega atine Pak Rohmat amarga ora sida mangsuli pitakonan mau. Murid-murid banjur mlayu metu saka ruang kelas. Muri-murid kelas 3A, pada nggoleki Bu Ndhari minangka guru BP SMP Tumiju.

“Nuwun sewu, Bu.”

“O...kene-kene, Nak. Mlebu wae,” wangsulane Bu Ndhari. Murid-murid pada mlebu lan lungguh. “Ana kawigaten apa kadingaren pada rame-rame teka rene. Apa ana sing kerengan?” pitakone Bu Ndhari.

“Mboten, Bu. Namung badhe nyuwun pirsaa.”

“Arep padha takon apa?”

“Badhe nyuwun pirsaa masalah Pak Sukirman, Bu.”

“Pak Sukirman!” Bu Ndhari kaget. “Injih, Bu. Menapa Pak Sukirman sampun pension. Nanging kenging menapa kok, mboten pamitan?” pitakone salah sijining murid.

“Apa kowe kabeh wis ngerti masalahe?”

“Dereng, Bu. Kula nyuwun pirsaa masalah Pak Sukirman amargi Pak Sukirman menika guru ingkang sae pituturipun lan tindhak-tandukipun. Dados menawi Pak Sukirman Dipun Pensiunaken menapa mboten rugi, Bu. Pak Sukirman menika rak satunggaling guru ingkang saged kangge patokan lan paring tuladha sae kangge murid-murid.” pitakone salah sawijining murid kanthi rada sora.

“Tak kandhani, sejatine masalah Pak Sukirman ora mung masalah

pensiun nanging Pak Sukirman iku dipecat saka SMP Tumiju." Wangsulane Bu Ndhari tandhes."Menapa Bu, dipecat!" swarane murid-murid bebarengan."Wonten masalah menapa ta, Bu?"

"Kowe ora perlu ngerteni nak, iki masalah lingkup para guru-guru." "Pantes, kula nate mrangguli Pak Sukirman dados ojek pit wonten peken." Tuture sartinah, murid kelas 3A. "Apa ojek pit ning pasar?" Bu Ndhari langsung kaget."Injih, Bu. Kala wingi sonten Ibu tindak dhateng peken kaliyan kula. Kula nyemerepi Pak Sukirman, nanging kula badhe nyelaki kok mangu-mangu."

Ora let suwi bel tanda mlebu muni. Murid-murid kudu mlebu ing kelase dhewe-dhewe. Sakbubare sekolah, ing kantor guru-guru nganakake rapat. Karo ngenteni Bapak kepala sekolah rawuh, Bu Ndhari lan Bu Endang nyiyapake materi kanggo rapat.

"Bu, Pak Sukirman sakniki kerja dadi tukang ojek pit ing pasar, wingi Sartinah murid kelas 3A weruh. Melas ya, Bu!" critane Bu Ndhari. "Mbok melasa kaya ngapa nek tindak tanduke kaya ngana, ya tetep pada wae." Wangsulane Bu Endang.

"Nanging, Bu. Menawa Pak Sukiraman nyigidake dhuwit bantuwan saka pamarentah kanggo siswa sing kurang mampu, kenapa Pak Sukirman ngojek pit neng pasar." Pitakone Bu Ndhari. "Ya... isa mawon, Bu. Artane kanggo kebutuha liya sing, ora ketara," Wangsulane Bu Endang.

"Ora nyana Pak Sukirman kaya ngono. Kamangka Pak Sukirman priyayine becik, solah bawane lan pituture bisa kanggo tuladha bocah-bocah." Kandhane Bu Ndhari getun."Kabeh uwong ora ketara. Njabane apik tur njerone kaya ngono." Sambunge Bu Endang.

"Kula kok durung percaya menawa Pak Sukirman nyigidake duwit bantuwan, Bu." "Bu Ndhari....Bu Ndhari, perkarane wis cetha. Kenapa Pak Sukirman ora rawuh ing sekolah pas arep dianakake rapat masalah bantuwan sekolah. Pak Sukirman sing beta duwite, ta." Tuture Bu Endang.

"Nanging Bu, Pak Sukirman ora rawuh rapat amarga ana alangan." Sambunge Bu Ndhari."Alangan menapa Bu. Nek wong wis salah kuwi mesti langsung mlayu saka kesalahane. Nganggo akeh alesan." Tuture Bu Endang nyenyengit.

"Kula sing melas, Bu. Pak Sukirman priyayine nrima. Mangkat sekolah nitih pit onthel tuwa saka Bantul menyang Yogya. Beda karo guru-guru liyane sing wis pada sampun nitih sepeda montor." "Ya... wis lah, Bu. Ora usah dipikir. Wong kuwi beda nyatane beda atine."

Bapak kepala sekolah rawuh langsung rapat diwiwiti. Jam wis nuduhake angka telu luweh limolas menit. Rapat masalah bantuwan lan keperluan UNAS wis rampung. Para guru padha ringkes-ringkes makalah sing kanggo rapat mau lan cepet-cepet bali. Pak Rohmat wis ana ing parkiran, nyenthelake tas lan buntelan kresak ing sepeda montore. Lagi wae pak Rohmat rampung nyenthelake, Pak Ruslan nabok gegere.

"We....!" Pak Rohmat kaget.

"Wah, montore anyar nggih, Pak. Mulane dielus-elus terus kaya ngelus-elus bojone." Sindire Pak Ruslan. "Ah, mboten, Pak. Niki anak kula sing tumbas," wangsulane Pak Rohmat karo isih ngelus-elus sepeda montore.

"Wah, malem minggu gek ndang kagem muter-muter kaliaan Bu Rohmat." Sindire Pak Ruslan. Pak Rohmat mung guyu kaku. "Oalah, Pak, Pak. Wong padha-padha wis tuwa. Ajeng niru gayane wong enom. Ya...wis ora jaman meneh," wangsulane Pak Rohmat karo geguyon.

"Nggeh, mboten menapa ta..., Pak. Kaliyan nglegakake penggalih," tuture Pak Ruslan karo nyetater montore. Pak Rohmat mung mesem.

Ing pasar, sore kuwi, Pak Sukirman katon isih gluprut awake ngangkat areng ana ing pasar. Kringete sing gembroyos lan rasa ngelak ora dirasakake.

"Pak...pak... areng sing teng ngarep sampun dipindhahi riki kabeh?" pitakone Bu Yayuk juragane areng. "Sampun, Bu. Sampun kula pindhah teng gudang," wangsulane Pak Sukirman karo ngelap Kringete sing gembroyos. "Niki, Pak. Kangge tuku rokok." Pak Sukirman nampani amplopan kuwi, banjur pamitan bali karo Bu Yayuk. Lagi wae pak Sukirman njupuk pit, keprungu swarane Pak Rudi ngundang.

"Pak....Pak sukirman!" Pak Sukirman enggal mlayu tumuju warung Pak Rudi. "Injih, Pak. Wonten menapa?" pitakone pak Sukirman. "Niki, wonten oleh-oleh kagem Pak Sukirman saking Kudus. Kaliyan

wonten titipan saking Pak Hendra kagem mbiyantu mbayar ragad omah sakitipun Deni," Wangsulane Pak Rudi karo ngulungi buntelan kresek lan amplop.

"Matur nuwun sanget, Pak. Malah kula mboten saged maringi Bapak napa-napa," Tuture pak sukirman karo nampani buntelan kresek lan amplop kuwi. "Oalah, Pak. Namung oleh-oleh biyasa mawon." Sambunge Pak Rudi. "Matur nuwun sanget nggih, Pak. Pun aturaken Pak Hendra matur nuwun. Kula namung saged ngrusuhi mawon," tuture Pak Sukirman.

"Mboten, Pak," wangsulane Pak Rudi.

"Kula wangsul rumiyin nggih, Pak," pamite pak Sukirman. "Mangga..mangga, Pak," wangsulane Pak Rudi. Sawise tekan ngomah, Pak Sukirman nyetandarke pit, banjur mlebu ngomah.

"Bu, Bu!"

"Ana apa ta, Pak?" pitakone Bu Sukirman.

"Iki lho, Bu. Aku mau ning pasar diparingi oleh-oleh saka Kudus karo Pak Rudi." Wangsulane Pak Sukirman. "Wah, enak iki, Pak." "Alhamdulillah, Bu. Rejekine awake dhewe saiki lagi gangsar. Soale bapak mau ngangkat areng, banjur karo Bu Yayuk diparingi arta," tuture Pak Sukirman.

"Pak, mau Bu Sarmi tindak mreng nagih kurangane Ibu teng warung wulan wingi." Wadule Bu Sukirman karo ndungkluk. "Pira ta, Bu, kekurangane?" pitakone Pak Sukirman. "Namung, tigang dasa ewu, Pak," Wangsulane Bu Sukirman. "Ya... kana Bu ndhang dibayar. Ndak selak dadi grojogan," tuture Pak Sukirman. "Nggeh, Pak," wangsulane Bu Sukirman.

"Bu aku ndhang gawekna wedang teh banjur tak adus supaya ora telat neng omah sakit. Aku arep nglunasi ragad operasine Deni," tuture Pak Sukirman. "Nggih, Pak." Wangsulane Bu Sukirman. Bu Sukirman banjur cepet-cepet nggawekke wedang teh anget sing kenthel lan rasane sedhep.

Lagi mentas wae Pak Sukirman rampung adus. Ana pegawe omah sakit sing teko.

"Kula, nuwun. Menapa menika ndhalem ipun Deni Setiawan?" pitakone pegawe omah sakit kuwi.

"O mangga-mangga, Pak. Lenggah mriki." Akone Pak Sukirman.

"Wonten kersa menapa njih, Pak?" Pitakone Bu Sukirman. "Badhe nyaosi kabar kawontenanipun Deni Setiawan, Bu." Wangsulane Pegawe omah sakit.

"Kadospundi kawontenanipun, Pak?" pitakone Bu sukirman karo mbrebes mili. "Menapa samenika sampun sae, Pak?" pitakone Pak Sukirman ngambali. "Mboten pak. Malah kawontenanipun sampun kritis. Bapak kalian ibu dipun aturi ngadep dhokter Wahidin samenika." Wangsulane pegawe omah sakit.

"Pripun niki, Pak?" swarane Bu Sukirman nangis karo ngoyogoyog tangane Pak Sukirman. "Prayoginipun Ibu lan Bapak, tindak mawon dhateng pangenanipun Dhokter Wahidin samenika. Cekap semanten mawon, kula pamit rumeyin," wangsulane pegawe omah sakit. "Njih, Pak. Mangga-mangga."

Pak Sukirman lan Bu sukirman banjur menyang omah sakit nemoni Dhokter Wahidin. Bu Sukirman wis pasrah, ora bisa ngapa-ngapa maneh kanggo slametake nyawane anake mung donga lan pasrah marang Gusti. Dheweke ndonga supaya anake ontang-anting iso diwenehi umur dhawa lan kasarasan. Tekan omah sakit, Pak Sukirman sakloron langsung nemoni Dhokter Wahidin.

"Kula nuwun..."

"Mangga-mangga, Pak mlebet." Pak Sukirman lan Bu Sukirman mlebu lungguh. "Kados pundi, Pak, kawontenanipun anak kula," pitakone Bu Sukirman. "Kawontenanipun putra Ibu lan Bapak samenika kritis. Kula sampun boten saget nangani malih."

"Menapa, Pak!" saute Pak Sukirman karo nggebrak meja.

"Kula nyuwun agunging samudra pangapunten, Pak. Sedaya ingkang pun lampahi menika pitulungan *medis*. Keadaannipun Deni Setiawan boten langkung sae nanging malah nguatosaken." "Pak, menapa boten woten malih pitulungan sing saget nylametaken anak kula, Pak?" pitakone Pak Sukirman.

"Kula nyuwun tulung Pak. Slametaken anak kula." Sambunge Bu sukirman karo ngelap uluhe sing pating dlewer. "Kula nyuwun ngapunten, Bu. Kula sampun mboten saget nangani malih, murukaken kahanan putra Ibu lan Bapak sampun koma."

"Menapa, Pak, koma!"

"Injih, Pak."

Bu Sukirman lan Pak Sukirman langsung nglokro kaya-kaya wis tanpa daya krungu wangsulane Dhokter Wahidin. Dheweke ora iso nrima kahanan sing dilakoni anake. Bayangan rasa getun lan gela terus munjer ning sirahe Pak Sukirman lan Bu Sukirman.

Lelara kangker otak sing disandhang Deni wis nyerang tekan syaraf otak. Pak Sukirman lan bojone saiki anane mung pasrah marang Gusti. Ning lungguhan ngarep ruangane Deni, Pak Sukirman lan Bu Sukirman lunguh dheleg-dheleg.

"Oalah, Pak, Pak. Kari sedelok maneh Deni lulus dadi sarjana, kok malah kudu nandhang kaya ngene?" grenenge Bu Sukirman karo nangis nggugruk. "Ya...wis lah, Bu. Mbokmenawa Gusti wis ngersakake Deni nandhang sing kaya ngene. Sak isa-isane dhewe kudu nrima kahanan ini." Wangsulane Pak Sukirman karo ngaras-aras rambute bojone kang nangis terus.

Ora let suwe, seko kadohan pak Sukirman kaya-kaya weruh pawongan kang wis ditepungi. Jebul pawongan mau Bu kang Ndhari sajake kemrungung anggone mlaku. Basan wis permana tenan, Pak Sukirman ngaruh-aruhi.

"Bu....Bu Ndhari, wonten menapa, Bu. Kok, kados kemrungung?" "Lho.... Pak Sukirman kok, teng mriki. Sinten sing gerah?" pitakone Bu Ndhari. "Kula nenggo anak kula. Menawi, Bu Ndhari niku wonten kawigatosan menapa kok teng mriki. Menapa wonten ingkang gerah?" pitakone Pak Sukirman karo mandeng Bu Ndhari sing katon ora jenak ditakoni.

"Menapa Pak Sukirman boten pikantuk kabar masalah Pak Rohmat." Wangsulane Bu ndhari karo mejet-mejet Hp-ne. "Lho... Pak Rohmat kenging menapa ta, Bu?" "Pak Rohmat, wau sonten kenging kacilakan. sabibaripun rapat wonten sekolahan. Tabrakan kaliyan mobil." "Samenika, kahananipun Pak Rohma pripun, Bu?" "Pak Rohmat langkung sae, nanging taksih mboten sadhar. Sepeda montoripun ringsek."

Pak Sukirman nuli pamitan karo Bu Sukirman arep niliki Pak Rohmat. Sanajan Pak Sukirman lagi nemahi kahanan anake lagi kritis lan dheweke diarani korupsi karo kanca-kanca guru, nanging Pak Sukirman ora nyimpen rasa mangkel.

Jam wis nuduhake angka 1, swara lamat-lamat jangkrik padha ngerik keprungu saka kamar-kamar omah sakit. Dumadakan Pak Romat sing durung sadar saka impene diundang karo wong lanang tuwa kang nganggo klambi putih.

"Rohmat...Rohmat, he....Nak Rohmat." Pak Rohmat kaget.

"Panjenengan sinten, Mbah. Kula namung nunut tilem teng riki." Wangsulane Pak Rohmat keweden.

"Kowe ora usah wedhi, karo aku Rohmat. wediya marang Gusti."

"Kula salah menapa, Mbah?"

"Kowe, kudu rumangsa menawa solah bawamu kuwi iso nyilakake awakmu dhewe, Rohmat." "Kula sampun damel kesalahan menapa, Mbah?" "Aduh, biyung Rohmat, Rohmat. Aku ora ngerti sakpiro gedhene paukuman sing bakal mbok trima saka Gusti mengko."

"Em...em...embah, kula nyuwun ngapunten. Wonten kesalahan menapa kula, Mbah" Wong tuwa mau gedhek-ghedek getun mangerteni sipate Pak Rohmat sing wis kebat kliwat.

"Rohmat, kowe wis dhuwe utang gedhe karo Sukirman. Kowe wis mitenah Sukirman. Dhuwit kang digawa Sukirman wis kok jupuk lan kok gunakake kanggo kesenanganmu. Sukirman kang becik bebudene mbok tibani awu panas. Kowe wis gawe dheweke kucem amarga mbok pitenah korupsi sanajan dheweke blas ora nate nglakokake pakaryan ala kaya ngono.

Sukirman kuwi tata kramane becik lan ora tau tumindhak ala kaya kowe, Rohmat." Krungu ature wong tuwa mau, Rohmat langsung ndhungluk nanging nguguk getun kepati-pati.

"Rohmat ngapa kowe nangis, ora ana gunane. Gusti kuwi maha adil, Tumindhak sing becik mesti dibales karo kebecikan nanging tumindhak sing ala mesti oleh balesan."

"Kula nyuwun ngapunten, Mbah. Kula sampun tumindak ala dhumateng Sukirman sing boten gadah kesalahan napa-napa." "Kowe, dhelengen kae Sukirman nunggu kowe ning ngarep lawang. Sukirman sakjane wis ngerti kowe sing njumuk duwit nanging sukirman trima meneng. Sukirman ora tau nduweni rasa ala marang kowe nanging kowe kok tega, apa meneh Sukirman lagi ngadepi anake sing lagi lara abot. Anake saiki

lagi koma." Ora krasa Pak Rohmat sadar langsung tangi gumegrah.

"Mbah...,Mbah...,Mbah...!"

"Pak....Pak Rohmat niki kula Pak Sukirman."

Pak Rohmat sadar langsung ngambung tangane Pak Sukirman.

"Wonten menapa niki, Pak?" ujure Pak Sukirman kacipuhan.
"Pak..., Pak Sukirman kula nyuwun ngapunten. Kula sampun tumindhak ala dhumateng panjenengan. Estunipun, ingkang mendhet arta sanes pak Sukirman naging kula. Kula nyuwun ngapunten, Pak. Saestu, saestu kula nyuwun pangapunten," wangsulane Pak Rohmat karo nangis ngguguk sinambi nyekel tangane Pak Sukirman kenceng banget.

"Sampun, Pak. Mboten menapa-menapa. Wiwit sepisanan kula mboten nate serik dhumateng panjenengan lan kula sampun maringi Pak Rohmat pangapunten." Sambunge Pak sukirman karo ngelus-elus gegere Pak Rohmat.

Para guru sing padha nunggoni ana ing sakiwa tengene tempat tidure Pak Rohmat banjur ngerti karo tingkah lakune Pak Rohmat sing ala kuwi. Kabeh kadurakan kewiyak disekseni para guru kancane Pak Sukirman. Dhumadakan Bu Ndhari nyronndhol mlebu lan ngabari Pak Sukirman.

"Pak, Pak Sukirman Deni, Pak, Deni."

"Wonten menapa Bu Deni ?" pitakone Pak Sukirman. "Deni sampun boten wonten Pak." Wangsulane Bu Ndhari karo krenggosan. Pak Sukirman langsung mlayu tumuju kamare Deni karo nangis lan gela ora iso meruhi lelakune anake.

Pak Sukirman lan Bu sukirman padha mlongo ora ngerti kudu kepriye. Wong loro kuwi padha kamitenggengen ora bisa nata ati ngadhepi kasunyatan kelangan anake lanang ontang-anting. Mung siji kang isa dirasakake Pak Sukirman lan bojone saiki. Pasrah marang kersaning Gusti.



Wendri Sukmarani, siswa SMA Taman Madya,
Jalan Pakuningratan no.34 A, Yogyakarta.

Telepon (0274) 517522.

Lair 7 Maret 1990. Alamat omah, Jetisharjo,

Jt II/ 555, Yogyakarta. Telepon 081802605515.

Hobi: nulis.

SAIYEK SAEKA PRAYA

Emiliana Jeni Kartika

Selasa esuk kuwi langite biru resik mratandani menawa donyan padhang kaya padanging atine Angga kang lagi nyiapke turnamen basket *spektakuler*.

“ Pokoke turnamen sesuk tim-ku kudu menang,” batine Angga . Efan lan Angga pancen kanca sak tim basket sekolah. Angga dadi ketuwa tim SMA Institut Indonesia. Tim basket SMA Institut Indonesia kondang juwara. Kekuwatane tim basket mau ora mung merga Angga, nanging kasengkuyung saka gedhene greget lan kaprigelane anggota tim. Ora mokal menawa tim basket mau wis kasil nampa pirangpirang penghargaan saka maneka warna lomba sekolah.

Wis lumrah manawa saben tim basket mesthi ana sing bisa diandelake supaya menang. Efan biyasane dipercaya dadi kapten tim amarga dheweke mumpuni lan prigel main basket. Dheweke tansah kasil menawa nglebokake bal ana ing ring .

Saka taun 2004 nganti 2005, tim baskete Angga wis entuk piala cacah 6 saka turnamen SMA ing Ngayogyakarta. Sanajan kondang, anggota tim ora banjur kumalungkung amarga isih kudu padha berjuang menangeke piala Wali Kota .

Tim basket mau sregep latiyane seminggu ping papat. Anggota tim basket ora tau padha nggresulo sanajan kesel banget. Kabeh mau amarga kepingin padha nggladi supaya tim basket luwih maju lan apik. Kayakaya uripe bocah-bocah mung mligi kanggo moncering tim. Anggone main basket kudu saiyek saeka praya utawa “kerja sama” antarane anggota tim siji lan liyane.

Dina Rebo, Angga entuk layang kang isine undangan turnamen *spektakuler*. Turnamen mau dianakake dina Minggu 12 Agustus 2007 ing GOR Balai Kota. Tim baskete Angga isih bisa latiyane telung minggu. Angga banjur ngabari Efan. Dheweke moro ing omahe Efan.

“ Kulanuwun,”

“Mangga. Ana apa ,Nggga,” pitakone Efan.

"Ngene,aku mau entuk undangan turnamen."

"Uwis mangkat wae. Terus anggone dhewe latiyane kapan,"

"Wiwit Kemis sore wae piye?"

"Yo wis, ora papa," wangsulane Efan.

"Ngoni wae, saperlune aku mung ngabari. Aku mulih dhisik," pamite Angga. "Ngatiati, Ya. Matur nuwun," wangsulane Efan.

Kemis sore, tim baskete Angga padha latiyane kanthi temenan supaya bisa menang ing turnamen. Kanggane tim, wektu telung minggu ora suwe dadi kudu matengake teknik-teknik maine. Efan sing dadi kapten kudu nuladani. Anggota liyane kudu sregep latiyane supaya bisa nuju ing tingkat Nasional.

"Kancakancaku kabeh, timme dhewe kudu bisa menang ing turnamen sesuk. Amarga turnamen sesuk sing nemtokake awake dhewe bisa klebu tingkat Nasional apa ora," omonge Angga. "Bener, apa sing diomongake Angga. Upamane menang sekolahane dhewe bisa kondang," Efan nambahi.

Dina kuwi bocah-bocah padha greget anggone latiyane. Kabeh padha kepingin menang ing turnamen. Sawise latiyane nganti rong minggu, anggota tim siap di tandingake. Nanging ora dinyana, dhilalah wong yen lagi cilaka, Efan sing diandelake ana ing tim nandhang kacilakan. Dheweke numpak sepeda montor tabrakan karo mobil nalika dheweke arep latiyane basket. Luwih genes maneh, Efan tiwas ana ing kacilakan mau.

Keprungu kabar sing koyongono, bocah-bocah banjur syok. Apa maneh turnamen kari seminggu. Angga lan anggota tim liyane mung bisa delegdeleg. Esuke nalika layatan, kabeh anggota tim basket padha teka. Kabeh sedhik kelangan kapten tim. Bapak Kepala Sekolah uga rawuh ing sareyan lan maringi pangaji-aji kanggo almarhum Efan amarga dheweke wis majokake tim basket SMA Institut Indonesia nganti tingkat spektakuler.

Dina candake, nalika latiyane, bocah-bocah padha ora semangat. Anggota tim ora yakin manawa sesuk bisa menang. Weruh kahanan sing koyo ngono, Angga nyoba nguwatake atine anggota tim basket. Nanging, amarga greget kang gedhe, tim basket mau bisa latiyane kanthi becik.

Ana kang ngganjel ing atine Angga amarga ana anggotane mesthi punjul siji. Dheweke kerep weruh Efan ana ing njeron barisan. Nanging kabeh anggotane ora bisa weruh. Nalika latiyane saben dinane, Angga mesthi

weruh Efan. Dheweke uga melu latiyen ing lapangan bareng kanca-kanca liyane. Nanging Angga ora ngagas kahanan kuwi. Dheweke mung yakin Efan durung bisa ninggalake tim. Efan isih bakal ngewangi tim.

Bengine, nalika Angga turu, Angga ngimpi ketemu Efan. Dheweke ngguyu karo Angga karo ngrangkul pundake Angga.

“Angga, kowe lan timmu aja nyerah anggone mbudidaya. Aku bakal ngewangi tim. Aku uga ora kepingin tim baskete dhewe kalah ing turnamen,” pesene Efan. “Insy Allah time dhewe bisa menang, Fan,” wangsulane Angga.

Nalika diajak salaman, wujud Efan banjur ilang. Angga tangi karo ngelus dhadha Kanthi ngucap Istiqfar. Saiki Angga mudeng, ngapa mung dheweke sing bisa weruh arwahe Efan.

Esuke, bocahbocah isih padha latiyen kaya biyasane. Saya suwe anggota tim maine tambah apik. Amarga turnamen tinggal limang dina maneh, bocahbocah uga kudu njaga kesehatan supaya nalika tanding kabeh bisa melu.

“Umpama Efan isih urip, mesthi aku lan dheweke bisa main bareng kaya biyen. Mujudake impene bebarengan,” omonge Angga sajeroning ati. Pancen jasane Efan gedhe marang sekolah. Dheweke lan tim basket wis bisa njunjung jenenge SMA Institut Indonesia nganti kondang ing Ngayogyakarta. Mula ora gumun menawa biyen Efan dadi kebanggaaning sekolah. Nalika dadi kapten tim basket, Efan lan anggotane bisa mujudake kekompakan kang apik.

Dina pertandingan wis kawiwitan. Angga lan timme krasa semangat banget. Bapak Wali Kota uga mirsani pertandingan. Kahanane rame kaya pasar malem. Tim baskete Angga tanding karo tim basket SMA Purna Indah lan kasil menangkanthi biji 39 32.

Nalika pertandingan kaping pindho, timme Angga main karo SMA Sekar Jaya, juwara Piala Wali Kota 2006. Sanajan mungsuhe abot, nanging ora gawe ciliking ati anggota tim baskete Angga. Kabeh tetep padha semangat.

Ing babak sepisan, tim basket SMA Sekar Jaya luwih unggul bijine 19 17. Nalika Angga pemain liyane padha bingung amarga kalah angka,

dheweke banjur meneng nglokro. Bocahbocah wis padha lemes amarga permmainane sengit. Angga banjur kelingan marang Efan. Dheweke ngundang jenenge Efan ing kjero ati.

“Efan, tulung ewangi timme dhewe. Aku njaluk tulung tenan, Fan. Amarga mung kowe sing bisa nulungi. Mreneya, Fan,” batine Angga.

Dhilalah ing tengahing pertandingan ana angin kang banter. Ngobatabitake umbulumbul kang ana ing lapangan. Sawetara kahanan bali anteng maneh. Ing antarane pemain basket, Angga weruh Efan. Dheweke ngadeg ing sak mburine lawang. Efan nguyu lan tangane ngawe-awe.

Atine Angga bungah. Pertandingan diwiwiti maneh. Sawise Efan teka, tim basket SMA Institut Indonesia bisa madhakake biji dadi 19-19. Anggota tim uga semangat maneh. Anggone main, Efan mlebu ing awake koncone dadi ora ana wong sing ngerti kajaba Angga.

Wektune pertandingan kurang 15 menit. Ananging tim SMA Institut Indonesia durung bisa nambah biji. Ing babak kelor, kabeh pemain padha kangelan nambah biji amarga permmainane imbang, padha apike.

Bale dioper mronomrene. Efan nyoba golek celah kang bisa diliwati. Angga lan timme uga nyoba ngewangi. Nanging, durung nganti tekan ring, bale wis kesaut mungsuhe. Kabeh padha ngupaya ngrebut lan nguasani bal.

Nalika wektune wis mepet, kabeh dadi kemrungsung. Nanging Efan lan Angga bisa nguwasani kahanan. Wong loro mau banjur kerja sama. Angga ngupaya ngrebut bal saka mungsuh. Bal wis pindhah ing tangane Angga banjur digiring nganti tekan ring. Ing cedhak ring mungsuh, Efan wis ngenteni operan bal saka Angga.

Angga bisa nglewati mbaka siji mungsuhe. Tekan ngarep ring, bal mau banjur dioperake Efan. Banjur Efan mlayu lan mumbul arep ngupaya nglobokake bal ing sajroning ring. Sing padha nonton mlongo nalika bal basket wis dioncalake. Bal mau durung gelem mlebu, nanging mubeng ing tengahing ring.

“Goooooooooooooooooooo.....,” bengoke anggota timme Angga bebarengan. Wektu iku uga, wasit ndamu sempritane mratandhani menawa pertandingan wis rampung. Tim basket Angga entuk biji tambahan.

Anggota tim basket SMA INSTITUT INDONESIA padha soraksorak. Kabeh bungah, amarga menang 21 19. Ora dinyana manawa tim baskete Angga bisa unggul saka SMA SEKAR JAYA sing wis kondhang kuwate. Tim basket SMA SEKAR JAYA banjur nyalami Angga lan anggotane.

Tekan wektu penyerahan hadiah, Bapak Wali Kota maju maringi piala penghargaan lan sertifikat marang Angga sing dadi ketuwa tim. Kabeh anggotane Angga uga padha dikalungi medali. Ora keru, Angga uga nyalami anggotane sing wis ngupaya kemenangan mau. Ora lali Angga matur nuwun marang pambudidayane Efan.

"Efan, aku ora bisa menehi apaapa. Aku mung bisa matur nuwun marang awakmu sing wis mbiyantu tim. Aku uga mung bisa ndongakake supaya kowe bisa tentrem ing kana lan entuk pangapura saka Gusti Kang Maha Kuwasa," omonge Angga.

"Aku uga seneng bisa weruh tim kang wis awake dhewe bangun menang ing pertandingan. Angga, welingku siji, kabeh aja padha nyerah anggone ngupaya. Lan aja lali ing tim kuwi kudu saiyek saeka praya," mangkono welingge Efan marang Angga.

Senen awan, kabeh anggota tim padha mara nyekar ing kuburane Efan. Kabeh ndonga kanthi kusyuk. Sawise ndonga, Angga banjur nyelehake medali lan rerencen kembang ing ndhuwur kuburane Efan. Kabeh mau kanggo tandha panuwun marang Efan saka Angga lan anggota tim



Emiliana Jeni Kartika, siswa SMA
Institut Indonesia 1, Jalan Miliran 15, Yogyakarta.
Telepon (0274) 563535.
Lair 4 Januari 1990. Alamat omah, Gondlayu Lor
Jt II/ 1219, Yogyakarta 55233.
Telepon 085643917648.
Hobi: renang, nyanyi.

KIDUNG MEGATRUH

Lucia Indranila Dian Kristiani

Esuk iki arep mangkat sekolah rasane kok wegah. Kanthi aras-
arasan aku neng kulah raup. Neng njero kamar ngilo, gandrik! Mripat kok
katon mbendhul gek semu ireng. Ah, mau bengi aku padu maneh karo
ibuku, lan kaya adat saben aku sing kalah. Nanging saiki ibu ngeplak raiku,
njalari aku mlayu neng kamar lan nagis.

Wiwit cilik pancen ngono, angger mentas didukani mesthi
ngundher neng kamar sing takkunci. Saka pamawasku sing saiki ibu kok
kebangetan, adate ki ora tau sing jenenge ngeplak mula, rasane kok kelara-
lara. Sawise nganggo seragam putih abu-abu, aku njupuk sarapan lan
takpangan neng njero kamar.

“Wulan! Wis jam setengah pitu, ayo gek mangkat!”

Luwah, aku wegah sekolah, apa maneh yen nganti kanca-kanca
meruhi mripatku sing mbendhul, mesthi tuwuh pitakon lan aku wegah
mangsuli.

“Dinten menika kula wegah sekolah, Bu” wangsulanku
nggondhok, kamangka aku ngerti, ibu ora bakal ngidini aku mbolos. Malah
wiwit cilik, sanajan lara mesthi didhawuhi mlebu yen larane ora pati
temenan, dadakan keprungu ibu mbengok.

“Apa? Ora! Kowe kudu mlebu sekolah, apa ora mesakke ibumu
sing nungsi njempalik golek ragad kanggo nyekolahke kowe? Ayo
Wulan, lawange dibukak, Ibu arep rembugan!”

Sawise bapak seda watara setahun kepungkur ibu dadi pokoking
keluarga, lan sing nragadi sakabehing butuhanku, lan aku uga
ngrumangsani yen ora samesthing tumindak mengkene karo ibu. Nanging
apa ibu ora ngrumangsani, aku nganthi kaya ngene iki uga marga sikere ibu
marang aku, lha kok njaluk ngapura wae ora, njelehi!

“Mboten ah Bu, tinimbang wonten kelas mboten serius aluwung
mboten sah mangkat.” “Lawange dibukak dhisik, Ibu arep rembugan.”
Aku tetep meneng, mung nyawang roti ing piring tanpa mingset saka
lungguhku.”

Wulan, krungu ngendikane Ibu ta? Ayo lawange dibukak! "ibu saya mbengok kayane saya duka. " Yoh wis, yen kowe mbeguguk ora sah sekolah wae! Kuwi ta sing tok pengini? Ibu ora ngerti apa sing tok karepke! "

Ah, kena apa saiki ibu malah luwih galak marang aku? Kandhaku jroning ati. Aku mung bisa unjal ambefan, eluh ndlewer nelesi pipi. Wiwit ibu ketemu karo priya sing jenenge Om Wibisono, kang miturut ngendikane kanca kuliah mbiyen, ibu dadi kerep telat kundure. Sauger aku nyuwun prisa mesthi ana wae alasane.

" Lho, Ibu rak nglembur, utawa maneh Ibu nglakoni ngene iki kanggo kowe ta, nragati sekolah, les, lan nyukupi butuhmu liyane. " Yen ora ngono, alasan rapat dadakan ing kantor, pokoke ana wae alasane. Angger wis ngendika ngono, aku mung bisa meneng sanajan tuwuh pitakon apa bener sing dingendikakake.

Nganti wusanane, aku ngerteni tumindake ibu karo "kanca" priyane kuwi. Mesthi wae aku protes, apa iya ibu golek gantine bapak sadurunge setaun sedane? Saka wawasanku iku aneh. Lha yen dudu aku sing ngelingke, banjur sapa? Wong ya aku ki putrane, nanging manawa wis ngono, aku sing trima meneng banjur ngunci kamar, prasasat saben dina ngono kuwi terus.

Dina iki ya ngono, jarum jam nuduhake angka setengah sepuluh bengi. Njur ibu tindak ngendi? pitakonku jroning ati. Kala-kala takrasakake ibu wis ora nggatekke aku, luwih-luwih sasedane bapak. Kena apa saiki, nalikane aku mbutuhake penyengkuyunge ibu kanggo ngilangi kesedhihan ditinggal bapak. Temenan, ibu lagi kundur jam sewelas bengi, luwih wengi tinimbang wingi-wingi. Wusana takparani, nyuwun prisa kanthi semu mangkel,

" Saking pudi ta Bu, kok ngantos yah ngaten? "

" Wis ah, ibu wegah rame, kesel! " banjur ibu mlebu kamar karo mbanting lawang, ana apa?

Adate ora tau ngono kuwi, pancen wiwit cilik aku ora tau dimanja, sanajan aku anak tunggal awit diajab aku bisa mandhiri lan ora gawe repote wong liya. Nanging saiki aku krasa, ibu wis ora nggatekake aku lan iku njalari sedhih.

Bruk! Tas takuncalke kasur, jam nuduhake angka setengah papat sore. Adat saben, wayah ngene iki aku lagi gojeg karo bapak swargi. Lemari ruang tengah takbukak, kepingin nonton foto kenangan karo

bapak. Mripatku ketarik wungkusan cilik kang keselip ing album foto ngisor dhewe.

Alon-alon tak bukak, lhadalah! Jebul isine fotone ibu karo Om Wibisono, nanging ing foto iku luwih tuwa tinimbang foto-foto karo bapak, apa karepe? Keprungu suara mobil ing ngarep omah, pranyata Om Wibisono ngeterke ibu kundur. Malah priya iku sing mbukake lawang kanggo ibu. Dhadhaku seseg, aku benci nyawang kuwi. Nalika ibu mlebu kamar taksuwuni prisa,

“ Kok ngaten ta Bu, ndadak ngeterken Ibu, kula sampun matur yen mboten setuju Ibu sesambetan kaliyan priya menika “ “ Ibu ora bisa.” ngendikane alon, sajak ngampet muwun. “ Ibu kedah saged, sak menika Ibu milih kula menapa piyambakipun! “ “ Ibu ora bisa nglakoni, Ibu nresnani kowe lan Om Wibisono” saiki tangis ibu wutah.

“ Ibu mboten adil, piyambakipun kesangeten sampun ngrebat Ibu saking kula saha Bapak!” aku melu nangis. “ Nanging Bapakmu wis seda. “ “Nanging mboten ateges Ibu lajeng tumindak mekaten, sasampunipun kepanggih priya menika mboten nggatosken kula, kula benci piyambakipun Bu!” aku njerit karo nangis.

“ Wulan, rungakna, aku takkandha kang sabenere marang kowe, “ rasaku dadi dheg-dhegan, gek-gek ibu nedya njaluk palilah supaya aku ngidini bebrayan karo Om Wibisono, utawa aja-aja ibu wis mbobot? Ah, aku ora kena nduweni pikiran kaya ngono. “ Sajatine, Om Wibisono ki ya bapakmu kandung Wulan” ngendikane ibu kanthi suar geter. “

Me....na...pa? Mboten, lajeng menapa kersanipun Ibu?”

“ Iya, priya iku bapakmu tenan, “ ibu ngendika maneh, tangisku saya banter, banjur mlayu ninggalke omah. Ibu nimbali, nanging aku ora perduli. Eluh ndlewer saya deres. Panyawangku peteng, kayane aku lagi neng papan sing ora takngerteni.



Lucia Indranila Dian Kristiani, siswa SMA
Stella Duce 2, Jalan Dr. Sutomo 16 Yogyakarta.
Telepon (0274) 513129.

Lair 16 April 1989. Alamat omah,
Jalan, Harjo Sudiro 174 A Condong Catur, Depok
Sleman, Yogyakarta Telepon (0274) 882463.
Hobi: main music, renang, Kegiatan sastra

MBANGUN WAWASAN NULIS CERKAK

Imam Budi Santoso

Miturut penganggep sing wis anjrah lan salah kaprah mau, “nulis” cerkak kaya-kaya mung dianggep pakaryan gampang lan kasat mata. Jaragan kasunyatane, nulis cerkak ing endi wae padatane mesthi kaya ngono. Panulise ngadhep mesin ketik, utawa computer, utawa kertas folio, banjur nulis cerkak sing dadi angen-angene. Nulise ana sing rampung sejarm rong jam, sedina rong dina, nanging uga ana sing nganti minggon utawa sasen.

Hebate, ora ketang lakune mung kaya ngono, asil tulisane ora beda karo cerkak-cerkak liya sing nate kapacak dening majalah kalawrti basa jawa: Jaka Lodhang, Mekar Sari, Panyebar Semangat, Pagagan, Sempulur, lan sapanunggalane.

Tumrap para siswa sing lagi ajar nulis fiksi ing jagade sastra Jawa, pambuka ing ndhuwur ngemot pepeling sing kena kanggo sangu ngulir budi, mbudidaya bisane nulis cerkak sing: (1) enek kepenak diwaca, (2) nduweni bobot kausastran sing onjo, (3) murakabi tumrap bebrayan agung (masyarakat). Dene isine pepeling mau:

1. Tetembungan “nulis cerkak” sejatine kurang trep. Sing bener lan pener dudu nulis cerkak, nanging “nyipta cerkak” utawa gawe cerkak (membuat/mencipta cerkak).

2. Nulis cerkak mujudake perangan pungkasan yen dideleng saka proses nggawene cerkak. Tegese, nulis cerkak kanthi nggunakake computer, mesin ketik, utawa ditulis tangan ing kertas folio, kena diarani mung nglairake embrio crita sing wis mateng utawa tuwuh ngrembaka ing angen-angen. Sajroning nulis, gegambaraning crita sing maune isih abstrak banjur dirumpaka (ditata/dirakit/distrukturisasikan). Cethane, angen-angen mau ditulis (diwujudake) nggunakake basal an ukara sing wis dadi pakem paugeraning *genre* cerkak ing madyaning sastra Jawa.

Sabanjure, nglairake cerkak kang becik lan sampurna, ana babagan kang kudu diudi luwih dhisik. Yaiku: (1) “matengake” gegambaran kang wis nglumpuk ing angen-angen lan nemokake dhasar-dhasar esensi lan eksistensine kang gumathok, (2) penulis kudu nduweni bakat olah rasa, wawasan kasusastran, lan ketrampilan ngrakit basa Jawa sacukupe, (3) penulis kudu nduweni wawasan social budaya lan humaniora

(kamanungsan) kang samurwat supaya cerkake pantes diwaca lan murakabi bebrayan (dadi fenomena kabudayan).

Cekak cukupe, sajrone ngupadi dongeng, crita, apadene pengalaman pribadi mau, penulis kudu wani dadi "kranjang sampah". Wani nampa apa wae kanthi ati sing jembar, batin tinarbuka, lan pikiran padhang tetrawangan. Patrap mangkene iki uga bisa dipadhakake karo lelaku "nyelengi". Embuh duwene dhuwit mung satus rong atus, sewu rong ewu, dilebokake wae menyang celengan. Lan sabanjure pira isine celengan mau aja diangen-angen, lan prayoga dilalekake wae.

Kena apa mengkono, awit tekan titi wancine nulis (nglairake) cerkak sing wis ngebaki sirah, penulis bakal ngadhepi kahanan, alangan, lan kebutuhan kang manekawarna. Ebuh ngenani data, kasunyatan, pocapan, gegambaraning kahanan, uga factor-faktor liyane. Mula saka iku, nglumpukake pengalaman kang magepokan karo proses kreatif gawe cerkak, prayogane kudu luwih akeh tinimbang kebutuhan sing diperlokake mengkone.

Mula, sing kudu dicathet, dibundheli kenceng aja nganti kecicir, ajar gawe cerkak butuh pengalaman lan wawasan kang jembar lan manekawarna. Sebab, kayadene koki (juru masak) ing restoran-restoran gedhe, gawe cerkak uga mbutuhake bahan mentah kang pepak lan torah-turah. Trampil kaya ngapa, yen bahan mentah lan bumbune kurang, dheweke ora bakal bisa ngracik masakan sing marakake "goyang lidah".

Sepisan maneh, gawe utawa nyipta cerkak merlokake ketrampilan lan bahan kang cukup. Mula, sing jeneng sinau gawe cerkak prayogane diwiwiti saka kepriye anggone golek dongeng (crita) lumantar pengalaman-pengalaman urip kang maneka warna. Jalaran, cerkak ora beda karo "karangan bunga". Maneka warna kembang, gegodhongan, who-wohan, disawijekake. Ditata murih endah, nduweni roh, nemokake eksistensi anyar ing madyaning bebrayan, lan uga migunani tumrap zaman lan kamanungsan.

NULIS CERKAK KUWI KEPRIYE?

Dhanu Priyo Prabowo
Balai Bahasa Yogyakarta

1. Tema

Dalane nulis crita cekak akeh banget, nanging sing paling gampang diwiwiti kanthi ngagas bab tema. Tema asring disebut pokok bahasan utama. Ananging, kang dikareake ing ukara kasebut ora mung kaya mangkono. Tegese, tema ora dumadakan (ujuk-ujuk) anane, sing siap dijupuk sawayah-wayah dening pengarang crita cekak. Tema kudu disusun, dicipta, lan dirumusake. Wong sing arep nulis crita cekak disuwun kersaa mbukak pancadriane: pandelenge, pangrungone, panggrayange, pangambone, lan pangrasane.

2. Cara Nulis Gegambaran

Nulis cerkak iku butuh keprigelan carane nulis gegambaran (teknik penyajian lukisan). Dene carane, paling ora ana telu, yaiku (1) gegambaran apa anane (realistis), (2) gegambaran karikatural (nggedhek-nggedhekke utawa mbangetake prakara sing digambarake tundhone gambaran manungsa, kewan, alam, omah, lan sapiturute katon kebangeten (ekstri), (3) gambaran surealis (gambaran sing ora bisa dipisahke antarane pengalaman nyata lan pangimpen).

3. Struktur lan Tekstur

Satemene, crita (cekak) iku wewangunan saka asiling pamikire manungsa. Wewangunan mau kasebut struktur. Struktur katon ing susunaning alur. Alur nggambarake sinambunge lelakon/ kedadayan sing asipat *intregatif* lan wutuh. Kanggo mbangun struktur, unsure-unsure (perangane) siji lan sijine kudu padha sangkul-sinangkul (terangkai), bisa kanthi cara sing salaras utawa kanthi cara sing kosok balen (kontradiksi).

Isih akeh prakara sing bisa ditulis. Sing penting, kudu wani lan tansah sinau (apa bae) yen arep nulis crita cekak sing apik. Tegese wani, yen duwe gagasan dicathet, terus dibabar maneh miturut panjenengan. Aja wedi elek wog lagi sinau. Tanpa ana elek ora bakal ana apik. Sing pokok, dadi pengarang aja wedi dicacat, amarga panacat kuwi satemene sawijining kawigaten mirunggan saka pawongan liya tumrap kita.



Ngupaya kawruh luhur wus dadi wajibing manungsa nanging ora kabeh gelem age-age miwiti. Cerkak-cerkak kang kapacak ing antologi iki dadi salah sawijining bukti reka dawaning para mudha miwiti nyipta cerkak sawisa kagulang pasinaon ing Bengkel Sastra Jawa 2007. Ana kang wus nduweni kawruh lan seserepan ing donyaning sastra Jawa, nanging ana uga kang isih ngrambyang. Kabeh seserepan lan kawruh mau mawujud ing karya cerkak para siswa, ana kang isih 'njendhel' lan ana kang wus 'encet'. Katesnan, sesrawungan ing donyaning para mudha, gegayuhan marang pasinaon, lan masalah keluawarga katon cetha dadi pilihan tema.

Redaksi